KAJIAN FILOLOGI SÅHÅ PIWULANG *MORAL* WONTÊN *TEKS RATU INGKANG BOTÊN ADIL*

SKRIPSI

Dipunajêngakên dhatêng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
kanggé Njangkêpi Salah Satunggaling Sarat Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan

déning
Titik Ayuningsih
NIM 13205241007

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2017

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kajian Filologi sâhâ Piwulang Moral wontên Teks Ratu ingkang Botên Adil* mênikâ sampun angsal palilah saking *Dosen Pembimbing* supados dipunujèkakên ing pandadaran.

Yogyakarta, 09 Oktober 2017

Ingkang nyarujuki

Pembimbing,

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.

NIP 19610313 198811 2 002

PANGÊSAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kajian Filologi sâhâ Piwulang Moral wontên Teks Ratu ingkang Botên Adil* mênikâ sampun dipunandharakên ing pandadaran wontên sangajênging *Dewan Penguji* rikâlâ tanggal 13 Oktober 2017 sâhâ dipuntêtêpakên lulus.

DEWAN PENGUJI

Asmâ	*Jabatan*	Tapak Asmâ	Tanggal
Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.	*Ketua Penguji*	.....	20-10-2017
Avi Meilawati, S.Pd., M.A.	*Sekretaris Penguji*	.....	23-10-2017
Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.	*Penguji Utama*	.....	18-10-2017

Yogyakarta, 24 Oktober 2017
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Dr. Widyastuti Purbani, M.A.
NIP 19610524 199001 2 001

WÊDHARAN

Ingkang *tanda tangan* ing ngandhap mênikâ, kulâ:

Nâmâ : Titik Ayuningsih

NIM : 13205241007

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharakên bilih *skripsi* mênikâ sêratan kulâ piyambak. Samangrêtos kulâ, *skripsi* mênikâ isinipun dèrèng dipunsêrat dêning tiyang sanès, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kulâ pêndhêt minângkâ *acuan* kanthi adhêdhasar tâtâ-cârâ sâhâ *etika* nyêrat *karya tulis ilmiah* ingkang lumampah.

Sêratan ing wêdharan mênikâ kasêrat kanthi saèstu. Manawi kasunyatanipun kabuktèn bilih wêdharan mênikâ botên lêrês, bab mênikâ dados tanggêl jawab kulâ pribadi.

Yogyakarta, 09 Oktober 2017

Panyêrat

Titik Ayuningsih

NIM 13205241007

SÊSANTI

Sesungguhnya sesudah kesulitan itu ada kemudahan

(*QS. Al-insyirah:* 6)

Alon-alon, ngati-ati

(Bapak)

PISUNGSUNG

Linambaran pamuji syukur dhumatêng ngarsanipun Gusti Allah Swt., *skripsi* mênikå kulå pisungsungakên dhumatêng tiyang sêpuh kulå, Bapak Sadiman såhå Ibu Suminem, ingkang sampun paring panyêngkuyung, dongå pangèstu, béyå, såhå sih katrêsnan ingkang botên kénging dipunpindhakakên mênåpå kémawon, satêmah *skripsi* mênikå sagêd karampungakên.

PRAWACÅNÅ

Alhamdulillahirabbil'alamin, puji sokur konjuk dhumatêng ngarsanipun Gusti Allah Swt. ingkang tansah paring kasarasan, kawilujêngan, såhå *hidayah* dhatêng kulå, satêmah *skripsi* kanthi irah-irahan *Kajian Filologi såhå Piwulang Moral wontên Teks Ratu ingkang Botên Adil* sagêd karampungakên kanthi nir ing sambêkålå. Panyêrat ugi ngaturakên agunging panuwun dhumatêng sadåyå pihak ingkang sampun mbiyantu panyêrat anggènipun ngrampungakên *skripsi* mênikå.

Panyêrat ngaturakên agunging panuwun dhumatêng Ibu Dra. Hesti Mulyani, M. Hum, minångkå *dosen pembimbing skripsi* ingkang sampun kêrså paring bimbingan, piwulang, wêjangan, såhå pandongå dhatêng panyêrat satêmah *skripsi* mênikå sagêd dipunpungkasi kanthi saé. Salajêngipun, panyêrat ugi ngaturakên panuwun dhumatêng pihak-pihak ing ngandhap mênikå.

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M.Pd.,M.A. minångkå Rektor Universitas Negeri Yogyakarta periode 2008-2017 ingkang sampun paring wêkdal kanggé sinau wontên ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah mênikå;
2. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd. minångkå Rektor Universitas Negeri Yogyakarta periode 2017-2020 ingkang sampun paring wêkdal kanggé nyêrat *skripsi* mênikå;
3. Ibu Dr. Widyastuti Purbani, M.A. minångkå Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggèn kulå nyêrat *skripsi* mênikå;
4. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum. minångkå Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi palilah kanggé nindakakên panalitèn mênikå;
5. Ibu Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum. minångkå Dosen Pembimbing Akademik ingkang sampun paring piwulang såhå wêjangan nalikå ngangsu kawruh wontên ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah;
6. Bapak såhå Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh, piwulang, såhå wêjangan ingkang murakabi dhatêng panyêrat;

7. Bapak Agus Iryanto minângkâ *Staf* Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah sâhâ Staf Subag Pendidikan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun mbiyantu *administrasi mahasiswa* salaminipun ngangsu kawruh;
8. Petugas Perpustakaan *Muséum* Sânâbudâyâ ingkang sampun paring pambiyantu dhatêng panaliti saprêlu nindakakên panalitên tumrap *naskah Sêrat Dongèng Warni-warni* sâhâ *Teks Ratu ingkang Botên Adil*;
9. Tiyang sêpuh kêkalih sâhâ kangmas kulâ Suwarna, ingkang kulâ trêsnani, ingkang sampun paring panjurung sâhâ dongâ pangèstu, satêmah panyêrat sagêd mujudakên *skripsi* mênikâ;
10. Kâncâ-kâncâ Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2013 sâhâ kâncâ-kâncâ Pêngurus HIMA PBD FBS UNY ingkang sampun sukâ panjurung anggèn kulâ nyêrat *skripsi*;
11. Kâncâ-kâncâ *pejuang skripsi filologi* angkatan 2013 ingkang sampun sukâ panjurung, pambiyantu, tuwin kanggé kâncâ wawan pirêmbagan anggèn kulâ nyêrat *skripsi*;
12. Sadâyâ pihak ingkang botên sagêd kulâ sêbutakên satunggal mbâkâ satunggal ingkang sampun paring pambiyantu, pandongâ, sâhâ panjurung dhatêng panyêrat, satêmah *skripsi* mênikâ sagêd maujud.

Panyêrat rumaos bilih *skripsi* mênikâ dèrèng sagêd kawastan saé, jangkêp, mênâpâ déné sampurnâ. Awit saking mênikâ, sadâyâ pamrayogi sâhâ panyaruwé ingkang tumuju murih langkung saé, jangkêp, sâhâ sampurnaning *skripsi* mênikâ, tansah katampi kanthi bingahing manah sâhâ agunging panuwun. Sinaosâ *skripsi* mênikâ dèrèng sampurnâ, nanging panyêrat saèstu ngajêng-ajêng mugi-mugi *skripsi* mênikâ sagêd murakabi dhatêng sadayanipun. *Aamiin.*

Yogyakarta, 09 Oktober 2017

Panyêrat

Titik Ayuningsih

NIM 13205241007

PRATÉLAN ISI

kåcå

IRAH-IRAHAN i
PASARUJUKAN ii
PENGÊSAHAN iii
WÊDHARAN iv
SÊSANTI v
PISUNGSUNG vi
PRÅWACÅNÅ vii
PRATÉLAN ISI ix
PRATÉLAN *TABEL* xiii
PRATÉLAN CUPLIKAN SÅHÅ GAMBAR xv
PRATÉLAN CÊKAKAN xvi
PRATÉLAN LAMPIRAN xvii
PANDOM ÉJAAN xviii
SARINING PANALITÈN xix
BAB I PURWÅKÅ 1
A. Dhasaring Panalitèn 1
B. Undêraning Prakawis 5
C. Watêsaning Prakawis 6
D. Wosing Prakawis 6
E. Ancasing Panalitèn 7
F. Paédahing Panalitèn 7
G. Pangrêtosan Têmbung-têmbung ing Irah-irahan 8
BAB II GÊGARAN *TEORI* 10
A. *Kajian Filologi* 10
1. Pangrêtosan *Filologi* 10
2. Ancasing Panalitèn *Filologi* 11
3. *Objek* Panalitèn *Filologi* 12
a. *Naskah* 12

b. *Teks* 13
4. *Aliran Filologi* 14
a. *Aliran Filologi Tradisional* 14
b. *Aliran Filologi Modern* 15
5. Lampahing Panalitèn *Filologi* 15
a. *Inventarisasi Naskah* 16
b. *Deskripsi Naskah* såhå *Teks* 16
1) *Deskripsi Naskah* 17
2) *Deskripsi Teks* 18
c. *Transkripsi* 19
d. *Transliterasi* 20
e. *Suntingan* 21
f. *Terjemahan* 23
g. *Analisis Teks* 24
B. Piwulang *Moral* 24
C. Panalitèn ingkang Jumbuh 25
BAB III CÅRÅ PANALITÈN 29
A. Jinising Panalitèn 29
B. *Sumber Data* Panalitèn 30
C. Caranipun Ngêmpalakên *Data* 31
1. *Inventarisasi Naskah* 31
2. *Deskripsi Naskah* såhå *Teks* 31
3. *Transkripsi Teks* 33
4. *Transliterasi Teks* 32
5. *Suntingan Teks* 32
6. *Terjemahan Teks* 33
D. *Instrumen* Panalitèn 34
E. *Teknik Analisis Data* 36
F. Caranipun Ngêsahakên *Data* 37
BAB IV ASILING PANALITÈN SÅHÅ PANGRÊMBAGIPUN 39
A. Asiling Panalitèn 39

1. *Inventarisasi Naskah SDWW* såhå *Teks RBA* 39
2. *Deskripsi Naskah SDWW* såhå *Teks RBA* 43
3. *Transkripsi Teks RBA* 55
4. *Transliterasi* såhå *Suntingan Teks RBA*.....57
   a. Pandom *Transliterasi Teks RBA* 57
      1) Wujuding Aksårå Jåwå såhå Pasanganipun 58
      2) Wujuding Aksårå Murdå såhå Panyêratipun 60
      3) Wujuding Aksårå Swårå såhå Panyêratipun 61
      4) Wujuding Sandhangan 61
      5) Wujuding Aksårå Rékan 63
      6) Wujuding Tåndhå Diakritik ê, é, såhå è 63
      7) Panyêrating Aksårå hå ingkang Cêthå såhå hå ingkang Ampang 63
      8) Panyêrating Aksårå Têmbung ingkang Wandå Sapisan utawi Kaping Kalih Katutup Swantên *Konsonan Nasal* (ny), Wandå Salajêngipun Dipunwiwiti *Konsonan* (c) utawi (j).....64
      9) Panyêrating Aksårå (o) *Nasal* Dipunsêrat dados (å) 64
      10) Panyêrating Têmbung Dwilinggå.....65
      11) Panyêrating Têmbung Dwipurwå.....65
      12) Panyêrating Aksårå *Konsonan* ingkang Kasêrat Rangkêp.....66
      13) Panyêrating Aksårå (yå) Dipunsêrat dados Aksårå (hå) 66
      14) Panyêrating Aksårå *Kapital*.....66
      15) Wujud såhå Panyêrating Tåndhå Pamaos 67
   b. Pandom *Suntingan Teks RBA*.....68
   c. Asiling *Trasnsilterasi* såhå *Suntingan Teks RBA*.....68
   d. *Aparat Kritik* ing *Teks RBA*.....82
   e. *Ciri Khas* Sêrataning *Teks RBA* 92
5. *Terjemahan Teks RBA* 98

B. Pangrêmbaging Piwulang *Moral* ing Salêbêting *Teks RBA*.....113
   1. Piwulang *Moral* Gayutanipun Manungså dhumatêng Gusti 121
      a. Manêmbah dhumatêng Gusti 121

b. Tansah munjukakên raos sokur dhumatêng Gusti 126
c. Tansah émut dhumatêng Gusti 128
d. Nyênyuwun namung dhumatêng Gusti 131
2. Piwulang *Moral* Gayutanipun Manungså dhatêng Sêsaminipun ...134
a. Tulung-tinulung 134
b. Sêtyå ing janji 136
c. Tanggêl jawab 139
d. Tansah njagi tåtå krami 142
e. Wêlas-asih 146
f. Botên adil 148
g. Sawênang-wênang 152
3. Piwulang *Moral* Gayutanipun Manungså dhatêng Piyambakipun 154
a. Wantun 154
b. Narimah 156
c. Gampil mupus 159
d. Gampil dukå 162
e. Umuk 164
BAB V PANUTUP 167
A. Dudutan 167
B. *Implikasi* 170
C. Pamrayogi 171
KAPUSTAKAN 172
A. *Naskah* 172
B. Puståkå saking Buku 172
C. Puståkå saking *Internet* 175
D. *Aplikasi* HP 177
LAMPIRAN 178

PRATÉLAN *TABEL*

kåcå

Tabel 1: Panalitèn ingkang Jumbuh 26

Tabel 2: Tulådhå *Metode Terjemahan Harfiah, Terjemahan Isi* utawi *Makna,* såhå *Terjemahan Bebas* ing Salêbêting *Teks RBA* 34

Tabel 3: *Kartu Data* Asiling *Deskripsi Naskah SDWW* 34

Tabel 4: *Kartu Data* Asiling *Deskripsi Teks RBA* 36

Tabel 5: *Kartu Data Transliterasi* såhå *Suntingan Teks RBA* 36

Tabel 6: *Kartu Data Terjemahan Teks RBA* 36

Tabel 7: *Kartu Data* Piwulang *Moral Teks RBA* 36

Tabel 8: Bédanipun Katrangan saking *Katalog* såhå *Naskah SDWW* 42

Tabel 9: Asiling *Deskripsi Naskah SDWW* 43

Tabel 10: Asiling *Deskripsi Teks RBA* 47

Tabel 11: Bédanipun Manggålå Sêratan Aksårå Latin såhå Manggålå Sêratan Aksårå Jåwå 53

Tabel 12: Cathêtan ing Sajawining *Teks RBA* såhå Katrangan Sanès 54

Tabel 13: Wujuding Aksårå Jåwå såhå Pasanganipun 58

Tabel 14: Wujuding Aksårå Murdå såhå Panyêratipun 60

Tabel 15: Wujuding Aksårå Swårå såhå Panyêratipun 61

Tabel 16: Wujuding Sandhangan Swårå 62

Tabel 17: Wujuding Sandhangan Panyigêging Wandå 62

Tabel 18: Wujuding Sandhangan Wyanjånå 62

Tabel 19: Wujuding Aksårå Rékan såhå Panyêratipun 63

Tabel 20: Panyêrating Tåndhå Diakritik ê, é, såhå è 63

Tabel 21: Tulådhå Panyêrating (hå) ingkang Cêthå 64

Tabel 22: Tulådhå Panyêrating (hå) ingkang Ampang 64

Tabel 23: Tulådhå Panyêrating Têmbung ingkang Wandå Sapisan utawi Kaping Kalih Katutup Swantên *Konsonan Nasal* (ny), Wandå Salajêngipun Dipunwiwiti *Konsonan* (c) utawi (j) 64

Tabel 24: Tulådhå Panyêrating Aksårå (o) *Nasal* Dipunsêrat dados (å) 65

Tabel 25: Tulådhå Panyêrating Têmbung Dwilinggå 65
Tabel 26: Tulådhå Panyêrating Têmbung Dwipurwå 65
Tabel 27: Tulådhå Panyêrating Aksårå *Konsonan* ingkang Kasêrat Rangkêp....66
Tabel 28: Tulådhå Panyêrating Aksårå (yå) Dipunsêrat dados Aksårå (hå) 66
Tabel 29: Tulådhå Panyêrating Aksårå *Kapital* kanggé Nyêrat Aksårå Sapisan Têtêmbungan ingkang Gayut kaliyan Agami såhå Gusti.....66
Tabel 30: Aksårå *Kapital* kanggé Nyêrat Aksårå Wiwitaning Asmanipun Tiyang Jawi utawi Jêjuluk Pakurmatan.....67
Tabel 31: Wujud såhå Panyêrating Tåndhå Pamaos 67
Tabel 32: Asiling *Transliterasi Standar* såhå *Suntingan Standar Teks RBA* 70
Tabel 33: *Aparat Kritik Teks RBA* 82
Tabel 34: *Ciri Khas* Sêrataning *Teks RBA* 92
Tabel 35: *Kategori Ciri Khas* Sêrataning *Teks RBA* 97
Tabel 36: Asiling *Suntingan* såhå *Terjemahan Teks RBA* 99
Tabel 37: Sipat Saé såhå Awon *Tokoh Utama* ing Salêbêting *Teks RBA* 113
Tabel 38: Piwulang *Moral* ing Salêbêting *Teks RBA* 114

PRATÉLAN CUPLIKAN SÅHÅ *BAGAN*

kåcå

Cuplikan 1: Tanggal Panyêrating *Naskah SDWW* 41
Cuplikan 2: Nåmå Panyêrat *Naskah* såhå Papan Panyêrating *Naskah*.....42
Cuplikan 3: Irah-irahan *Naskah SDWW* wontên ing Kåcå i såhå ing Kåcå ii....49
Cuplikan 4: Samak Pérangan Ngajêng såhå Wingking *Naskah SDWW* 49
Cuplikan 5: Pérangan Dlancang ingkang Suwèk 50
Cuplikan 6: Pérangan Dlancang ingkang Têmbus Mangsinipun 50
Cuplikan 7: Rêngganging Larik (*Spasi*) ing Kåcå 1 51
Cuplikan 8: Manggålå Sêratan Aksårå Latin såhå Manggålå Sêratan Aksårå Jåwå 52
Cuplikan 9: *Kolofon Naskah SDWW*.....53
Cuplikan 10: Bédanipun Sêrataning *Teks RBA* ingkang Asli såhå Asiling *Transkripsi Teks RBA* Adhêdhasar saking Sêrataning Panaliti Piyambak 56
Cuplikan 11: Tulådhå Panyêrating Gantosing Kåcå såhå Angkaning Kåcå 56

Bagan 1: *Objek* Panalitèn *Filologi* 14
Bagan 2: Lampahing Panalitèn *Filologi* 30

PRATÉLAN CÊKAKAN

No. : Nomêr

SDWW: *Sêrat Dongèng Warni-warni*

RBA : *Ratu ingkang Botên Adil*

PUEBI : *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Indonesia*

lsp : lan sapanunggalanipun

QS. : *Al-Quran Surah*

Swt. : *Subhanahu wa ta'ala*

PRATÉLAN *LAMPIRAN*

Lampiran 1: *Naskah* Carik *Sêrat Dongèng Warni-Warni, Teks Ratu ingkang Botên Adil,* Nomêr *Kodeks* PB. C. 91, Kasimpên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå, Yogyakarta

Lampiran 2: *Transkripsi* kanthi *Metode Transkripsi Diplomatik, Sêrat Dongèng Warni-Warni, Teks Ratu ingkang Botên Adil,* Nomêr *Kodeks* PB. C. 91, Kasimpên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå, Yogyakarta

Lampiran 3: *Surat Izin Penelitian*

PANDOM ÉJAAN

Pandom *ejaan* ingkang dipunginakakên wontên ing *skripsi* mênikå wontên kalih, inggih mênikå pandom *ejaan* kanggé båså Indonesia såhå pandom *ejaan* kanggé båså Jawi. Pandom *ejaan* båså Indonesia sadayanipun ngginakakên *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Indonesia* (*PUEBI*). Wondéné pandom *ejaan* båså Jawi sakêdhik radi nyêbal saking *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (Balai Bahasa Yogyakarta, 2006), inggih mênikå tåndhå ê kanggé nyêrat *fonem* / ə / ungêlipun ê kados ing têmbung wêruh '*tahu*'; tåndhå é kanggé nyêrat *fonem* / e / ungêlipun é kados ing têmbung émut '*ingat*'; såhå tåndhå è kanggé nyêrat *fonem* / æ / ungêlipun è kados ing têmbung dèrèng '*belum*'. Sasanèsipun mênikå ugi tåndhå å kanggé nyêrat *fonem* / ɔ / ungêlipun å kados ing têmbung såhå '*dan'*.

Tåndhå sambung (-) (Balai Bahasa Yogyakarta, 2006), kaginakakên kanggé nyêrat têmbung andhahan, inggih kanggé milahakên antawisipun têmbung abåså Indonesia ingkang kawuwuwhan atêr-atêr dipun- såhå panambang –akên. Tuladhanipun inggih mênikå dipun-*sunting* såĥå dipun-*transliterasi*-akên. Irah-irahan *naskah* såhå pêthikan-pêthikan abåså Jawi ngginakakên *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* kanggé nggampilakên panyêratipun. Ananging, kanggé aksårå e ngginakakên tåndhå ê kanggé nyêrat *fonem* / ə /, tåndhå é kanggé nyêrat *fonem* / e /, ugi ngginakakên tåndhå è kanggé nyêrat *fonem* / æ /, såhå aksåŕå a (lêgênå) ngginakakên tåndhå å kanggé nyêrat *fonem* / ɔ /.

Sadåyå irah-irahaning buku ingkang kasêrat mawi aksårå Latin ingkang ngginakakên *ejaan* sadèrèngipun *PUEBI,* têtêp kasêrat mênåpå wontênipun murih têtêp kajagi aslinipun, ugi supados botên nuwuhakên salah tapsir. Kanggé irah-irahaning buku utawi *naskah* sêratan aksårå Jåwå kajumbuhakên kaliyan *PUEBI*.

KAJIAN FILOLOGI SÅHÅ PIWULANG *MORAL* WONTÊN *TEKS RATU INGKANG BOTÊN ADIL*

déning Titik Ayuningsih
NIM 13205241007

SARINING PANALITÈN

Panalitèn tumraping *naskah Sêrat Dongèng Warni-warni* såhå *teks Ratu ingkang Botên Adil* ngêwrat wolung ancasing panalitèn. Wondéné ancasing inggih mênikå: (1) *inventarisasi naskah SDWW,* (2) ngandharakên *deskripsi naskah SDWW,* (3) ngandharakên *deskripsi teks RBA,* (4) ndamêl *transkripsi teks RBA,* (5) ndamêl *transliterasi teks RBA,* (6) ndamêl *suntingan teks RBA,* (7) ndamêl *terjemahan teks RBA,* såhå (8) ngrêmbag piwulang *moral* ing salêbêting *teks RBA.*

Panalitèn tumrap *teks RBA* ngginakakên *metode* panalitèn *filologi* såhå *metode* panalitèn *deskriptif. Metode* panalitèn *filologi* dipunginakakên kanggé naliti *teks RBA* ingkang kasêrat mawi aksårå Jåwå carik. Wondéné *metode* panalitèn *deskriptif* dipunginakakên kanggé nggambarakên kawontênanipun *naskah,* ngandharakên lampahing panalitèn *filologi,* såhå ngandharakên isining *teks RBA. Sumber data* panalitèn mênikå inggih *naskah SDWW* såhå *teks RBA koleksi Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå Yogyakarta kanthi nomêr *kodeks* PB C. 91. Caranipun ngêmpalakên *data* ngginakakên lampahing panalitèn *filologi,* inggih mênikå *inventarisasi naskah, deskripsi naskah* såhå *teks, transkripsi teks, transliterasi teks, suntingan teks, terjemahan teks*, såhå *analisis teks.* Cårå *analisis data* ngginakakên cårå *analisis deskriptif. Validitas* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *validitas semantik.* Wondéné *reliabilitas* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *reliabilitas intrarater* såhå *interrater.*

Asiling panalitèn mênikå ngandharakên wolung bab. Kaping sapisan, asiling *inventarisasi naskah SDWW* ingkang kapanggihakên 7 *eksemplar naskah.* Salajêngipun, ingkang dados *sumber data* panalitèn mênikå inggih *naskah SDWW* kanthi nomêr *kodeks* PB C. 91 ingkang kasimpên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå Yogyakarta. Kaping kalih, asiling *deskripsi naskah* kawontênanipun taksih saé, sêratanipun taksih cêthå, såhå sagêd dipunwaos. Kaping tigå, asiling *deskripsi teks* ngandharakên tigang pérangan, inggih mênikå pambukå, isi, såhå panutuping *teks RBA*. Kaping sakawan, ndamêl *transkripsi teks* kanggé nglêstantunakên *naskah* mênikå. Kaping gangsal, asiling *transliterasi teks RBA* kapanggihakên 21 têmbung ingkang dados *ciri khas* sêrataning *teks RBA.* Kaping ênêm, asiling *suntingan teks RBA* kapanggihakên 15 têmbung ingkang dipun-*sunting* lajêng kasêrat ing *aparat kritik.* Kaping pitu, asiling *terjemahan teks RBA* kapanggihakên tigang têmbung ingkang dados cathêtan *terjemahan.* Kaping wolu, asiling ngrêmbag isining *teks RBA* kapanggihakên tigang piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhumatêng Gusti, manungså dhatêng sêsaminipun, såhå manungså dhatêng piyambakipun.

Pamijining têmbung: *kajian filologi,* piwulang *moral, teks RBA*

BAB I
PURWÅKÅ

A. Dhasaring Panalitèn

Masarakat Jawi gadhah mapintên-pintên kabudayan saking têtilaraning masarakat ing jaman rumiyin. Kabudayan mênikå wontên gayutanipun antawisipun satunggal *generasi* kaliyan *generasi* salajêngipun. Kabudayan inggih mênikå sadåyå gagasan, tumindak, såhå asiling karyå masarakat ingkang kêdah dipunkulinakakên lumantar asiling budi pakêrtinipun. Wondéné miturut Endraswara (2009: 3), kabudayan inggih mênikå asiling karyå masarakat ingkang awujud *abstrak* såhå *konkret.*

Kabudayan ingkang awujud *abstrak* såhå *konkret* mênikå kathah tuladhanipun. Wujud kabudayan ingkang asipat *abstrak* tuladhanipun *ide-ide,* gagasan-gagasan, *nilai-nilai, norma-norma,* paugêran, såhå gêgayuhan. Wondéné tuladhaning wujud kabudayan ingkang asipat *konkret* inggih mênikå tumindak, båsa minångkå saråna *komunikasi*, såhå *materi*. Kabudayan ingkang awujud *materi* tuladhanipun candhi, prasasti, gêgaman, såhå *naskah*.

Naskah inggih mênikå sêratan tangan utawi carik ingkang ngêwrat sadåyå pamanggih såhå pangraos minångkå asiling budåyå bångså ing jaman rumiyin (Baroroh-Baried, 1985: 54). *Naskah* utawi *manuskrip* mênikå ngêwrat bab manékå warni adhêdhasar wosing *teks*. Miturut Behrend (1990: x-xiii), *teks* mênikå ngêwrat jinis (1) *sejarah,* (2) såråsilah, (3) *hukum,* (4) ringgit, (5) sastrå ringgit, (6) sastrå, (7) piwulang, (8) Islam, (9) primbon, (10) båsa, (11) *musik*, (12) *tari-tarian,* (13) *adat-istiadat,* såhå (14) *lain-lain*.

Saking mapintên-pintên jinising *naskah*, wontên sapérangan *naskah* ingkang ngêwrat *teks* piwulang. *Teks* piwulang mênikå ngandharakên bab ajaran tiyang salèh, suci, såhå wicaksånå (Behrend, 1990: xi). *Naskah-naskah* ingkang ngêwrat piwulang antawisipun *Sêrat Nitipråjå, Sêrat Pambêkaning pårå Nåtå,* såhå *Sêrat Dongèng Warni-warni. Sêrat Dongèng Warni-warni* inggih mênikå salah satunggaling *naskah* Jawi ingkang kasimpên wontên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå Yogyakarta.

Adhêdhasar andharan ing nginggil, *naskah Sêrat Dongèng Warni-warni* ingkang salajêngipun dipunsêrat *naskah SDWW* dipundadosakên *objek* panalitèn. *Naskah SDWW* mênikå ngêwrat andharan kathahipun tigang *teks*. Wondéné urut-urutaning irah-irahan *teks*-ipun kasêrat ing ngandhap mênikå.

1. *Ratu ingkang Botên Adil* kasêrat saking kåcå 1-29.
2. *Cariyosipun Tiyang Mlarat ingkang tansah Sênêng Manahipun* kasêrat saking kåcå 30-87.
3. *Cariyosipun Tiyang Èstri ingkang Sêtya Tuhu dhatêng Bojonipun* kasêrat saking kåcå 88-134.

Saking tigang *teks* mênikå, *teks Ratu ingkang Botên Adil* (salajêngipun dipunsêrat *teks RBA*) ingkang dipundadosakên *sumber data* panalitèn. Wontên pawadan-pawadan tartamtu ingkang ndadosakên bilih *naskah SDWW* såhå *teks RBA* mênikå dados *sumber data* panalitèn. Pawadan-pawadan mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. *Naskah SDWW* mênikå kalêbêt *naskah* kinå (umuripun 85 taun, inggih mênikå kasêrat rikålå taun 1932), satêmah prêlu dipunlêstantunakên kanthi ngèlmi *filologi*.
2. *Naskah SDWW* såhå *teks RBA* mênikå dèrèng wontên ingkang naliti.
3. *Teks RBA* mênikå kasêrat ngginakakên aksårå Jåwå mawi båsa Jawi såhå kasêrat kanthi dhapukan gancaran, satêmah langkung gampil dipuntaliti tinimbang *teks* ingkang dhapukanipun sêkar.
4. *Teks RBA* ngandharakên bab piwulang *moral* ngéngingi tumindak saé såhå awon tumraping manungså ingkang sagêd dipundadosakên *alternatif wawasan* kanggé pårå masarakat, milå wigatos sangêt dipuntaliti såhå dipunbêdhah isinipun.

Salah satunggaling cårå kanggé ngrêmbag *naskah SDWW* såhå *teks RBA* inggih kanthi cårå panalitèn *filologi*. Miturut Baroroh-Baried (1985: 1), *filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang kaginakakên kanggé ngrêmbag andharan-andharan ingkang têbanipun wiyar ingkang gayut kaliyan bab båsa, kasusastran, såhå kabudayan. Panalitèn *filologi* mênikå salah satunggaling panalitèn ingkang ngandharakên *naskah* kanthi lampahing panalitèn tartamtu. Lampahing panalitèn *filologi* inggih mênikå *inventarisasi naskah, deskripsi naskah* såhå *teks*, alih tulis *teks, suntingan teks, terjemahan teks*, såhå *analisis teks.*

Adhêdhasar *inventarisasi naskah* kanthi *studi katalog*, kapanggihakên bilih *naskah SDWW* mênikå kasimpên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå kanthi nomêr *kodeks* PB C.91. Salajêngipun, *naskah SDWW* mênikå dipuntingali piyambak kawontênanipun wontên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå.

Saking ningali piyambak kawontênanipun *naskah SDWW* såhå *teks RBA* mênikå sagêd dipunmangrêtosi bilih *naskah SDWW* såhå *teks RBA* mênikå awujud *naskah* sêratan tangan ingkang dipunsêrat mawi aksårå Jåwå kanthi dhapukan gancaran, såhå ngginakakên båså Jåwi. Sasanèsipun mênikå, kawontênanipun *naskah* ugi taksih saé, såhå taksih sagêd dipunwaos.

Teks RBA mênikå awujud sêratan tangan utawi carik, ingkang kasêrat mawi aksårå Jåwå såhå ngginakakên båså Jåwi. Pramilå, kanggé nglêstantunakên *teks* mênikå kêdah dipundamêl alih tulis. Alih tulis ingkang dipunginakakên inggih mênikå kanthi cårå *transkripsi* såhå *transliterasi*. *Transkripsi teks RBA* mênikå katindakakên minångkå salah satunggaling upåyå kanggé nglêstantunakên *naskah SDWW* mliginipun *teks RBA* mênikå. Awit saking sêratanipun *teks RBA* mênikå mangsinipun sampun kathah ingkang têmbus ing dlancang walikipun, satêmah ndayani panaliti ngawontênakên *transkripsi* tumrapipun *teks RBA* mênikå. Sasampunipun ndamêl *transkripsi*, kalajêngakên ndamêl *transliterasi teks* minångkå salah satunggaling cårå kanggé mangrêtosi isining *teks* mênikå.

Sasampunipun ndamêl alih tulis *teks*, salajêngipun ndamêl *suntingan teks*-ipun. Ancasing ndamêl *suntingan teks* inggih mênikå kanggé nglêrêsakên såhå ngéwahi têmbung-têmbung ingkang lêpat. Salajêngipun inggih mênikå ndamêl *suntingan*, salajêngipun ndamêl *terjemahan teks. Terjemahan* inggih mênikå *alih* båså saking satunggal båså dumugi båså sanèsipun. *Terjemahan* ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih *terjemahan* saking båså Jawi dados båså Indonesia. Ancasing ndamêl *terjemahan teks* mênikå

supados isining *teks* sagêd dipunmangrêtosi déning sadåyå tiyang, mliginipun tiyang ingkang botên mangrêtos båså Jawi.

Sasampunipun ndamêl *terjemahan teks,* kalajêngakên ndamêl *analisis teks. Analisis teks* inggih mênikå ngandharakên isining *teks. Teks RBA* mênikå ngêwrat bab piwulang *moral,* mliginipun piwulang tumraping påra pangarså ngéngingi tindak-tanduk ingkang saé såhå awon. Kajawi saking mênikå, *teks RBA* ugi ngêwrat bab piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan tiyang dhumatêng Gusti, tiyang dhatêng piyambakipun, såhå tiyang dhatêng sêsaminipun. Pramilå, panalitén mênikå wigatos sangêt dipuntindakakên, mliginipun sagêd dipundadosakên pandom tumraping sadåyå masarakat. Salajêngipun, wosipun *teks RBA* ugi taksih murakabi ing jaman samênikå mliginipun sagêd paring *alternatif wawasan* tumraping sadåyå masarakat.

B. Undêraning Prakawis

Adhêdhasar dhasaring panalitèn ingkang sampun kaandharakên ing nginggil, kapanggihakên prakawis-prakawis ingkang prêlu dipunrêmbag. Prakawis-prakawis ingkang prêlu dipunrêmbag wontên panalitèn mênikå kados ing ngandhap mênikå.

1. Jinising *naskah* adhêdhasar wosing *teks*.
2. *Inventarisasi naskah SDWW.*
3. *Deskripsi naskah SDWW.*
4. *Deskripsi teks RBA.*
5. *Transkripsi teks RBA.*
6. *Transliterasi teks RBA.*

7. *Suntingan teks RBA.*
8. *Terjemahan teks RBA.*
9. Piwulang *moral* ing *teks RBA.*

C. Watêsaning Prakawis

Adhêdhasar undêraning prakawis ing nginggil, salajêngipun prakawis ingkang dipunrêmbag prêlu dipunwatêsi supados langkung *fokus*. Watêsaning prakawis ingkang dipuntaliti kaandharakên ing ngandhap mênikå.

1. *Inventarisasi naskah SDWW.*
2. *Deskripsi naskah SDWW.*
3. *Deskripsi teks RBA.*
4. *Transkripsi teks RBA.*
5. *Transliterasi teks RBA.*
6. *Suntingan teks RBA.*
7. *Terjemahan teks RBA.*
8. Piwulang *moral* ing *teks RBA.*

D. Wosing Prakawis

Adhêdhasar undêraning prakawis såhå watêsaning prakawis, milå sagêd dipunmangrêtosi wosing prakawis. Wosing prakawis wontên panalitèn mênikå kandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Kadospundi *inventarisasi naskah SDWW*?
2. Kadospundi *deskripsi naskah SDWW*?
3. Kadospundi *deskripsi teks RBA*?

4. Kadospundi *transkripsi teks RBA*?
5. Kadospundi *transliterasi teks RBA*?
6. Kadospundi *suntingan teks RBA*?
7. Kadospundi *terjemahan teks RBA*?
8. Kadospundi piwulang *moral* ingkang wontên ing *teks RBA*?

E. Ancasing Panalitèn

Adhêdhasar wosing prakawis ing nginggil mênikå sagêd kapêndhêt ancasing panalitèn. Ancasing panalitèn kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Ngandharakên *inventarisasi naskah SDWW.*
2. Ngandharakên *deskripsi naskah SDWW.*
3. Ngandharakên *deskripsi teks RBA.*
4. Ndamêl *transkripsi teks RBA.*
5. Ndamêl *transliterasi teks RBA.*
6. Ndamêl s*untingan teks RBA.*
7. Ndamêl *terjemahan teks RBA.*
8. Ngandharakên piwulang *moral* ingkang wontên ing *teks RBA.*

F. Paédahing Panalitèn

Asiling panalitèn mênikå kaangkah sagêd migunani tumraping påra pamaos. Paédahing panalitèn mênikå wontên ingkang *teoritis* såhå *praktis*. Paédah mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Paédah *Teoritis*

Panalitèn mênikå kaangkah sagêd dipundadosakên *alternatif wawasan* kanggé mbêdhah *naskah* Jawi kanthi ngêcakakên *disiplin ilmu filologi.* Kajawi saking mênikå, panalitèn *filologi* ugi dipuntindakakên minångkå upåyå kanggé ngandharakên *informasi* ingkang gayut kaliyan isining *teks RBA.*

2. Paédah *Praktis*

a. Asiling panalitèn kados tå *transliterasi, suntingan*, såhå *terjemahan* sagêd nggampilakên anggènipun mangrêtosi isining *teks RBA.*
b. Asiling *transkripsi* dipunginakakên kanggê nglestantunakên sêrataning *naskah SDWW* mliginipun *teks RBA* supados botên risak mênåpå déné ical.
c. Asiling andharan bab isining *teks RBA* saged nambah ngèlmi bab piwulang *moral* ingkang migunani tumrap tiyang sanès, mliginipun kanggé mangrêtosi piwulang moral ingkang gayut kaliyan tiyang dhumatêng Gusti, tiyang dhatêng sêsaminipun, såhå tiyang dhatêng piyambakipun.
d. Kanggé panaliti, panalitèn mênikå sagêd kaginakakên minångkå salah satunggaling pandom kanggé nglampahi gêsang ing madyaning masarakat.
e. Kanggé masarakat, panalitèn mênikå sagêd dipundadosakên sarånå kanggé mindhakakên grêgêt såhå kawigatosan dhatêng karyå tulis utawi *naskah.*

G. Pangrêtosan Têmbung-têmbung ing Irah-irahan

1. *Kajian filologi* mênikå kadhapuk saking kalih têmbung. Têmbung *kajian* atêgês asiling *telaah* utawi asiling naliti, såhå *filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang *objek* panalitènipun *naskah* såhå *teks.* Dados, *kajian filologi* inggih

mênikå asiling *telaah* ngéngingi ngèlmi ingkang *objek* panalitènipun *naskah* såhå *teks.*

2. Piwulang *moral* kadhapuk saking kalih têmbung. Têmbung piwulang ingkang atêgês pitutur, wêwarah, såhå *moral* atêgês tindak-tanduking manungså ingkang sagêd dados paugêraning gêsang. Dados, piwulang *moral* inggih mênikå piwulang ingkang gayut kaliyan tindak-tanduking manungså ingkang dados paugêraning gêsang.
3. *Teks Ratu ingkang Botên Adil* (*RBA*) mênikå kadhapuk saking sakawan têmbung. Têmbung "ratu" atêgês raja, têmbung "ingkang" têgêsipun sing, têmbung "botên" mênikå båså kråmå saking têmbung ora, såhå têmbung "adil" inggih mênikå botên pilih sih. Dados, *teks RBA* inggih mênikå *teks* ingkang ngandharakên tindak-tanduking raja ingkang botên adil tumraping pårå kawulå.

BAB II
GÊGARAN *TEORI*

A. *Kajian Filologi*

1. Pangrêtosan *Filologi*

Têmbung *filologi* kadhapuk saking têmbung Yunani, inggih mênikå *philos* atêgês '*cinta'* såhå *logos* atêgês '*kata'*. Pramilå, *filologi* têgêsipun '*cinta kata*' utawi 'rêmên wicantên'. Têgês mênikå lajêng ngrêmbåkå dados 'rêmên sinau', 'rêmên dhatêng ngèlmi', såhå 'rêmên kasusastran' utawi 'rêmên kabudayan' (Baroroh-Baried, 1985: 1). *Filologi* inggih mênikå salah satunggaling kawruh bab sastrå-sastrå ingkang kaandharakên gayut kaliyan bab båså, kasusatran, såhå kabudayan. Miturut Mulyani (2014: 1), *filologi* inggih mênikå salah satunggaling *disiplin* ingkang gayut kaliyan *studi* ngéngingi asiling budåyå (*buah pikiran,* pangraos, kapitadosan, *adat kebiasaan,* såhå *nilai-nilai* ingkang wiwit rumiyin dumugi samênikå taksih dipunginakakên déning masarakat).

Miturut Djamaris (2002: 3), *filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang *objek* panalitènipun *naskah-naskah* kinå. Wondéné miturut Sulastin-Sutrisno (1981: 8), ngandharakên bilih *filologi* mênikå wiyar sangêt *wilayah jangkauan*-ipun, amargi gayut kaliyan bab båså, kasusastran, såhå kabudayan satunggaling bångså. *Filologi* ugi sagêd dipunwastani ngèlmi bab båså såhå *studi* bab kabudayaning bångså-bångså ingkang gayut kaliyan bab båså, kasusastran, såhå agåmå (*Webster's New International Dictionary*, lumantar Sulastin-Sutrisno, 1981: 8).

Wondéné adhêdhasar sêratan ing *Groot Woordenboek der Nederlandse Taal* (lumantar Sulastin-Sutrisno, 1981: 8), *filologi* inggih mênikå ngèlmi bab

båså såhå kasusastrån satunggaling bångså. Fadli (lumantar Fathurahman, 2015: 13) ugi ngandharakên bilih *filologi* inggih mênikå *investigasi ilmiah* saking *teks-teks* sêratan tangan kanthi madosi *sumber*-ipun, *teks* aslinipun, sipatipun, såhå *sejarah* pangrêmbakanipun såhå panyêbaranipun *teks*. Salajêngipun, miturut Fathurahman (2015: 15), *filologi* inggih mênikå "*Philology is about reading manuscripts"*, têgesipun bilih *filologi* mênikå salah satunggaling ngèlmi ingkang gayut kaliyan maos *naskah*.

Saking sadåyå andharan mênikå sagêd dipunpêndhêt dudutanipun, bilih *filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang gayut kaliyan bab båså, kasusastran, såhå kabudayan ingkang dipunginakakên kanggé naliti *naskah-naskah* kinå. Pangrêtosan *filologi* dipunginakakên amargi panalitèn mênikå naliti *naskah* ingkang taksih sinêrat mawi aksårå Jåwå carik. Pramilå, kanggé ngandharakên wosing *naskah* mênikå kêdah dipuntindakakên lampahing panalitèn *filologi*.

2. Ancasing Panalitèn *Filologi*

Ancasing *filologi* dipunpérang dados kalih, inggih mênikå ancas ingkang umum såhå ancas ingkang mligi (Baroroh-Baried, 1985: 5). Ancasing panalitèn *filologi* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

a. Ancasing panalitèn *filologi* ingkang umum inggih mênikå:
1) mangrêtosi kabudayan satunggal bångså lumantar saking asiling sastrå, ingkang awujud lésan utawi sêratan,
2) mangrêtosi têgês såhå paédahing *teks* kanggé masarakat ingkang nganggit, såhå
3) mahyakakên *nilai-nilai* budåyå jaman rumiyin minångkå *alternatif* kanggé ngrêmbakakakên kabudayan.

b. Ancasing panalitèn *filologi* ingkang mligi inggih mênikå:
1) kanggé ndamêl *suntingan*,
2) kanggé mangrêtosi *sejarah* dumadosanipun *teks* såhå pangrêmbakanipun, såhå
3) ngandharakên *resepsi* pamaos ing sabên jamanipun.

Saking andharan ing nginggil mênikå, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun ngéngingi ancasing panalitèn *filologi* tumraping *teks RBA*. Ancasing panalitèn *filologi* tumraping *teks RBA* inggih mênikå kanggé mbabar *nilai-nilai* budåyå jaman rumiyin ingkang kawrat wontên ing salêbêting *teks RBA*, mangrêtosi têgês såhå paédah utawi ginanipun *teks*, mangrêtosi *sejarah* dumadosanipun såhå ngrêmbakanipun *teks*, ndamêl *suntingan teks* supados sagêd ndadosakên *naskah* ingkang rêsik saking sêratan ingkang lêpat, såhå asiling *terjemahan teks* sagêd dados sarånå kanggé mangrêtosi wosing *teks* tumraping sadåyå tiyang mliginipun ingkang botên mangrêtos båsså Jawi.

3. *Objek* Panalitèn *Filologi*

Sabên ngèlmi wontên *objek* panalitènipun piyambak-piyambak. *Objek* panalitèn *filologi* kapérang dados kalih, inggih mênikå *naskah* såhå *teks* (Baroroh-Baried, 1985: 3). Wondéné bab *naskah* såhå *teks* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

a. *Naskah*

Naskah inggih mênikå anggitan ingkang sinêrat tangan utawi carik ingkang taksih asli mênåpå déné ingkang sampun awujud salinanipun (Mulyani, 2014: 1). Wondéné miturut Djamaris (2002: 3), *naskah* inggih mênikå sadåyå sêratan tangan têtilaranipun tiyang rumiyin ingkang kasêrat ing dlancang, lontar, kulit kayu, såhå rotan. *Naskah* mênikå ngêwrat mawarni-warni bab ingkang mujudakên wohing kabudayanipun masarakat ing jaman rumiyin (Baroroh-Baried, 1985: 54). Dados, *naskah* mênikå awujud barang *konkret* ingkang sagêd dipuntingali såhå dipunmangrêtosi wujudipun.

Saking andharan ing nginggil sagêd dipunpendhêt dudutanipun, bilih *naskah* inggih mênikå têtilaraning jaman rumiyin ingkang awujud sêratan tangan utawi carik ingkang taksih asli mênåpå déné ingkang awujud salinanipun. Ananging, *naskah* ugi wontên ingkang dipunsêrat kanthi dipuncithak ngginakakên *mesin* ingkang salajêngipun dipunsêbut *naskah* cithak. Adhêdhasar pangrêtosan ing nginggil sagêd dipunmangrêtosi bilih salah satunggaling *objek* panalitèn *filologi* ing panalitèn mênikå inggih *naskah SDWW*. *Naskah SDWW* ngêwrat andharan kathahipun tigang *teks.* Andharan ngéngingi *teks* wontên ing salêbêting *naskah SDWW* sampun kaandharakên ing pérangan dhasaring panalitèn.

b. *Teks*

Objek panalitèn *filologi* sasanèsipun *naskah* inggih mênikå *teks. Teks* inggih mênikå prakawis ingkang kawrat ing *naskah* (Baroroh-Baried, 1985: 56). Miturut Mulyani (2014: 2), *teks* inggih mênikå rêroncéning têmbung-têmbung ingkang ngêwrat waosan kanthi suraos tartamtu utawi isining *naskah* utawi *muatan naskah* utawi *uraian* ingkang mahyakakên *informasi* ngéngingi kabudayan jaman rumiyin ingkang dipunadharakên kanthi wujud lésan såhå sêratan. *Teks* mênikå asipat *abstrak*, satêmah namung sagêd dipunpanggihakên wontên ing salêbêting *naskah* sasampunipun dipunwaos.

Teks kapérang dados kalih, inggih mênika *isi* såhå *bentuk*. *Isi* inggih mênikå ngêwrat *ide-ide* utawi *amanat* ingkang kaandharakên déning panganggit dhatêng pårå pamaos. Wondéné *bentuk* inggih mênikå cariyos ing salêbêting *teks* ingkang sagêd kawaos såhå sagêd dipungladhi miturut mawarni-warni *pendekatan alur, watak, gaya bahasa*, såhå sanès-sanèsipun (Baroroh-Baried, 1985:56).

Wondéné jinising *teks* kapérang dados tigå miturut *penjelmaan* såhå *penurunannya*, inggih mênikå (1) *teks* lésan (botên kasêrat), (2) *teks naskah* sêratan tangan, såhå (3) *teks* cithak.

Teks ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih *teks RBA*. *Teks RBA* inggih mênikå salah satunggaling *teks* ingkang wontên ing salêbêting *naskah SDWW*. *Teks RBA* mênikå awujud *teks* sêratan tangan utawi carik ingkang kasêrat mawi aksårå Jåwå. Båsså ingkang dipunginakakên wontên *teks RBA* inggih båsså Jawi ingkang kasêrat mawi dhapukan gancaran. Salajêngipun, ngéngingi andharan *naskah* såhå *teks* ingkang dados *objek* panalitèn *filologi* wontên ing panalitèn mênikå sagêd dipunmangrêtosi langkung gampil kados ingkang kasêrat wontên *bagan* 1 ing ngandhap mênikå.



Bagan 1: ***Objek* Panalitèn *Filologi***

4. *Aliran Filologi*

Ngèlmi *filologi* kapérang dados kalih *aliran*, inggih mênikå *aliran filologi tradisional* såhå *aliran filologi modern*. Wondéné kalih *aliran* mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

a. *Aliran filologi tradisional*

Aliran filologi tradisional inggih mênikå *filologi* ingkang nggatosakên *variasi naskah* mênikå mujudakên *naskah* ingkang *korup* (Baroroh-Baried, 1985: 2). Awit saking mênikå, *ahli filologi* ngginakakên pangraosipun kanggé

nêmtokakên *naskah* ingkang sagêd dipuntåtå såråsilahipun kanggé manggihakên waosan *hipotesis* ingkang dipunanggêp asli, utawi ingkang langkung cêlak kaliyan aslinipun (Baroroh-Baried, 1985: 2). Ancasing *aliran filologi tradisional* inggih mênikå kanggé manggihakên wujud asli *teks* (baboning *teks*) utawi ingkang langkung cêrak kaliyan wujud *teks* ingkang asli.

b. *Aliran filologi modern*

Aliran filologi modern inggih mênikå *filologi* ingkang nêdahakên bilih *variasi naskah* mênikå mujudakên *kreasi*-nipun panyalin (Baroroh-Baried, 1985: 3). *Varian-varian* mênikå dipunanggêp minångkå *kreatifitas* kanggè magrêtosi *teks,* nêgêsi *teks,* nglêrêsakên mênåpå ingkang dipunanggêp botên lêrês, såhå njumbuhakên kaliyan bab båså, såstrå, budåyå, agami, såhå *tata politik* ingkang wontên ing jamanipun. Ancasing *aliran filologi modern* inggih mênikå kanggé manggihakên *makna kreasi* ingkang wontên ing wujud *variasi*-nipun.

Adhêdhasar katrangan ing nginggil, *aliran filologi* ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih *aliran filologi modern*. Bab mênikå kajumbuhakên kaliyan ancasing *aliran filologi modern* ingkang wontên ing panalitèn mênikå, inggih mênikå kanggé mangrêtosi isining *teks RBA*, napsirakên *teks,* nglêrêsakên såhå kajumbuhakên kaliyan bab båså, kasusatran, såhå kabudayan (mliginipun bab piwulang *moral*).

5. Lampahing Panalitèn *Filologi*

Lampahing panalitèn *filologi* inggih mênikå *langkah-langkah* ing panalitèn *filologi*. Lampahing panalitèn *filologi* ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå kapérang dados pitu, inggih mênikå (1) *inventarisasi*

naskah, (2) *deskripsi naskah* såhå *teks,* (3) *transkripsi teks,* (4) *transliterasi teks,* (5) *suntingan teks,* (6) *terjemahan teks,* såhå (7) *analisis teks*. Sadåyå lampahing panalitèn *filologi* mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

a. Inventarisasi Naskah

Inventarisasi naskah inggih mênikå ndaptar sadåyå *naskah* ingkang dipunpanggihakên kanthi cårå *studi katalog* såhå *pengamatan langsung* ing *perpustakaan-perpustakaan bagian pernaskahan* (Mulyani, 2014: 37). *Studi katalog* dipunlampahi kanthi cårå madosi daptar *naskah* ingkang dipuntaliti ing *katalog*. Wondéné *pengamatan langsung* dipunlampahi kanthi cårå ningali langsung wujuding *naskah* wontên muséum, *perpustakaan*, såhå bêbadan ingkang nyimpên *naskah* såhå *koleksi pribadi.* Ancasing *inventarisasi naskah* inggih mênikå kanggé mangrêtosi kawontênanipun *naskah* ingkang dados *sumber data* ing panalitèn mênikå.

b. *Deskripsi Naskah* såhå *Teks*

Lampahing panalitèn *filologi* ingkang salajêngipun inggih mênikå *deskripsi naskah* såhå *teks. Deskripsi naskah* såhå *teks* katindakakên kanthi cårå *studi katalog* såhå kanthi cårå *pengamatan langsung* utawi kanthi ningali piyambak kawontênaning *naskah* wontên ing papan utawi bêbadan ingkang nyimpên *naskah. Studi katalog* katindakakên kanthi maos *katalog naskah* ingkang dipuntaliti. Sasanèsipun *studi katalog* ugi kêdah ngawontênakên *pengamatan langsung* supados sagêd ngasilakên *deskripsi naskah* såhå *teks* ingkang *konkret* såhå jangkêp. Wondéné andharan ngéngingi *deskripsi naskah* såhå *teks* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) *Deskripsi Naskah*

Deskripsi naskah inggih mênikå andharan kanggé nggambarakên kawontênaning *naskah* ingkang kajumbuhakên kaliyan kawontênanipun (Mulyani, 2012: 6). *Deskripsi naskah* mênikå wigatos sangêt dipuntindakakên awit saking kathahipun *varian teks* ingkang dipunpanggihakên saking tradhisi têdhakanipun. Miturut Djamaris (2002: 11), sadåyå *naskah* dipunandharakên kanthi *pola* ingkang sami, inggih mênikå nomêr *naskah*, ukuran *naskah*, kawontênaning *naskah*, sêratan *naskah*, båså, *kolofon*, såhå *garis besar isi cerita*.

Sasanèsipun andharan ing nginggil, wontên malih bab-bab ingkang kêdah dipun-*deskripsi*-akên. Miturut Mulyani (2014: 45), bab-bab ingkang kêdah dipundamêl *deskripsi* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Papan panyimpêning *naskah*, inggih mênikå andharan ingkang ngêwrat bab sintên ingkang nyimpên, wontên ing pundi, såhå nomêr *kodeks*-ipun pintên.
2. Irah-irahanipun *naskah*, kados pundi dipunpanggihakên, kasêrat piyambak déning panyêratipun, mênåpå kanthi andharan saking tiyang sanès, sêrataning irah-irahan wontên ing salêbêting *naskah* mênåpå ing sawijining *naskah*.
3. Manggålå, andharan wontên ing bêbukaning *teks*, ngandharakên kapan anggènipun nyêrat, kasêrat wontên pundi, mênåpå ancasipun, sintên ingkang nyêrat, pangajêng-ajêng dhumatêng Gusti.
4. *Kolofon*, andharan wontên ing pungkasaning *teks*, ngandharakên kapan ngrampungakên nyêrat, kasêrat wontên pundi, sintên ingkang nyêrat, kènging mênåpå dipunsêrat, mênåpå ancasipun, såhå pangajêng-ajêng ingkang nyêrat.
5. Ukuraning *naskah* kadospundi, ukuran wiyar såhå panjangipun pintên, kandêlipun pintên, jinising *bahan naskah* (lontar, dlancang), såhå *watermark*.
6. Ukuraning *teks* kadospundi, ukuran wiyar såhå panjangipun pintên, kandêlipun pintên, wontên kåcå ingkang suwêng mênåpå botên.
7. Isi, isining *teks* mênikå jangkêp mênåpå kirang, kapunggêl mênåpå awujud *fragmen*, wontên *iluminasi* såhå rêrênganipun mênåpå botên, awujud gancaran, gêguritan, *drama* mênåpå *kombinasi*, kanthahipun gatrå, kathahipun pupuh, mênåpå nåmå têmbangipun, kathahipun wandå sabên pupuh.
8. Kalêbêt jinising *naskah* mênåpå, kadospundi titikanipun.
9. Sêratan, jinising aksårå ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks* mênåpå kémawon (aksårå Jåwå, Arab Pégon, aksårå Latin), kadospundi mênggah wujuding aksårå (mbåtå sarimbag, ngêtumbar, mucuk êri, mênåpå

kombinasi), kadospundi mênggah ukuraning aksårå (agêng, alit, mênåpå cêkapan), kasêrat miring mênåpå jêjêg, tandhêsaning sêratanipun kandêl mênåpå tipis, kasêrat mawi mangsi warni mênåpå, kasêrat ing salêbêting dlancang sisih pundi *verso* mênåpå *recto*, sêratanipun gampil kawaos mênåpå botên.

10. Båså, ngginakakên ragam båså mênåpå kémawon: båså *baku*, *dialek*, *campuran*, mênåpå båså sanèsipun.
11. Cathêtan saking tiyang sanès, mênåpå wontên cathêtan ing salêbêting *teks* mênåpå wontên cathêtan ing sajawining *teks*.
12. Cathêtan wontên ing papan sanès, mênåpå dipunadharakên wontên ing daptar *naskah*/*katalog*/*artikel*, kadospundi gayutanipun antawisipun sêtunggal kaliyan sanèsipun.

Saking andharan ing nginggil mênikå sagêd dipunpêndhêt dudutanipun, bilih *deskripsi naskah SDWW* inggih mênikå ngandharakên såhå nggambarakên kawontênanipun *naskah SDWW* kanthi saèstu mawi têtêmbungan ingkang cêtha såhå rinci. Ancasing ndamêl kawontênaning *naskah SDWW* inggih mênikå kanggé ngandharakên såhå nggambarakên kadospundi kawontênanipun *naskah SDWW*. Bab-bab ingkang kêdah dipunandharakên nalikå ndamêl *deskripsi naskah SDWW* ing antawisipun irah-irahaning *naskah*, papan panyimpênaning *naskah*, nomêr *kodeks*, kawontênaning *naskah*, ukuraning *naskah*, kandêlipun *naskah*, cacahipun kåcå *naskah*, cacahipun larik sabên sakåcå, samak *naskah*, såhå jinis bahan *naskah*.

2) *Deskripsi Teks*

Deskripsi teks inggih mênikå andharan kanggé nggambarakên kawontênan isining *teks* kanggé nyukani katrangan *teks* ingkang dipuntaliti. Miturut Mulyani (2014: 45), ancasing *deskripsi teks* mênikå kanggé ngandharakên kawontênaning *teks* utawi kawontênan *nonfisik naskah* ingkang dipuntaliti. Mênåpå inggih *teks* ingkang kataliti mênikå jangkêp (wontên manggålå, pambukå, isi, panutup, såhå *kolofon*) mênåpå botên.

Deskripsi teks RBA katindakakên adhêdhasar bab-bab ingkang kêdah dipundamêl *deskripsi*. Bab-bab ingkang kêdah dipunandharakên nalikå ndamêl *deskripsi teks* inggih mênikå pambukaning *teks*, isining *teks*, såhå panutuping *teks*. Bab mênikå salajêngipun dipunsêrat ngginakakên *kartu data*. Sasampunipun ndamêl *deskripsi naskah SDWW* såhå *teks RBA*, salajêngipun inggih ndamêl *transkripsi teks.*

c. *Transkripsi*

Transkripsi inggih mênikå alih tulis sêrataning *teks* mawi aksårå ingkang sami kaliyan aksaraning *teks* (Mulyani, 2012: 9). Upaminipun, *teks* kasêrat mawi aksårå Jåwå kadamêl alih tulisipun ugi mawi aksårå Jåwå. Ancasing ndamêl *transkripsi* inggih mênikå kanggé nglêstantunakên sêratan *naskah* ingkang dipundamêl alih tulis. Miturut Mulyani (2014: 31), wontên sapérangan bab ingkang kêdah dipungatosakên nalikå ndamêl *transkripsi*, inggih mênikå (1) pangrêtosan ngéngingi tåtå panyêrating aksårå ingkang dipunginakakên ing *naskah*, såhå (2) sipating aksårå ing *naskah.*

Miturut Mulyani (2013: 106), *metode transkripsi* kapérang dados kalih, inggih mênikå *metode transkripsi diplomatik* såhå *transkripsi standar*. *Metode transkripsi diplomatik* inggih mênikå cårå anggènipun ndamêl alih tulis sêrataning *teks* ingkang kasêrat mênåpå wontênipun kados déné sêrataning *teks*-ipun kanthi aksårå ingkang sami. Wondéné *transkripsi standar* inggih mênikå cårå anggènipun ndamêl alih tulis sêrataning *teks* ingkang kasêrat kanthi adhêdhasar *PUEBI* ingkang taksih lumampah.

Metode transkripsi ingkang dipunginakakên ing panalitén mênikå inggih *metode transkripsi diplomatik. Metode transkripsi diplomatik* ing panalitén mênikå dipunlampahi kanthi alih tulis sêrataning *teks* saking aksårå Jåwå dados *teks* ingkang ugi kasêrat mawi aksårå Jåwå ingkang sami kaliyan sêratan aslinipun. Ancasipun ngginakakên *metode transkripsi diplomatik* tumpraping *teks RBA* inggih mênikå kanggé ngêstantunakên sêratan *teks RBA* ingkang asli supados botên risak såhå sagêd kapanggihakên salinanipun.

d. *Transliterasi*

Transliterasi inggih mênikå alih tulis bab jinising sêratan, aksårå mbåkå aksårå saking satunggal abjad dumugi abjad sanèsipun (Baroroh-Baried, 1985: 65). Ancasing ndamêl *transliterasi* inggih mênikå kanggé nggampilakên anggènipun mangrêtosi isining *naskah*. Miturut Mulyani (2014: 29), supados *teks* gampil anggènipun dipunmangrêtosi såhå dipunwaos, milå *teks* kedah (1) dipunsêrat mawi aksårå ingkang taksih *baku*, (2) sampun dipunlêrêsakên saking sêratan-sêratan ingkang risak utawi *korup*, såhå (3) dipunmahyakakên kanthi båsa ingkang sagêd dipunmangrêtosi déning masarakat jaman mênikå.

Metode translitersai kapérang dados kalih, inggih *metode transliterasi diplomatik* såhå *metode transliterasi standar*. *Metode transliterasi diplomatik* inggih mênikå cårå anggènipun ndamêl *alih tulis* sêrataning *teks* ingkang kasêrat mênåpå wontênipun kados déné sêrataning *teks*-ipun kanthi aksårå ingkang bédå (Mulyani, 2013: 102). Miturut Wiryamartana (1990: 30), ancasing ndamêl *transliterasi diplomatik* inggih mênikå supados sagêd ndamêl sêratan *teks* ingkang sami kados wontên ing *naskah sumber*-ipun.

Sasanèsipun *metode transliterasi diplomatik* inggih wontên *metode transliterasi standar*. *Metode transliterasi standar* ugi dipunsebut *metode transliterasi kritik/baku. Metode transliterasi standar* inggih mênikå cårå anggènipun ndamêl *alih tulis* sêrataning *teks* ingkang kasêrat kanthi adhêdhasar utawi sampun kajumbuhakên kaliyan éjaan ingkang lêrês utawi kajumbuhakên kaliyan *PUEBI* ingkang taksih lumampah (Mulyani, 2013: 104).

Metode transliterasi ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå inggih *metode transliterasi standar. Metode transliterasi standar* ing panalitèn mênikå dipunlampahi kanthi alih tulis saking aksårå Jåwå dados aksårå Latin såhå kajumbuhakên kaliyan éjaan båsså Jawi ingkang limrah. *Transliterasi* dipunlampahi kanthi nglêrêsakên *teks RBA* ingkang botên jumbuh kaliyan éjaan båsså Jawi ingkang taksih dipunginakakên. Tuladhanipun panyêrating aksårå *kapital*, pêdhoting têmbung, sêratan éjaan têmbung, såhå sanès-sanèsipun.

e. *Suntingan*

Suntingan teks inggih mênikå nglêrêsakên sêrataning *teks* ingkang taksih *korup* supados botên wontên lêpatipun. Awit saking *naskah SDWW* mênikå namung wontên satunggal *eksemplar* kémawon, milå *metode suntingan* ingkang dipunginakakên inggih *metode edisi naskah tunggal*. Miturut Suyami (1996: 231), *metode edisi naskah tunggal* kapérang dados kalih, inggih mênikå *metode edisi diplomatik* såhå *metode edisi kritik* utawi *standar*.

Suntingan teks diplomatik inggih mênikå suntingan ingkang dipuntindakakên kanthi botên ngéwahi mênåpå-mênåpå utawi kanthi mênåpå wontênipun. Wondéné *suntingan teks standar* inggih mênikå *suntingan* ingkang

mahyakakên *naskah* kanthi nglêrêsakên kalêpatan-kalêpatan såhå sêratan ingkang botên ajêg sartå éjaanipun kajumbuhakên kaliyan pandom éjaan ingkang gumathok (Baroroh-Baried, 1985: 69). Miturut Djamaris (2002: 30), ancasing *suntingan teks* inggih mênikå supados *teks* sagêd kawaos kanthi gampil déning sadåyå masarakat. Wondéné wontên tigang cårå kanggé *suntingan teks*, inggih mênikå kanthi cårå (1) ngéwahi, (2) nambahi, såhå (3) ngirangi aksårå mênåpå déné têtêmbungan ingkang kaanggêp prêlu (Djamaris, 2002: 30).

Metode suntingan teks ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih *metode suntingan teks standar*. *Metode* mênikå dipunginakakên amargi *sumber data* mênikå namung satunggal *eksemplar* kémawon. *Metode suntingan teks standar* wontên ing panalitèn mênikå adhêdhasar *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) ingkang dipunginakakên kanggé njumbuhakên têgês-têgêsing têmbung såhå buku *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* déning Balai Bahasa Yogyakarta (2006).

Salajêngipun, asiling *suntingan teks* kasêrat såhå kaandharakên wontên ing *aparat kritik*. *Aparat kritik* mênikå mujudakên *pertanggungjawaban ilmiah* ingkang ngandharakên kalêpatan-kalêpataning *teks* ing salêbêting *suntingan teks* utawi ngandharakên *teks* ingkang sampun botên wontên ingkang *korup* (Mulyani, 2014: 43). *Aparat kritik* ing *suntingan teks* sagêd katindakakên mawi kalih cara, inggih mênikå dipunsêrat ing sangandhapipun *teks* minångkå *catatan kaki* såhå dipunlampirakên ing sawingkingipun *suntingan teks* minångkå *cacatan halaman.*

f. *Terjemahan*

Terjemahan inggih mênikå ngéwahi båså saking båsåning *teks* dhatêng båså sanès utawi ngéwahi makna saking båså *sumbêr* dhatêng båså *sasaran*-ipun (Darusuprapta, 1984:9). Ancasing *terjemahan* inggih mênikå supados masarakat ingkang botên mangrêtos båsåning *naskah* sagêd mangrêtos awit saking båså *naskah* mênikå sampun dipungantos kanthi båså ingkang sagêd dipunmangrêtosi sadåyå masarakat. Miturut Mulyani (2014: 47), bab-bab ingkang prêlu dipungatosakên kanggé ndamêl *terjemahan* wontên warni tigå, inggih mênika.

1. Paham saèstu ngéngingi båså sumbêr, inggih mênikå båså ingkang dipun-*terjemah*-akên.
2. Paham saèstu ngéngingi båså *sasaran*, inggih mênikå båså ingkang kanggé *nerjemah*-akên.
3. Paham saèstu ngéngingi kawontênan pagêsanganing panyêrat såhå masarakat rikålå *teks* dipunsêrat.

Salajêngipun, miturut Mulyani (2014: 48), wontên tigang *metode terjemahan* ingkang dipunginakakên kanggé *nerjêmah*-aken *teks. Metode terjemahan* mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. *Terjemahan harfiah*, inggih mênikå ngéwahi båså saking båsåning *teks* kanthi ndamêl *terjemahan*-ipun sabên têmbung-têmbungipun dipunéwahi dados båså *sasaran*, dipunginakakên kanggè nandhingakên saking *segi-segi kebahasaan.*
2. *Terjemahan isi* utawi *makna,*inggih mênikå ngéwahi båså saking båsåning *teks* kanthi ndamêl *terjemahan*-ipun sabên têmbung-têmbung ing båså *sumbêr* ka-*terjemah*-akên dados båså *sasaran* ingkang jumbuh.
3. *Terjemahan bebas,* inggih mênikå ngéwahi båså saking båsåning *teks* utawi båså *sumber* dipun-*terjemah*-akên dados båså *sasaran* kanthi månåsukå tanpå nilarakên mênåpå ingkang wontên ing salêbêting *teks.*

Adhêdhasar andharan ing nginggil, saged dipunmangrêtosi bilih *terjemahan teks* mênikå wigatos sangêt dipuntindakakên. *Terjemahan teks RBA* dipuntindakakên supados *teks RBA* sagêd dipunmangrêtosi isinipun déning masarakat ingkang botên utawi kirang mangrêtos båså Jawi. Kajawi mênikå,

terjemahan teks RBA mumpangati kanggé nggampilakên nalikå ngandharakên piwulang moral wontên salêbêting *teks RBA.* Ngéngingi *metode terjemahan* ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå kaandharakên wontên ing bab III.

g. *Analisis Teks*

Lampahing panalitèn *filologi* ingkang pungkasan inggih mênikå *analisis teks. Analisis teks* dipuntindakakên kanggè mahyakakên wosing *teks* (Robson, 1994: 44). Ancasing *analisis teks* inggih mênikå mbêdhah isining *teks* kanggé madosi bab-bab ingkang kawrat wontên ing salêbêting *naskah*, satêmah bab-bab mênikå sagêd dipungayutakên kaliyan prakawis ingkang dipunrêmbag ing panalitèn mênikå. *Analisis teks* mênikå katindakakên kanthi ngginakakên *ilmu bantu pendekatan sastra.* Ancasing *ilmu bantu pendekatan sastra* kasêbut inggih mênikå kanggé mangrêtosi wosing *teks*, satêmah *teori* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *teori* maos kanthi cårå *hermeneutik*.

B. Piwulang *Moral*

Piwulang *moral* kadhapuk saking têmbung piwulang såhå *moral.* Piwulang inggih mênikå pitutur, wêwarah, pangajaran (Poerwadarminta, 1939: 495). Wondéné *istilah moral* asalipun saking têmbung "*mores",* wujud jamak saking têmbung "*mos"* ingkang têgêsipun *adat-istiadat* utawi *kebiasaan, watak, tingkah laku, tabiat*, såhå caraning gêsang (Astiyanto, 2012: 1). Miturut Magnis-Suseno (1984: 204), *moral* inggih mênikå salah satunggaling péranganing *etika*. Ananging, antawisipun *etika* kaliyan piwulang *moral* mênikå botên sagêd dipundamêl *kategori* wontên satunggal *tingkat* ingkang sami (Wibawa, 2013: 32).

Miturut Magnis-Suseno (lumantar Astiyanto, 2012: 3), piwulang *moral* inggih mênikå ajaran-ajaran, wêjangan-wêjangan, *khotbah-khotbah,* pathokan-pathokan, paugêran-paugêran, såhå *ketetapan* kanthi lésan mênapa déné sêratan ngéngingi kadospundi manungså gêsang såhå kadospundi manungså sagêd tumindak ingkang saé. Miturut Titus (lumantar Astiyanto, 2012: 3), *moral* mênikå langkung nêdahakên tumindak utawi solah bawaning manungså. Pramilå, têmbung *moral* mênikå asring dipungayutakên kaliyan tindak-tanduking manungså ngéngingi bab ingkang saé mênåpå déné ingkang awon (Wibawa, 2013: 32).

Adhêdhasar andharan ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih piwulang *moral* inggih mênikå ajaran ingkang gayut kaliyan tumindak utawi solah bawaning manungså ngéngingi bab saé mênåpå déné ingkang awon. Sêjatosipun, tumindak ingkang dipunatur déning *moral* mênikå inggih tumindak ingkang gayut kaliyan manungså. Wondéné miturut De Vos (1987: 73), *moral* mênikå botên namung gayut antawisipun manungså kaliyan manungså sanèsipun. Ananging, *moral* mênikå ugi gayut kaliyan tumindakipun manungså dhumatêng Gusti, manungså dhatêng alam donyå utawi *lingkungan,* såhå manungså dhatêng piyambakipun.

C. Panalitèn ingkang Jumbuh

Panalitèn ingkang jumbuh kaliyan panalitèn mênikå inggih panalitènipun Warih Sri Martani (2013) kanthi irah-irahan "*Kajian Filologi* såhå Ajaran *Moral* wontên *Sêrat Dongèng Warni-warni",* såhå panalitènipun Mohamad Wahyu Hidayat (2016) kanthi irah-irahan "*Kajian Filologi* såhå Kawruh Sajatosing

Gêsang wontên ing *Sêrat Suluk Warni-warni"*. Bab ingkang jumbuh såhå ingkang botên jumbuh kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 1: **Panalitèn ingkang Jumbuh**

No.	**Katrangan**	**Pérangan ingkang jumbuh såhå ingkang botên jumbuh**		
		Panalitèn Warih Sri Martani	**Panalitèn Mohamad Wahyu Hidayat**	**Panalitèn Titik Ayuningsih**
1.	Irah-irahan	*Kajian Filologi* såhå Ajaran *Moral* wontên *Sêrat Dongèng Warni-warni*	*Kajian Filologi* såhå Kawruh Sajatosing Gêsang wontên ing *Sêrat Suluk Warni-warni*	*Kajian Filologi* såhå Piwulang *Moral* wontên *Teks Ratu ingkang Botên Adil*
2.	*Naskah*	*Sêrat Dongèng Warni-Warni*	*Sêrat Suluk Warni-warni*	*Sêrat Dongèng Warni-Warni*
3.	*Teks*	*Tyang Tani lan Tikus*	*(1) Suluk Jati Pralénå, (2) Suluk Kahanan Jati, (3) Suluk Paésan Jati, (4) Suluk Wasitå Jati, (5) Suluk Pangawruh Jati,* såhå *(6) Suluk Sakarat Jati*	*Ratu ingkang Botên Adil*
4.	Papan panyimpênan	*Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå, Yogyakarta	*Perpustakaan* Rêksåpuståkå, Purå Mangkunêgaran, Suråkårtå	*Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå, Yogyakarta
5.	Wujud aksårå	Aksårå Jåwå	Aksårå Jåwå	Aksårå Jåwå
6.	Sêratan	Carik	Carik	Carik
7.	Wujud *teks*	Gancaran	Sêkar	Gancaran
8.	Isining *teks*	Piwulang	Piwulang	Piwulang
9.	Jinising panalitèn	Panalitèn *deskriptif* såhå panalitèn *filologi modern*	Panalitèn *deskriptif* såhå panalitèn *filologi modern*	Panalitèn *deskriptif* såhå panalitèn *filologi modern*
10.	*Metode transliterasi*	*Transliterasi standar*	*Transliterasi standar*	*Transliterasi standar*
11.	*Metode suntingan*	*Metode teks edisi standar*	*Metode teks edisi standar*	*Metode teks edisi standar*

Saking *tabel* ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bab ingkang jumbuh såhå ingkang botên jumbuh antawisipun tigang panalitèn mênikå. Bab ingkang jumbuh antawisipun tigang panalitèn mênikå inggih sami-sami naliti *naskah* ingkang kasêrat ngginakakên aksårå Jåwå carik. Isining *teks* ugi sami-sami ngêwrat bab piwulang. Bab sanèsipun ingkang sami inggih mênikå sadåyå panalitèn ing nginggil ngginakakên cårå panalitèn kanthi *metode* panalitèn *deskriptif* såhå panalitèn *filologi modern*. Prakawis ingkang jumbuh salajêngipun inggih mênikå sami-sami ngginakakên *metode transliterasi standar* såhå *metode suntingan teks edisi standar.*

Wondéné bab ingkang botên jumbuh antawisipun panalitènipun Warih Sri Martani (2003) kanthi irah-irahan "*Kajian Filologi* såhå Ajaran *Moral* wontên *Sêrat Dongèng Warni-warni"* kaliyan panalitèn mênikå inggih *teks*-ipun. Panalitènipun Warih Sri Martani ngginakakên *naskah Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi *teks Tyang Tani lan Tikus.* Wondéné panalitèn mênikå ngginakakên *naskah Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi *teks Ratu ingkang Boten Adil.*

Wondéné panalitènipun Mohamad Wahyu Hidayat (2016) kanthi irah-irahan "*Kajian Filologi* såhå Kawruh Sajatosing Gêsang wontên ing *Sêrat Suluk Warni-warni"* ingkang botên jumbuh kaliyan panalitèn mênikå inggih *sumber data* panalitèn ingkang dipunginakakên botên sami. Panalitènipun Mohamad Wahyu Hidayat ngginakakên *naskah Sêrat Suluk Warni-warni* kanthi ênêm *teks* ingkang dipuntandhingakên. Wondéné panalitèn mênikå ngginakakên *naskah Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi satunggal *teks* kémawon ingkang dipuntaliti.

Bab sanèsipun ingkang botên jumbuh wontên ing panalitènipun Mohamad Wahyu Hidayat inggih mênikå *teks*-ipun awujud dhapukan sêkar, wondéné panalitèn mênikå *teks*-ipun awujud dhapukan gancaran. Sasanèsipun mênikå, panalitènipun Mohamad Wahyu Hidayat mêndhêt *naskah* ingkang kasimpên ing *Perpustakaan* Rêksåpuståkå, Purå Mangkunêgaran, Suråkårtå. Wondéné panalitèn mênikå ngginakakên *naskah* ingkang kasimpên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå, Yogyakarta.

Adhêdhasar andharan ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih wontên sapérangan bab ingkang jumbuh såhå ingkang botên jumbuh antawisipun tigang panalitèn mênikå. Jumbuhipun panalitèn mênikå kaliyan panalitènipun Warih Sri Martani (2013) såhå panalitènipun Mohamad Wahyu Hidayat (2016) inggih supados sagêd dipunginakakên minångkå pathokan kanggé lampahing panalitèn *filologi* mênikå, wiwit saking pathokan ngéngingi bab *teori*, *metode*, såhå cårå panalitènipun.

Salajêngipun, pérangan ingkang botên jumbuh saking panalitèn mênikå såhå panalitènipun Warih Sri Martani (2013) såhå Mohamad Wahyu Hidayat (2016) nêdahakên bilih panalitèn mênikå dèrèng wontên ingkang naliti. Dados, saking andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih panalitèn "*Kajian Filologi* såhå Piwulang *Moral* wontên *Teks Ratu ingkang Botên Adil"* mênikå dèrèng wontên ingkang naliti.

BAB III
CÅRÅ PANALITÈN

A. Jinising Panalitèn

Jinising panalitèn ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikå inggih panalitèn *deskriptif* såhå panalitèn *filologi modern*. Miturut Kaelan (2005: 58), panalitèn *deskriptif* inggih mênikå salah satunggaling *metode* kanggè naliti *objek* ingkang awujud *nilai-nilai* kabudayan manungså, *sistem pemikiran filsafat, nilai-nilai etika, nilai karya seni,* saklompok manungså, *peristiwa,* utawi *objek* kabudayan sanèsipun. Ancasing *metode* panalitèn *deskriptif* inggih mênikå kanggé ngandharakên isining *teks* ingkang gayut kaliyan piwulang *moral* ing salêbêting *teks RBA.*

Wondéné panalitèn *filologi modern* dipuntindakakên amargi *sumber data* panalitèn mênikå awujud *naskah.* Ancasing panalitèn *filologi modern* inggih kanggé naliti salah satunggaling *naskah* sêratan tangan utawi carik kanthi lampahing panalitèn *filologi.* Lampahing panalitèn *filologi* inggih mênikå ndamêl *inventarisasi naskah,* ndamêl *deskripsi naskah* såhå *teks,* ndamêl *transkripsi teks,* ndamêl *transliterasi teks,* ndamêl *suntingan teks,* ndamêl *terjemahan teks,* såhå *analisis* piwulang *moral* wontên ing *teks RBA.* Ngéngingi lampahing panalitèn *filologi* mênikå sagêd dipunmangrêtosi langkung gampil kanthi *bagan* 2 ing ngandhap mênikå. Salajêngipun, andharanipun kaandharakên wontên ing pérangan cårånipun ngêmpalakên *data* ing kåcå 31.



Bagan 2: **Lampahing Panalitèn *Filologi***

B. *Sumber Data* Panalitèn

Sumber data inggih mênikå barang, kadadosan, såhå tiyang ingkang dipuntaliti, dipuntingali, dipunwaos, mênåpå déné dipunsuwunakên pirså ngéngingi satunggaling *data* (Suharsimi-Arikunto, 2000: 116). *Sumber data* panalitèn mênikå inggih *naskah SDWW* mliginipun *teks RBA*. *Naskah SDWW* kasimpén ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå Yogyakarta kanthi nomêr *kodeks* PB C. 91. *Naskah* mênikå kasêrat mawi aksårå Jåwå carik såhå basanipun ngginakakên båsa Jawi kanthi undha-usuk båsa kråmå. *Naskah SDWW* mênikå ngêwrat tigang *teks*, salah satunggaling inggih *teks RBA*. *Teks RBA* mênikå

cacahipun wontên 29 kåcå. Wondéné *naskah* såhå *teks* mênikå katêtêpakên minangkå *sumber data* panalitèn wontên ing panalitèn mênikå.

C. Caranipun Ngêmpalakên *Data*

Caranipun ngêmpalakên *data* wontên ing panalitèn mênikå adhêdhasar lampahing panalitèn *filologi*. Wondéné lampahing panalitèn *filologi* wontên ing panalitèn mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. *Inventarisasi Naskah*

Inventarisasi naskah ing panalitèn mênikå katindakakên kanthi cårå *studi katalog* såhå *pengamatan langsung*. *Studi katalog* mênikå dipunlampahi kanthi cårå ningali mapintên-pintên *katalog.* Wondéné *katalog-katalog* mênikå kaandharakên wontên ing bab IV. Salajêngipun inggih mênikå *inventarisasi naskah* kanthi cårå ningali piyambak kawontênanipun *naskah* wontên ing papan panyimpênaning *naskah*, inggih mênikå wontên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå Yogyakarta.

2. *Deskripsi Naskah* såhå *Teks*

Deskripsi naskah såhå *teks* katindakakên kanggè nggambarakên kawontênaning *naskah* såhå *teks* ingkang dados *sumber data* panalitèn mênikå. *Deskripsi naskah* såhå *teks* katindakakên nalikå *sumber data* panalitèn mênikå sampun kapilih. *Naskah* wontên panalitèn mênikå inggih *naskah SDWW*, såhå *teks*-ipun inggih *teks RBA*. *Deskripsi naskah SDWW* såhå *teks RBA* mênikå kaandharakên mawi *tabel* ingkang dipunwastani *kartu data*. Ancasing ndamêl *deskripsi naskah* såhå *teks* inggih mênikå kanggè mangrêtosi andharan ingkang cêthå ngéngingi kawontênaning *naskah SDWW* såhå *teks RBA*.

3. *Transkripsi Teks*

Metode transkripsi ingkang dipuntindakakên ing panalitèn mênikå inggih *metode transkripsi diplomatik. Metode transkripsi diplomatik* katindakakên kanthi cårå ndamêl alih tulis sêrataning *teks* kados déné sêrataning *teks* utawi kanthi aksårå ingkang sami, inggih mênikå aksårå Jåwå. *Transkripsi teks* mênikå dipuntindakakên kanggé ndamêl têdhakanipun *teks RBA.* Kajawi ndamêl têdhakanipun, *transkripsi* ugi kalêbêt satunggaling usaha kanggé nglêstantunakên *naskah.*

4. *Transliterasi Teks*

Metode transliterasi ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikå inggih *metode transliterasi standar. Metode transliterasi standar* dipuntindakakên kanggé ndamêl alih tulis sêrataning *teks* ingkang kasêrat adhêdhasar buku *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* déning Balai Bahasa Yogyakarta (2006). *Transliterasi teks* ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih *transliterasi teks* saking aksårå Jåwå dhatêng aksårå Latin. Wontên prakawis ingkang kêdah dipungatosakên nalikå ndamêl *transliterasi teks RBA* inggih mênikå bab sêrataning wandå, tåndhå pamaos, såhå éjaanipun.

5. *Suntingan Teks*

Naskah SDWW ingkang ngêwrat *teks RBA* mênikå kalêbêt *naskah* tunggal amargi namung kapanggihakên wontên satunggal *eksemplar* (*naskah tunggal* awit saking *sebatas keterjangkauan* panaliti kémawon). Pramilå, *metode suntingan teks* ingkang dipunginakakên inggih *metode suntingan teks edisi*

standar. *Metode* mênikå dipuntindakakên kanthi cårå *standarisasi ejaan* såhå nglêresakên têtêmbungan ingkang taksih lêpat adhêdhasar buku *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* déning Balai Bahasa Yogyakarta (2006) såhå *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). *Suntingan teks* dipuntindakakên kanthi nambahi aksårå, ngirangi aksårå, mênåpå déné nggantos aksårå. Asiling *suntingan teks* mênika dipunsêrat ing *tabel*, dipundamêl *aparat kritik*-ipun, såhå salajêngipun dipunadharakên mawi têtêmbungan ingkang cêthå.

6. *Terjemahan Teks*

Metode terjemahan teks ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikå inggih ndamêl alih båså saking båså *sumber*-ipun inggih båså Jawi, dados båså *sasaran* inggih mênikå båså Indonesia. *Metode terjemahan* ingkang dipunginakakên inggih *terjemahan harfiah, terjemahan isi* utawi *makna*, såhå *terjemahan bebas. Metode* sapisan ingkang dipunginakakên inggih *metode terjemahan harfiah. Metode terjemahan harfiah* mênikå kanggé ngéwahi båså saking båså Jawi kanthi ndamêl *terjemahan*-ipun sabên têmbung-têmbungipun dipun-éwahi dados båså Indonesia.

Salajêngipun, manawi *terjemahan teks RBA* botên sagêd dipungarap kanthi *terjemahan harfiah,* milå dipunginakakên *terjemahan isi*. *Terjemahan isi* kaginakakên kanggé ngéwahi båså saking basaning *teks* kanthi ndamêl *terjemahan* sabên têmbung-têmbung ka-*terjemah*-akên dados têmbung-têmbung ing båså *sasaran* ingkang jumbuh. Wondéné têmbung-têmbung ing *teks RBA* ingkang botên sagêd ka-*terjemah*-akên kanthi *terjemahan harfiah* såhå

terjemahan isi, salajêngipun dipunginakakên *terjemahan bebas. Terjemahan harfiah, terjemahan isi*, såhå *terjemahan bebas* ing panalitèn mênikå dipungarap kanthi *kontekstual.* Tulådhå panganggéning tigang *metode terjemahan* mênikå tumraping *teks RBA* sagêd dipunmangrêtosi saking *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 2: **Tulådhå *Metode Terjemahan Harfiah, Terjemahan Isi* utawi *Makna,* såhå *Terjemahan Bebas* ing Salêbêting *Teks RBA***

No.	Katrangan	*Transliterasi standar*	*Terjemahan*
1.	*Terjemahan harfiah*	"Kacariyos ing satunggaling mångså,..." (Kåcå 3, larik 7-8)	"Diceritakan di suatu waktu,..."
2.	*Terjemahan isi* utawi *makna*	"Kêrêp kémawon sang prabu karså nêdhaki pêrang,..." (Kåcå 2, larik 3-4)	"Sang ratu sering kali mengadakan perang,..."
3.	*Terjemahan bebas*	"Ingkang satunggal pinarjåyå têmbus ing walikåtipun, pêjah kapisanan." (Kåcå 23, larik 14-15)	"Salah satu dari mereka ditusuk tepat di bahunya, lalu mati seketika itu."

D. *Instrumen* Panalitèn

Instrumen panalitèn inggih mênikå pirantos ingkang dipunginakakên kanggé ngêmpalakên *data* wontên ing salêbêting panalitèn (Suharsimi-Arikunto, 2000: 134). Pirantos ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikå awujud *kartu data. Kartu data* dipunginakakên kanggé nyêrat *data-data* ingkang dipunrêmbag wontên ing *teks RBA*. Wujudipun *kartu data* ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå kados makatên.

a. *Kartu data* kanggé nyêrat *deskripsi naskah SDWW* såhå *teks RBA*

Tabel 3: ***Kartu Data* Asiling *Deskripsi Naskah SDWW***

No.	Katrangan	*Asiling Deskripsi Naskah SDWW*
1.	Papan panyimpêning *naskah*	
2.	Nomêr *kodeks*	
3.	Irah-irahan a. Kasêrat wontên ing pundi kémawon, kåcå pintên? b. Adhêdhasar katrangan saking *teks* utawi *katalog?*	

Lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	*Asiling Deskripsi Naskah SDWW*
4.	Nåmå panyêrat *naskah*	
5.	Jinising bahan *naskah:* a. Samak b. Isi	
6.	Kawontênaning *naskah*	
7.	Ukuraning *naskah*	
8.	Kandêlipun *naskah*	
9.	Ukuraning *margin teks* a. Nginggil (*top*) b. Ngandhap (*bottom*) c. Kiwå (*left*) d. Têngên (*right*)	
10.	Cacahing kåcå ingkang dipuntaliti	
11.	Cacahipun larik sabên sakåcå	
12.	Nomêripun kåcå *naskah* (wontên ing pundi, kanthi jinising nomêripun mênåpå?)	
13.	Jinising aksårå *teks*	
14.	Wujudipun aksårå (jêjêg, miring, ngiwå utawi nêngên?)	
15.	Warni mangsi (mênåpå kémawon ingkang dipunginakakên, manawi wontên warni sanès, dipunginakakên kanggé mênåpå?)	
16.	Manggålå	
17.	*Kolofon*	
18.	Ukuraning *teks*	
19.	Isining *teks* (jangkêp mênåpå kirang, kapunggêl mênåpå awujud *fragmen,* kadospundi andharan isining *teks)*	
20.	Dhapukaning *teks* (sêkar mênåpå gancaran)	
21.	Jinising *teks* (piwulang mênåpå sanèsipun)	
22.	Basaning *teks*	
23.	*Watermark*	
24.	Cathêtan ing sajawining *teks* såhå katrangan sanès	
25.	Wujuding aksårå carakan	
26.	Wujuding pasangan aksårå carakan	
27.	Wujuding aksårå swårå	
28.	Wujuding aksårå murdå	
29.	Wujuding sandhangan panyigêging wandå	
30.	Wujuding sandhangan panyigêging swårå	
31.	Wujuding sandhangan wyanjånå	
32.	Wujuding aksårå rê såhå lê	
33.	Wujuding aksårå rêkan	

Lajêngipun *tabel*

No.	**Katrangan**	***Asiling Deskripsi Naskah SDWW***
34.	Adêg-adêg	
35.	Pådå lingså	
36.	Pådå lungsi	
37.	Pådå pangkat	

Tabel 4: ***Kartu Data* Asiling *Deskripsi Teks RBA***

No.	**Katrangan**	***Asiling Deskripsi Teks RBA***
1.	Pambukå	
2.	Isining	
3.	Panutup	

b. *Kartu data transliterasi teks* såhå *suntingan teks RBA*

Tabel 5: ***Kartu Data Transliterasi* såhå *Suntingan Teks RBA***

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Standar***

c. *Kartu data terjemahan teks RBA*

Tabel 6: ***Kartu Data Terjemahan Teks RBA***

Asiling *Suntingan Standar*	***Asiling Terjemahan***

d. *Kartu data analisis isi teks RBA*

Tabel 7: ***Kartu Data* Piwulang *Moral Teks RBA***

No.	**Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral* ing salêbêting *teks RBA***	***Terjemahan teks RBA***

E. *Teknik Analisis Data*

Teknik analisis data ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikå inggih *teknik analisis deskriptif.* Ancasipun *teknik analisis deskriptif* inggih mênikå kanggé nggambarakên kanthi cêthå såhå lêrês isinipun *teks* RBA lumantar *indikator-indikator*-ipun. Wontên sakawan lampahing *analisis data*, inggih

mênika *reduksi data*, *klarifikasi data*, *display data*, såhå *penafsiran* (Kaelan, 2005: 68). Lampahing *analisis data teks RBA* kaandharakên kados ing ngandhap mênika.

a. *Reduksi data* inggih mênikå maos *teks RBA* kanggé manggihakên *data* ingkang wigatos ingkang gayut kaliyan isining *teks RBA* inggih mênikå ingkang ngêwrat bab piwulang *moral*.
b. *Klarifikasi data*, lampahing *analisis data* mênikå katindakakên kanthi mérang jinising piwulang *moral* ingkang wontên ing salêbêting *teks RBA*.
c. *Display data* inggih mênikå nyêrat *data* ing salêbêting *teks RBA* ingkang jumbuh kaliyan *kategori* jinising piwulang *moral* wontên ing *kartu data*.
d. *Penafsiran* inggih mênikå ngrêmbag såhå ngandharakên *data* ingkang wontên ing salêbêting *teks RBA* ingkang gayut kaliyan jinising piwulang *moral* kanthi cårå *deskriptif*.

Adhêdhasar andharan ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih kanggé ndamêl *analisis data* tumraping *teks RBA* mênikå ngêcakakên sakawan lampahing *analisis data*. Sakawan lampahing *analisis data* tumraping *teks RBA* inggih mênikå *reduksi data*, *klarifikasi data*, *display data*, såhå *penafsiran*. Lampahing *analisis data* mênikå katindakakên kanthi urut kados ingkang sampun kaandharakên ing nginggil mênikå.

F. Caranipun Ngêsahakên *Data*

Caranipun ngêsahakên *data* wontên ing panalitèn mênikå inggih ngginakakên *validitas* såhå *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *validitas semantik*. Miturut Huford (2007: 1), *semantik* inggih mênikå

ngèlmi ingkang ngandharakên bab têgêsing têmbung wontên salêbêting båså. *Validitas semantik* inggih mênikå nyêmak såhå nêgêsi têmbung kanthi *kontekstual* (Kaelan, 2005: 175). *Validitas semantik* kaginakakên kanggé nêgêsi têtêmbungan miturut *konteks*-ipun kanthi nêgêsi *data* ingkang awujud têmbung, kêlompok têmbung, *paragraf*, såhå wacånå ingkang kasêrat ing *teks RBA* kanthi dhapukan gancaran.

Wondéné, *uji reliabilitas* ingkang dipuntindakakên inggih mênikå *reliabilitas intrarater* såhå *reliabilitas interrater*. *Reliabilitas intrarater* katindakakên kanthi maos *teks RBA* kanthi makaping-kaping satêmah angsal *data* ingkang sami utawi ngasilakên *data* ingkang ajêg (Kaelan, 2005: 177). *Reliabilitas interrater* katindakakên kanthi cårå pados têtimbanganipun *verifikasi pakar*, inggih mênikå dhatêng *dosen* ingkang mumpuni ing *bidang filologi*, inggih mênikå *dosen pembimbing* ingkang paring panjurung ing panalitèn mênikå.

Sasanèsipun nindakakên *validitas* såhå *uji reliabilitas*, panaliti ugi nindakakên *validasi*. *Validasi* mênikå katindakakên minångkå wujud tanggêl jawab anggènipun ndamêl *transkripsi*. *Transkripsi teks RBA* mênikå dipundamêl *validasi* kanthi cårå *validasi intrarater* såhå *interrater*, inggih mênikå mawi cårå dipunwaos kanthi makaping-kaping såhå kanthi cårå *validasi* dhatêng *dosen pembimbing* ingkang mumpuni ing *bidang filologi*. Prakawis mênikå kanggé mbuktèkakên bilih asiling *transkripsi* tumrapipun *teks RBA* mênikå têbih saking sêratan ingkang lêpat mênåpå déné ingkang *korup*.

BAB IV
ASILING PANALITÈN SÅHÅ PANGRÊMBAGIPUN

A. Asiling Panalitèn

Asiling panalitèn mênikå adhêdhasar lampahing panalitèn *filologi.* Sadåyå lampahing panalitèn *filologi* tumraping *naskah SDWW* såhå *teks RBA* mênikå kaandharakên kanthi *deskriptif* sinartan pêprincèning katranganipun. Wondéné lampahing panalitèn *filologi* tumraping *naskah SDWW* såhå *teks RBA* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. *Inventarisasi Naskah SDWW* såhå *Teks RBA*

Inventarisasi naskah SDWW såhå *teks RBA* katindakakên kanthi cårå *studi katalog* såhå ningali piyambak kawontênanipun *naskah SDWW* såhå *teks RBA. Studi katalog* katindakakên kanthi ngginakakên mapintên-pintên *katalog. Katalog-katalog* mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid I Museum Sonobudoyo Yogyakarta* (Behrend, 1990).
2. *Katalog Induk Naskah-naskah Fakultas Sastra Universitas Indonesia Jilid 3-A* (Behrend, 1997).
3. *Katalog Induk Naskah-naskah Fakultas Sastra Universitas Indonesia Jilid 3-B* (Behrend, 1997).
4. *Berita Pustaka Informasi Kepustakaan Katalog Naskah Manuskrip* (Prihandani, 2015).
5. *Berita Pustaka Informasi Kepustakaan Katalog Koleksi Berhuruf Jawa Cetak* (Prihandani, 2016).

6. *Katalog Naskah-naskah Perpustakaan Pura Pakualaman* (Saktimulya, 2005).
7. *Descriptive Catalogue of the Javanese Manuscripts and Printed Books in the Main Libraries of Surakarta and Yogyakarta* (Girardet, 1983).
8. *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara jilid 2 Kraton Yogyakarta* (Lindsay, 1994).
9. *Javanese Literature in Surakarta Manuscripts Volume 1 Introduction and Manuscripts of the Kraton Surakarta* (Florida, 1993).
10. *Katalog Online Perpustakaan Nasional Republik Indonesia.*
11. *Katalog Online Koleksi Perpustakaan Universitas Gadjah Mada.*

Adhêdhasar asiling *inventarisasi naskah* saking 11 *katalog* ing nginggil, kapanggihakên pitung *eksemplar naskah SDWW* ingkang kasêrat ing *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid I Museum Sonobudoyo Yogyakarta* (Behrend, 1990). Wondéné *eksemplar-eksemplar naskah* mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. *Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi nomêr *kodeks* PB C.91 ngêwrat 3 *teks.*
2. *Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi nomêr *kodeks* PB C.93 ngêwrat 18 *teks.*
3. *Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi nomêr *kodeks* PB C.96 ngêwrat 11 *teks.*
4. *Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi nomêr *kodeks* PB C.126 ngêwrat 5 *teks.*
5. *Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi nomêr *kodeks* PB C.151 ngêwrat 4 *teks.*
6. *Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi nomêr *kodeks* PB C.152 ngêwrat 2 *teks.*
7. *Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi nomêr *kodeks* PB C.154 ngêwrat 4 *teks.*

Saking pitung *eksemplar naskah* ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih irah-irahanipun *naskah* mênikå sami, nanging wosipun *teks*

bédå-bédå. Sasanèsipun wosing *teks* ingkang bédå-bédå, nomêr *kodeks*-ipun sabên *naskah* mênikå ugi bédå-bédå. Dados, *naskah SDWW* kanthi nomêr *kodeks* PB C.91 ngêwrat tigang *teks* ingkang katêmtokakên minångkå *objek* panalitèn mênikå. Salajêngipun, *naskah SDWW* mênikå dipuntingali piyambak kawontênanipun wontên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå.

Naskah SDWW mênikå awujud *naskah* sêratan tangan ingkang dipunsêrat mawi aksårå Jåwå kanthi dhapukan gancaran, såhå ngginakakên båså Jåwi. Miturut cathêtan wontên ing samak ngajêng, *naskah* mênikå kasêrat rikålå 15 Sawal 1862 utawi 22 Februari 1932. Salajêngipun, ngéngingi tanggal panyêrating *naskah* kacuplikakên ing ngandhap mênikå.



Transliterasi-nipun: “ångkå 1, kaping 15 Sawal 1862.”

Cuplikan 1: **Tanggal Panyêrating *Naskah SDWW***

Wondéné miturut katrangan ing *katalog*, ing salêbêting *naskah* wontên cathêtan ingkang dipunsêrat déning M. Sinoe Moendisoera, inggih mênikå wontên ing kåcå i. Cathêtan mênikå nêdahakên bilih *teks* mênikå dipunsêrat déning R. Kusmardiman ing Solo. Katrangan saking *katalog* mênikå jumbuh kaliyan katrangan ingkang wontên ing *naskah* kåcå i. Ing kåcå i mênikå wontên sêratan tangan ngginakakên potêlod ingkang nêdahakên sintên ingkang nyêrat *naskah* såhå papan panyêrating *naskah.* Ananging, botên wontên katrangan bilih cathêtan mênikå dipunsêrat dêning M. Sinoe Moendisoera. Ngéngingi bab mênikå kacuplikakên kados ing ngandhap mênikå.



Kasêrat : "*Schrijver*: R. Koesmardiman, Solo"

Cuplikan 2: **Nåmå Panyêrat *Naskah* såhå Papan Panyêrating *Naskah***

Naskah SDWW mênikå sagêd dipunmangrêtosi saking kalih katrangan, inggih mênikå katrangan saking *katalog* såhå saking *naskah SDWW*. Bédanipun katrangan ing *katalog* såhå ing *naskah* kasêrat lumantar *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 8: **Bédanipun Katrangan saking *Katalog* såhå *Naskah SDWW***

No.	**Katrangan**	***Katalog***	***Naskah***
1.	Nåmå panyêrat *naskah*	R. Kusmardiman	R. Kusmardiman (Dipunsêrat ngginakakên potêlod wontên ing *naskah* kåcå i)
2.	Taun panyêrating *naskah*	-	15 Sawal 1862 utawi 22 Februari 1932 (Dipunsêrat ing samak ngajêng *naskah)*
3.	Papan panyêrating *naskah*	Solo	Solo (Dipunsêrat ngginakakên potêlod wontên ing *naskah* kåcå i)
4.	Nåmå ingkang nyêrat cathêtan	M. Sinoe Moendisoera	-

Saking ningali piyambak kawontênanipun *naskah SDWW* wontên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå, sagêd dipunmangrêtosi bilih *naskah*-ipun taksih wêtah såhå sêratanipun ugi taksih sagêd dipunwaos. Sinaosså makatên, nanging sampun kathah dlancang ingkang mangsinipun têmbus wontên ing dlancang walikipun.

2. *Deskripsi Naskah SDWW* såhå *Teks RBA*

Deskripsi naskah SDWW såhå *teks RBA* inggih mênikå andharan kanggé nggambarakên kawontênaning *naskah* såhå *teks* ingkang kajumbuhakên kaliyan kawontênanipun *naskah SDWW* såhå *teks RBA*. *Deskripsi naskah SDWW* såhå *teks RBA* katindakakên kanthi ningali langsung kawontênanipun *naskah* såhå *teks* ing papan panyimpênaning *naskah.* Wondéné asiling *deskripsi naskah SDWW* såhå *deskripsi teks RBA* kaandharakên kanthi *tabel* kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 9: **Asiling *Deskripsi Naskah SDWW***

No.	**Katrangan**	***Asiling Deskripsi Naskah SDWW***
1.	Papan panyimpêning *naskah SDWW*	*Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå, Yogyakarta
2.	Nomêr *kodeks*	PB C. 91
3.	Irah-irahan a. Kasêrat wontên ing pundi kémawon, kåcå pintên? b. Adhêdhasar katrangan saking *teks* utawi *katalog?* c. Katrangan irah-irahan dipunsêrat déning tangan *pertama, kedua*, utawi *ketiga* (*indikator*)?	*Sêrat Dongèng Warni-warni* a. Irah-irahan *naskah* kasêrat wontên ing salêbêting *naskah* kåcå i såhå kåcå ii. b. Irah-irahan *naskah* adhêdhasar katrangan saking *teks* såhå saking *katalog*. c. Wontên ing kåcå i, katrangan irah-irahan *naskah* dipunsêrat déning *tangan kedua* (kasêrat ngginakakên aksårå Latin ingkang dipunkêtik). Wondênê ing kåcå ii, katrangan irah-irahan *naskah* dipunsêrat déning *tangan pertama* (kasêrat mawi aksårå Jåwå ingkang sêratanipun sami kaliyan *teks*-ipun).
4.	Nåmå panyêrat *naskah*	R. Koesmardiman
5.	Jinising bahan naskah: a. Samak b. Isi	a. Samak naskah ngginakakên dlancang jinis manila ingkang dipundhobêli samak warni soklat såhå dipunsamaki plastik bêning. b. Isining naskah ngginakakên dlancang polos.
6.	Kawontênaning *naskah*	Kawontênanipun *naskah* taksih saé. *Naskah* dipunjilid mawi bênang warni pêthak. Kacanipun taksih jangkêp såhå urut. Jilidan ingkang wontên ing salêbêting *naskah* wontên ingkang sampun pêdhot, milå wontên ingkang

Lajêngipun *tabel*

<table>
<tr><th>No.</th><th>Katrangan</th><th>Asiling Deskripsi Naskah</th></tr>
<tr><td></td><td></td><td>sampun pêdhot, milå wontên sapérangan dlancang ingkang dhèdhèl saking jilidanipun (wontên dlancang ingkang ucul nanging botên ical). Dlancangipun taksih saé, botên bolong dipunpangan rêngêt. Ananging, ing kåcå i mênikå pinggiring dlancang sampun suwèk. Sasanèsipun mênikå, kathah dlancang ingkang mangsinipun têmbus wontên ing dlancang walikipun (amargi umuripun naskah sampun dangu), nanging taksih saé såhå sagêd dipunwaos kanthi cêthå.</td></tr>
<tr><td>7.</td><td>Ukuraning naskah</td><td>Panjang: 21,8 cm
Wiyar: 17,8 cm</td></tr>
<tr><td>8.</td><td>Kandêlipun naskah</td><td>Kandêling naskah inggih mênikå 0,7 cm (134 kåcå)</td></tr>
<tr><td>9.</td><td>Ukuraning margin teks
a. Nginggil (top)
b. Ngandhap (bottom)
c. Kiwå (left)
d. Têngên (right)</td><td>Gambaripun naskah nalikå kabikak
 

Katrangan:
<table>
<tr><td>Margin Teks</td><td>Verso</td><td>Recto</td></tr>
<tr><td>Nginggil (top)</td><td>0,5 cm</td><td>0,5 cm</td></tr>
<tr><td>Ngandhap (bottom)</td><td>0 cm</td><td>0 cm</td></tr>
<tr><td>Kiwå (left)</td><td>1,5 cm</td><td>2 cm</td></tr>
<tr><td>Têngên (right)</td><td>0 cm</td><td>0 cm</td></tr>
</table></td></tr>
<tr><td>10.</td><td>Cacahipun kåcå ingkang dipuntaliti</td><td>29 kåcå</td></tr>
<tr><td>11.</td><td>Cacahipun larik sabên sakåcå pérangan teks ingkang dipuntaliti</td><td>Cacahing larik sabên sakåcå inggih mênikå:
a. kåcå 1 wontên 18 larik,
b. kåcå 4, 12-15, 18-21, såhå 24-29 wontên 19 larik, såhå
c. kåcå 2-3, 5-11, 16-17, såhå 22-23 wontên 20 larik.</td></tr>
<tr><td>12.</td><td>Nomêripun kåcå naskah</td><td>Nomêripun kåcå kasêrat mawi aksårå Latin wontên ing têngahing dlancang pérangan nginggil. Nomêripun kåcå ingkang sinêrat dipunwiwiti saking kåcå 1-29. Nomêripun</td></tr>
</table>

Lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	*Asiling Deskripsi Naskah*	
		naskah ngginakakên *penomeran ganda* (*verso* såhå *recto*).	
13.	Jinising aksårå *teks*	*Teks* sinêrat mawi aksårå Jåwå carik.	
14.	Wujudipun aksårå	Wujudipun aksårå Jåwå kasêrat miring nêngên	
15.	Warni mangsi	Cêmêng	
16.	Manggålå *naskah:* a. wêkdal wiwit nyêrat b. nåmå panyêrat *naskah* c. papan anggènipun nyêrat d. pawadan nyêrat	a. - b. Dipunsêrat déning R. Kusmardiman c. Anggènipun nyêrat wontên ing Solo d. Pawadan panyêrating *naskah* mênikå supados sagêd andadosakên ing kabêcikån.	
17.	*Kolofon naskah*	*Kolofon* wontên *naskah* mênikå kasêrat ing kåcå 134 kanthi sêratan aksårå Jåwå inggih mênikå **Tamat.**	
18.	Ukuran *teks*	Panjangipun: 21,7 cm Wiyar: 17 cm	
19.	Isining *teks*	*Naskah* mênikå ngêwrat andharan kathahipun tigang *teks*, inggih mênikå (1) ***Ratu ingkang Botên Adil* kasêrat saking kåcå 1-29,** (2) *Cariyosipun Tiyang Mlarat ingkang tansah Sênêng Manahipun* kasêrat saking kåcå 30-87, såhå (3) *Cariyosipun Tiyang Èstri ingkang Sêtya Tuhu dhatêng Bojonipun* kasêrat saking kåcå 88-134.	
20.	Dhapukaning *teks*	Gancaran	
21.	Jinising *teks*	Adhêdhasar sêratang ing *katalog*, *naskah* mênikå kalêbêt *kategori* sastrå ingkang ngandharakên **piwulang *moral***.	
22.	Basaning *teks*	Basaning *teks* ngginakakên Båsâ Jawi kanthi undhå-usuk båsâ kråmå	
23.	*Watermark*	-	
24.	Cathêtan ing sajawining *teks* såhå katrangan sanès	1. Nomêr *kodeks naskah* 2. *Deskripsi* ringkês *naskah* 3. Tapak asmå 4. Sêratan kanthi båsâ Walandi "*met korte inhoud*" 5. Cap/sêtèmpêl *"Panti Budåyå"*	
25.	Wujuding aksårå carakan	hå :	på :
		nå :	dhå :
		cå :	jå :

Lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	*Asiling Deskripsi Naskah*	
		rå :	yå :
		kå :	nyå :
		då :	må :
		tå :	gå :
		så :	bå :
		wå :	thå :
		lå :	ngå :
26.	Wujuding pasangan aksårå carakan	hå : ...	på : ...
		nå: ...	dhå : ...
		cå: ...	jå : ...
		rå: ...	yå : ...
		kå: ...	nyå : ...
		då: ...	må : ...
		tå: ...	gå : ...
		så: ...	bå : ...
		wå: ...	thå : ...
		lå: ...	ngå : ...
27.	Wujuding aksårå swårå	a:	e:
28.	Wujuding aksårå murdå	så: nå:	på: bå:	gå: tå:
29.	Wujuding sandhangan panyigêging wandå	wignyan: ...	pangkon: ...
		layar: ...	cêcak: ...
30.	Wujuding sandhangan swårå	wulu: ...	suku: ...

Lajêngipun *tabêl*

No.	Katrangan	*Asiling Deskripsi Naskah*	
		taling: ...	pêpêt: ...
		taling tarung: ...	
31.	Wujuding sandhangan wyanjånå	cåkrå: ...	panjing wå: ...
		kêrêt: ...	péngkal: ...
		panjing lå: ...	
32.	Wujuding aksårå rê såhå lê	rê:	lê:
33.	Wujuding aksårå rêkan	kha:	
34.	Tåndhå ing wiwitaning *paragraf (*adêg-adêg)	...	
35.	Pådå lingså	...	
36.	Pådå lungsi	...	
37.	Pådå pangkat		

Saking asiling *deskripsi naskah* ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *naskah SDWW* menikå kasêrat mawi aksårå Jåwå carik, basanipun båsa Jawi, såhå mawi dhapukan gancaran. Sasanèsipun mênikå, sinaosa umuripun *naskah* sampun 85 taun, nanging kawontênanipun *naskah* taksih saé, såhå sêrataning *naskah* taksih sagêd dipunwaos. Wondéné umuripun *teks* mênikå kintên-kintên sami kaliyan umuripun *naskah*, amargi botên wontên katrangan sanès ingkang nêdahakên umuripun *teks* mênikå.

Tabel 10: **Asiling *Deskripsi Teks RBA***

No.	Katrangan	*Asiling Deskripsi Teks*
1.	Pambukå	Andharan ngéngingi wataking ratu ingkang sawênang-wênang (kåcå 1-3).

Tabel 10: **Asiling *Deskripsi Teks RBA***

No.	Katrangan	*Asiling Deskripsi Teks*
2.	Isi	Nyariyosakên ratu ingkang sawênang-wênang anggènipun paring paukuman tumrapipun Pak Kartådångså, såhå lêlampahanipun Pak Kartådångså kanggé nêtêpi janji dhumatêng ratunipun (kåcå 3-28).
3.	Panutup	Andharan ngéngingi wataking ratu ingkang botên sawênang-wênang, satêmah ndadosakên rêmêning pårå kawulå (kåcå 28-29).

Saking asiling *deskripsi teks* ing nginggil, sagêd kapêndhêt dudutanipun bilih wosipun *teks RBA* mênikå kapérang dados tigå. Tigang pérangan kasêbut inggih mênikå pambukå, isi, såhå panutuping *teks.*

Adhêdhasar *tabel* asiling *deskripsi naskah* såhå *deskripsi teks*, wontên pérangan-pérangan ingkang prêlu dipunandharakên kanthi katrangan ingkang ringkês såhå cêthå ngéngingi kawontênaning *naskah SDWW* såhå *teks RBA.* Pérangan-pérangan mênikå inggih mênikå *tabel asiling deskripsi naskah SDWW* ingkang nomêr 3, 5, 6, 11, 16, 17, 21, såhå 24. Wondéné andharan kanthi urutaning *tabel* mênikå langkung jangkêp kaandharakên kados makatên.

3. Irah-irahan *Naskah*

Naskah ingkang dipundadosakên *sumber data* panalitèn mênikå kasimpên wontên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå kanthi nomêr *kodeks* PB C. 91. Irah-irahaning *naskah* ingkang dipundadosakên *sumber data* panalitèn inggih mênikå *Sêrat Dongèng Warni-warni.* Irah-irahan mênikå dipunmangrêtosi saking katrangan wontên ing *katalog* såhå ingkang sinêrat ing salêbêting *teks*. Irah-irahan ing kåcå i dipunsêrat mawi aksårå Latin ingkang dipunkêtik. Wondéné

irah-irahan ing kåcå ii dipunsêrat mawi aksårå Jåwå sêratan tangan. Katrangan ngéngingi irah-irahaning *naskah* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.



Transliterasi-nipun: "Punikå *Sêrat Dongèng Warni-warni*"

Cuplikan 3: **Irah-Irahan *Naskah SDWW* wontên ing Kåcå i såhå ing Kåcå ii**

5. Jinising Bahan *Naskah*

Jinising bahan *naskah* ingkang dipunginanakên kanggé samaking *naskah* inggih mênikå dlancang jinis manila warni soklat ingkang dipundhobêli ngginakakên plastik bêning. Wondéné jinising bahan *naskah* ingkang dipungginakakên kanggé nyêrat *teks RBA* inggih mênikå dlancang polos warni pêthak kados *kertas HVS*. Ananging, dlancang mênikå sampun éwah warninipun dados sêmu soklat amargi umuripun *naskah* sampun dangu (85 taun). Kawontênan samaking *naskah SDWW* sagêd dipuntingali saking cuplikan ing



Cuplikan 4: **Samak Pêrangan Ngajêng såhå Wingking *Naskah SDWW***

6. Kawontênaning *Naskah*

Kawontenanipun *naskah SDWW* taksih sae. *Naskah* dipunjilid mawi bênang warni pêthak. Kacanipun taksih jangkêp såhå urut. Ananging, jilidan ingkang wontên ing salêbêting *naskah* wontên ingkang sampun pêdhot, milå wontên sapêrangan dlancang ingkang dhèdhèl saking jilidanipun (wontên ingkang ucul nanging botên ical). Wondéné kawontênan dlancangipun ugi taksih saé, botên bolong dipunpangan rêngêt. Kajawi ing kåcå i mênikå pinggiring dlancang sampun suwèk. Sasanèsipun mênikå, kathah dlancang ingkang mangsinipun têmbus wontên ing dlancang walikipun (amargi umuripun *naskah* sampun dangu). Kawontênan mênikå kacuplikakên kados ing ngandhap mênikå.



Cuplikan 5: **Pérangan Dlancang ingkang Suwèk**



Cuplikan 6: **Pérangan Dlancang ingkang Tembus Mangsinipun**

11. Cacahipun Larik Sabên Sakåcå Pérangan *Teks* ingkang Dipuntaliti

Teks RBA mênikå cacahipun wontên 29 kåcå. Sabên kåcå mênikå cacahipun larik bédå-bédå. Cacaking larik sabên sakåcå pérangan *teks RBA* mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå:

a. kåcå 1 wontên 18 larik,

b. kåcå 4, 12-15, 18-21, såhå 24-29 wontên 19 larik, såhå

c. kåcå 2-3, 5-11, 16-17, såhå 22-23 wontên 20 larik.

Saking andharan ing nginggil, bédå-bédanipun larik sabên kåcå mênikå amargi dlancang ingkang dipunginakakên inggih mênikå dlancang *HVS*, milå botên wontên garis ingkang dados pandom panyêrating *teks*. Sasanèsipun mênikå, kåcå 1 langkung sakêdhik cacaking larik (18 larik) tinimbang kåcå sanèsipun, amargi kåcå 1 mênikå minångkå wiwitaning kåcå kanggé panyêrating *teks RBA*, milå wontên rênggangipun (*spasi*) antawisipun irah-irahan såhå isinipun *teks*. Pérangan mênikå kacuplikakên kados ing ngandhap mênikå.



Cuplikan 7: **Rêngganging Larik (*spasi*) ing Kåcå 1**

16. Manggålå

Manggålå utawi bêbukaning *naskah* ing salêbêting *naskah SDWW* mênikå wontên kalih sêratan. Manggålå kaping sapisan sinêrat mawi aksårå Latin cithak ingkang wontên ing kåcå i. Månggålå mênikå kasêrat ing dlancang ingkang dipuntlusupakên ing salêbêting *naskah* (botên dipunjilid dados satunggal kaliyan

naskah-ipun). Adhêdhasar katrangan saking *katalog,* manggâlå kaping sapisan mênikå dipunsêrat déning M. Sinoe Moendisoera. Ancasing panyêrating manggâlå mênikå supados sagêd nggampilakên pamaos kanggé mangrêtosi isinipun *naskah SDWW*, mliginipun tiyang ingkang botên mangrêtos sêratan mawi aksårå Jåwå.

Wondéné, manggâlå kaping kalih sinêrat mawi aksårå Jåwå carik ingkang wontên ing kåcå ii. Manggâlå mênikå dipunjilid dados satunggal kaliyan jilidanipun *naskah.* Saking wujuding aksårå Jåwå ingkang dipunginakakên, sagêd dipunmangrêtosi bilih manggâlå kaping kalih mênikå dipunsêrat déning R. Koesmardiman (amargi aksårå ingkang dipunginakakên sami kaliyan aksårå *teks*-ipun). Ngéngingi kalih manggâlå ing salêbêting *naskah SDWW* mênikå kacuplikakên kados ing ngandhap mênikå. Salajêngipun, ngéngingi bédanipun kalih manggâlå mênikå sagêd dipunmangrêtosi saking *tabel* 11.



Serat dongèng warni-warni.

Isi tjarijos:

1. Ratoe ingkang boten adil, wiwit blz. 1 t/m 29.
2. Tijang mlarat ingkang tanaah seneng manahipoen, wiwit blz. 30 t/m 87.
3. Tijang bètri ingkang setya toehoe dateng bodjonipoen, blz. 88 t/m 134.

Noewoen, serat dongèng poenika ing ngriki dèrèng wonten, wasana moegi andadosna ing kaoeningen.

Cuplikan 8: **Manggâlå Sêratan Aksårå Latin såhå Manggâlå Sêratan Aksårå Jåwå**

Tabel 11: **Bédanipun Manggålå Sêratan Aksårå Latin såhå Manggålå Sêratan Aksårå Jåwå**

No.	Katrangan	Manggålå *versi* 1	Manggålå *versi* 2
1.	Nomêr *kodeks*	-	√
2.	Cap/sêtêmpêl "*Panti Budåyå*"	-	√
3.	Nåmå panyêrat *naskah*	√	-
4.	Papan panyêrating *naskah*	√	-
5.	Irah-irahan *naskah*	√	√
6.	Isinipun *naskah*	√	√
7.	Pangajêng-ajêng	√	-
8.	Tapak asmå	√	-

Katrangan:
Tåndhå (√) = "dipunsêrat"
Tåndhå (-) = "botên dipunsêrat"

Adhêdhasar andharan ngéngingi kalih manggålå mênikå sagêd kapêndhêt dudutanipun bilih antawisipun manggålå kaping pisan såhå kaping kalih mênikå wosipun sami. Sinaosa tåtå panyêrating kalih manggålå mênikå bédå, nanging isinipun sami, inggih mênikå ngêwrat bab rêringkêsaning *naskah SDWW*.

17. *Kolofon*

Wondéné *kolofon naskah SDWW* mênikå kasêrat wontên ing kåcå 134. *Kolofon* mênikå kasêrat kanthi ngginakakên aksårå Jåwå inggih mênikå **"Tamat".** Ngénginggi cuplikan *kolofon naskah SDWW,* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

Transliterasi-nipun: "Tamat"

Cuplikan 9: ***Kolofon Naskah SDWW***

24. Cathêtan ing Sajawining *Teks* såhå Katrangan Sanès

Cathêtan ing sajawining *teks RBA* mênikå wontên gangsal pérangan. Cathêtan mênikå wontên ingkang kasêrat ngginakakê aksårå Latin, nanging ugi wontên ingkang kasêrat ngginakakên aksårå Jåwå. Andharan ngénginggi pérangan mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 12: **Cathêtan ing Sajawining *Teks RBA* såhå Katrangan Sanès**

No.	Wujuding Sêratan	Katrangan
1.		Sêratan mênikå nêdahakên *kode naskah SDWW* ingkang wontên ing samak *naskah* sisih ngandhap iring kiwå. Sanèsipun mênikå ugi kasêrat ing kåcå ii sisih nginggil iring kiwå.
2.		Sêratan mênikå nêdahakên *deskripsi* ringkês *naskah SDWW* kanthi andharan nåmå ingkang nyêrat *naskah* såhå papan panyêrating *naskah.* Sêratan mênikå dipunsêrat mawi aksårå Latin ngginakakên potêlod ingkang mapan ing kåcå i. Sêratan mênikå kawaos "*Schrijver*: R. Koesmardiman Solo" (Panyêrat: R. Koesmardiman Solo).
3.		Tapak asmå mênikå kasêrat ing kåcå i. Mbok bilih mênikå tapak asmanipun M. Sinoe Moendisoera, inggih mênikå tiyang ingkang ndamêl sêratan mawi aksårå Latin cithak ingkang mapan ing kåcå i.
4.		Sêratan "*met korte inhoud*" mênikå kasêrat ngginakakên potêlod. Sêratan mênikå kadhapuk saking båsså Walandi ingkang têgêsipun "*konten singkat*". Sêratan mênikå wontên ing kåcå ii.
5.		Cap/sêtèmpêl *"Panti Budåyå"* wontên ing kåcå ii sisih nginggil. Cap mênikå kasêrat mawi aksårå Jåwå warni abrit. Cap mênikå nêdahakên bilih *naskah* mênikå salah satunggaling *koleksi Panti Budåyå* (ingkang samênikå dados Muséum Sånåbudåyå, Yogyakarta).

Saking *tabel* ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih cathêtan ing sajawining *teks RBA* såhå katrangan sanès menikå nedahakên wontênipun sêratan sanès ingkang dipundamêl déning tiyang sanès ugi. Cathêtan ing sajawining *teks* mênikå ngêwrat ancas kanggé nggampilakên anggènipun mangrêtosi gunggunging *naskah*, wosing *naskah* såhå *teks*, sintên ingkang nyêrat *naskah*, papan panyimpênaning *naskah* såhå nomêr *kodeks*-ipun *naskah* mênikå.

3. *Transkripsi Teks RBA*

Transkripsi inggih mênikå alih tulis sêrataning *teks* mawi aksårå ingkang sami. *Transkripsi teks RBA* ngginakakên *metode transkripsi diplomatik* ingkang dipunlampahi kanthi alih tulis sêrataning *teks* saking aksårå Jåwå dados *teks* ingkang ugi kasêrat mawi aksårå Jåwå. Sinaoså ngginakakên *metode transkripsi diplomatik*, nanging wontên sapérangan prakawis ingkang kasêrat botên sami kaliyan *teks* aslinipun. Prakawis mênikå kaandharakên minångkå pandom *transkripsi* kados ing ngandhap mênikå.

a. *Transkripsi teks RBA* dipunwiwiti saking kåcå i dumugi kåcå 29.
b. Pérangan samak ngajêng såhå samak wingking *naskah SDWW* botên dipundamêl *transkripsi*-nipun, amargi samak ngajêng såhå samak wingking *naskah SDWW* botên wontên gayutanipun kaliyan wosipun *teks* ingkang dipuntaliti. Samak ngajêng *naskah SDWW* mênikå wontên sêratan ingkang gayut kaliyan bab primbon ingkang ngêwrat piwulang agami Islam kanggé pårå abdi dalêm ing Suråkartå. Wondéné samak wingking *naskah SDWW* mênikå wontên sêratan kados déné wårå-wårå ngéngingi tênun lurik ing salah satunggaling *perusahaan* ing Solo.

c. *Transkripsi teks RBA* ing panalitèn mênikå ngginakakên wujud sêrataning *teks* adhêdhasar saking sêrataning panaliti piyambak, botên sami kaliyan wujud sêrataning *teks* aslinipun, ugi urut-urutaning sêrataning *teks* kajumbuhakên kaliyan kawontênaning dlancang sabên kacanipun. Tulådhå wujudipun sêrataning *teks* adhêdhasar saking sêratan panaliti piyambak inggih mênika bilih sipat aksårå Jawanipun mênikå miring manêngên. Ngéngingi bédanipun sêrataning *teks* ingkang asli såhå sêrataning *teks* adhêdhasar saking panaliti piyambak kacuplikakên kados ing ngandhap mênikå.



Cuplikan 10: **Bédanipun Sêrataning *Teks RBA* ingkang Asli såhå Asiling *Transkripsi Teks RBA* Adhêdhasar saking Sêrataning Panaliti Piyambak**

d. Panyêrating gantosing kåcå kasêrat mawi tåndhå garis jêjêg (|) såhå angkaning kåcå kasêrat wontên ing sisih têngên *teks*. Tulådhå panyêrating gantosing kåcå såhå angkaning kåcå kacuplikakên kados ing ngandhap mênikå.

Cuplikan 11: **Tulådhå Panyêrating Gantosing Kåcå såhå Angkaning Kåcå**

Prakawis mênikå katindakakên supados gampil anggènipun nocokakên aksårå, têmbung utawi têtêmbungan wontên ing kåcå ingkang gayut kaliyan

sêrataning *teks* sabên kacanipun. Asiling *transkripsi diplomatik* tumrapipun *teks RBA* mênikå kasêrat ing *lampiran* kåca 212 dumugi 237.

4. *Transliterasi* såhå *Suntingan Teks RBA*

Metode transliterasi ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå inggih *metode transliterasi standar. Transliterasi teks* ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih *transliterasi teks* saking aksårå Jåwå dhatêng aksårå Latin. Salajêngipun, *metode suntingan teks* ingkang dipunginakakên inggih *metode suntingan teks edisi standar. Suntingan* mênikå katindakakên supados sêratan-sêratan ingkang klèntu såhå botên ajêg ing salêbêting *teks RBA* sagêd kalêrêsakên.

Sadèrèngipun *transliterasi* såhå *suntingan teks RBA* katindakakên, kêdah dipungatosakên wontênipun pandom *translitêrasi* såhå pandom *suntingan teks.* Wondéné pandom *translitêrasi* såhå pandom *suntingan teks RBA* kaandharakên ing ngandhap mênikå. Pérangan *tabel* "*indikator*" wontên ing *tabel* pandom *transliterasi* ing ngandhap ngêwrat ångkå (kåcå/larik pintên) ingkang nêdahakên ing pérangan pundi tulådhå panyêrating aksårå Jåwå kapanggihakên.

a. Pandom *Transliterasi Teks RBA*

Pandom *tansliterasi* mênikå kaginakakên kanggé nggampilakên anggènipun ndamêl *transliterasi* såhå minångkå pathokan ndamêl *transliterasi teks RBA.* Pandom *transliterasi* kasêbut antawisipun inggih mênikå panyêrating aksårå Jåwå såhå pasaganipun, panyêrating aksårå murdå, panyêrating aksårå swårå, panyêrating sandhangan, såhå panyêrating aksårå rékan.

1) Wujuding Aksårå Jåwå såhå Pasanganipun

Cacahipun aksårå Jåwå mênikå wontên kalih dåså, inggih mênikå kalih dåså aksårå ingkang asipat *silabik* såhå kalih dåså pasanganipun ingkang asipat *konsonantal* (Mulyani, 2013: 6). Aksårå Jåwå mênikå dipunwiwiti aksårå hå såhå dipunpungkasi aksårå ngå. Wujuding aksårå Jåwå såhå pasanganipun ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks RBA* kasêrat ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel 13: **Wujuding Aksårå Jåwå såhå Pasanganipun**

Nåmå Aksårå	**Wujud**		**Tulådhå Panyêratipun**	***Transliterasi Standar***	***Indikator***
	Aksårå Jåwå Carakan	**Aksårå Pasangan**			
hå		...		**a**pi	21/2
				...n **a**dil	1/2
nå		...		**na**nging	21/1
				...n **na**mung	5/18
cå		...		**co**bi	4/17
				pan**ci**	2/7
rå		...		dè**rè**ng	3/14
				...n **ru**juk så...	2/19
kå		...		**ku**lå	21/5
				...m **ki**sas	2/21
då		...		**do**så	27/4
				tumin**da**k	2/14

Lajêngipun *tabel*

Nåmå Aksårå	**Wujud**		**Tulådhå Panyêratipun**	***Transliterasi Standar***	***Indikator***
	Aksårå Jåwå Carakan	**Aksårå Pasangan**			
tå		...		mat**i**	14/9
				...n **ta**npå	12/11
så		...		bi**så**	14/17
				...n **sa**mi	12/19
wå		...		ka**wu**lå	17/1
				...n **wa**u	14/3
lå		...		ku**lå**	4/17
				...n **la**mpah	16/5
på		...		**pê**jah	17/15
				...n **pa**ring	6/19
dhå		...		**dha**wah	16/11
				ban**dha**ng	14/4
jå		...		la**jê**ng	23/13
				...n **jê**jêg lå...	23/2
yå		...		to**yå**	17/6
				ngan**to**s	19/17
nyå				pa**nyu**wun wa...	7/20
				...n **nyê**nêngakên ma...	2/6
må		...		**må**rå	23/7
				...n **ma**wi	1/15
gå		...		**ga**gah	3/19
				...n **ga**dhah	11/10

Lajêngipun *tabel*

Nåmå Aksårå	**Wujud**		**Tulådhå Panyêratipun**	***Transliterasi Standar***	***Indikator***
	Aksårå Jåwå Carakan	**Aksårå Pasangan**			
bå		...		**bê**nå	14/3
				...n **ba**gé	11/3
thå		...		Ka**tha**h	29/17
				Mês**thi**	22/15
ngå		...		Ta**ngi**	16/4
				...p **nga**lap hå...	23/4

2) Wujuding Aksårå Murdå såhå Panyêratipun

Aksårå murdå mênikå kaginakakên kanggé nyêrat têtêmbungan ingkang gayut kaliyan agami såhå Gusti, namanipun tiyang, såhå nåmå papan padunungan. Miturut Mulyani (2013: 6), aksårå murdå mênikå dipunginakakên kanggé nyêrat têmbung-têmbung saking båså ngamåncå såhå tåtå-prunggu utawi pakurmatan. Cacahipun aksårå murdå mênikå wontên wolu, inggih mênikå nå, kå, tå, så, på, gå, bå såhå nyå. Wujuding aksårå murdå ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks RBA* kasêrat kados ing *tabel* ngandhap menikå.

Tabel 14: **Wujuding Aksårå Murdå såhå Panyêratipun**

No.	**Nåmå Aksårå Murdå**	**Wujud Aksårå Murdå**	**Tulådhå Panyêratipun**	***Transliterasi Standar***	***Indikator***
1.	så			**sé**nåpati	22/8
2.	nå			sang **nå**tå	3/8
3.	på			sang **pra**bu	2/3
4.	gå			**Gu**sti	16/15

No.	Nåmå Aksårå Murdå	Wujud Aksårå Murdå	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
5.	bå			sang pra**bu**	2/3
6.	tå			Nå**tå**	29/3

3) Wujuding Aksårå Swårå såhå Panyêratipun

Aksårå swårå sajatosipun wontên gangsal, inggih mênikå a, i, u, é, såhå o. Ananging, aksårå rê såhå lê ugi kalêbêtakên wontên ing aksårå swårå. Pramilå, aksårå swårå cacahipun wontên pitu. Ginanipun aksårå swårå inggih mênikå kanggé mujudakên aksårå ngamâncå, langkung-langkung aksårå Arab (Mulyani, 2013: 9). Aksårå swårå ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks RBA* kasêrat kados ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel 15: **Wujuding Aksårå Swårå såhå Panyêratipun**

No.	Nåmå Aksårå Swårå	Wujud Aksårå swårå	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.	a			**a**min	17/16
2.	é			**é**, kok é..	22/12
3.	o			**o**, puntên di...	21/8-9
4.	rê			pa**rê**ng	7/19
5.	lê			da**lê**m la...	7/13

4) Wujuding Sandhangan

Sandhangan inggih mênikå praboting aksårå Jåwå kanggé mbédakakên ungêling wandå ing båså Jawi (Mulyani, 2013: 10). Wujuding sandhangan

ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks RBA* kasêrat kados ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel 16: **Wujuding Sandhangan Swårå**

No.	**Nåmå Sandhangan**	**Wujud Sandhangan**	**Tulådhå Panyêratipun**	***Transliterasi Standar***	***Indikator***
1.	Wulu			**i**ki	22/8
2.	Pêpêt			k**ê**dah	2/18
3.	Suku			...s p**u**ndi	3/13
4.	Taling			**è**ngêt	16/3
5.	Taling-tarung			**o**ra	7/1

Tabel 17: **Wujuding Sandhangan Panyigêging Wandå**

No.	**Nåmå Sandhangan**	**Wujud Sandhangan**	**Tulådhå Panyêratipun**	***Transliterasi Standar***	***Indikator***
1.	Wignyan			pêja**h**	23/15
2.	Pangkon			mandhê**g**	26/11
3.	Layar			matu**r**	17/1
4.	Cêcak			ingka**ng**	25/11

Tabel 18: **Wujuding Sandhangan Wyanjånå**

No.	**Nåmå Sandhangan**	**Wujud Sandhangan**	**Tulådhå Panyêratipun**	***Transliterasi Standar***	***Indikator***
1.	Cåkrå			mi**trå**	24/9
2.	Kêrêt			a**ngrê**mbag ing...	3/11
3.	Péngkal			wa**dyå**	1/4
4.	Panjing lå			**klê**lêp	14/9

5) Wujuding Aksårå Rékan

Aksårå rékan utawi aksårå damêlan mênikå kanggé mujudakên aksårå ngamâncå, langkung-langkung aksårå Arab. Aksårå rékan mênikå kathahipun wontên gangsål, inggih mênikå khå, dzå, få, zå, såhå ghå (Mulyani, 2013: 8). Wujuding aksårå rékan ingkang wontên ing salêbêting *teks RBA* kaandharakên kados ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel 19: **Wujuding Aksårå Rékan såhå Panyêratipun**

No.	Nåmå Aksårå Murdå	Wujud Aksårå Murdå	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.	khå			**kha**jat	19/10

6) Panyêrating Tåndhå Diakritik ê, é, såhå è

Panyêrating ê pêpêt dipunsêrat ngginakakên tåndhå *diakritik* (ê), déné é taling dipunsêrat ngginakakên tåndhå *diakritik* (é) såhå (è). Wondéné tulådhå panyêrating tåndhå *diakritik* ê, é, såhå è kados ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel 20: **Panyêrating Tåndhå Diakritik ê, é, såhå è**

No.	Nåmå Sandhangan	Wujud Sandhangan	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.	Pêpêt			laj**ê**ng	22/11
2.	Taling			mangk**é**	27/3
3.	Taling			y**è**n ké...	23/4

7) Panyêrating Aksårå hå ingkang Cêthå såhå hå ingkang Ampang

Panyêrating aksårå (hå) ingkang pocapanipun cêthå dipunsêrat dados (hå), déné panyêrating (hå) ingkang pocapanipun ampang dipunsêrat dados (ha).

Wondéné tulådhå panyêrating aksårå (hå) ingkang cêthå såhå ampang ingkang kapanggihakên wontên ing *teks RBA* inggih mênikå kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 21: **Tulådhå Panyêrating (hå) ingkang Cêthå**

No.	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.		ma**ha**nani	3/3
2.		må**hå**	16/16

Tabel 22: **Tulådhå Panyêrating (hå) ingkang Ampang**

No.	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.		**a**ku	14/12
2.		**a**rêp nga....	23/5

8) Panyêrating Têmbung ingkang Wandå Sapisan utawi Kaping Kalih Katutup Swantên *Konsonan Nasal* (ny), Wandå Salajêngipun Dipunwiwiti *Konsonan* (c) utawi (j)

Tabel 23: **Tulådhå Panyêrating Têmbung ingkang Wandå Sapisan utawi Kaping Kalih Katutup Swantên *Konsonan Nasal* (ny), Wandå Salajêngipun Dipunwiwiti *Konsonan* (c) utawi (j)**

No.	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.		ényjing	énjing	13/5
2.		lanycang	lancang	6/4
3.		kånycå	kåncå	23/16

9) Panyêrating Aksårå (o) *Nasal* Dipunsêrat dados (å)

Aksårå (o) mawi *nasal* (ny, m, ng, n) ing salajêngipun wandå tanpå sandhangan swårå dipunsêrat dados (å). Wondéné tulådhå panyêrating aksårå (o) *nasal* dipunsêrat dados (å) ingkang kapanggihakên wontên ing *teks RBA*, inggih mênikå kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 24: **Tulådhå Panyêrating Aksårå (o) *Nasal* Dipunsêrat dados (å)**

No.	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.		mongså	mångså	3/8
2.		konycå	kåncå	20/13
3.		...s ponycåkårå	påncåkårå	23/18

10) Panyêrating Têmbung Dwilinggå

Panyêrating têmbung dwilinggå dipunsêrat kanthi ngginakakên tåndhå sambung (-). Wondéné tulådhå panyêrating têmbung dwilinggå ingkang kapanggihakên wontên ing *teks RBA* inggih mênikå kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 25: **Tulådhå Panyêrating Têmbung Dwilinggå**

No.	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.		apiapi	api-api	21/2
2.		tatutatu	tatu-tatu	15/12
3.		agêngagêng	agêng-agêng	20/5

11) Panyêrating Têmbung Dwipurwå

Têmbung dwilinggå inggih mênikå têmbung ingkang purwaning linggå dipunrangkêp (Antunsuhono, 1953: 39). Panyêrating têmbung dwipurwå kanthi aksårå Latin, wandå sapisan dipunsêrat ngginakakên *vokal* ê. Wondéné tulådhå panyêrating têmbung dwipurwå ingkang kapanggihakên ing *teks RBA* kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 26: **Tulådhå Panyêrating Têmbung Dwipurwå**

No.	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.		titiyang	têtiyang	21/2
2.		lèlèpèn	lêlèpèn	15/7-8
3.		paparab lå...	pêparab lå...	6/8

12) Panyêrating Aksårå *Konsonan* ingkang Kasêrat Rangkêp

Aksårå *konsonan* ingkang kasêrat rangkêp, anggènipun ndamêl *transliterasi* dipunsêrat satunggal aksårå *konsonan* kémawon. Wondéné tulådhå panyêratipun ingkang kapanggihakên wontên ing *teks RBA* inggih mênikå kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 27: **Tulådhå Panyêrating Aksårå *Konsonan* ingkang Kasêrat Rangkêp**

No.	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.		tinnuju	tinuju	11/4
2.		nêtêppi	nêtêpi	9/2

13) Panyêrating Aksårå (yå) Dipunsêrat dados Aksårå (hå)

Tabel 28: **Tulådhå Panyêrating Aksårå (yå) Dipunsêrat dados Aksårå (hå)**

No.	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.		matiyå	matiå	14/15
2.		kajagiyå	kajagiå	8/9

14) Panyêrating Aksårå *Kapital*

Panyêrating aksårå *kapital* wontên ing *teks RBA* kajumbuhakên kaliyan wêwaton panyêrating aksårå Latin. Wondéné tulådhå panyêrating aksårå *kapital* ingkang kapanggihakên wontên ing *teks RBA* kados ing ngandhap mênikå.

a) Aksårå *Kapital* kanggé Nyêrat Aksårå Sapisan Têtêmbungan ingkang Gayut kaliyan Agami såhå Gusti

Tabel 29: **Tulådhå Panyêrating Aksårå *Kapital* kanggé Nyêrat Aksårå Sapisan Têtêmbungan ingkang Gayut kaliyan Agami såhå Gusti**

No.	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.		Gusti	**G**usti	16/15
2.		Allah	**A**llah	18/17

b) Aksårå *Kapital* kanggé Nyêrat Aksårå Wiwitaning Asmanipun Tiyang Jawi utawi Jêjuluk Pakurmatan

Tabel 30: **Aksårå *Kapital* kanggé Nyêrat Aksårå Wiwitaning Asmanipun Tiyang Jawi utawi Jêjuluk Pakurmatan**

No.	Tulådhå Panyêratipun	*Transliterasi Diplomatik*	*Transliterasi Standar*	*Indikator*
1.		pak kartådongså	Pak Kartådångså	10/14
2.		kyai mondåråkå	Kyai Måndåråkå	26/14

15) Wujud såhå Panyêrating Tåndhå Pamaos

Tabel 31: **Wujud såhå Panyêrating Tåndhå Pamaos**

No.	Wujud Tåndhå Pamaos	Katrangan	*Transliterasi Standar*
1.		Pådå lungsi dipunginakakên minångkå gantosipun tåndhå titik, inggih mênikå kanggé misahakên ukårå ingkang botên nunggal.	.
2.		Pådå lingså dipunginakakên minångkå tåndhå koma, inggih mênikå kaginakakên kanggé napasing pamaos, kanggé misah ukårå utawi gåtrå ing têmbung.	,
3.		Pangkon dipunginakakên minångkå tåndhå pungkasaning gåtrå, ugi kaginakakên kanggé napasing pamaos. Manawi napasan utawi andhêganing waosan sampun wontên pangkonipun, mênikå kaanggêp pådå lingså.	,
4.		Adêg-adêg inggih mênikå tåndhå ingkang dipunginakakên kanggé wiwitaning *alinea*, utawi dipunginakakên ing wiwitané ukårå manawi gantos gåtrå.	
5.		Tåndhå pangkon lajêng wontên pådå lingsanipun dipunginakakên kanggé mungkasi ukårå.	.
6.		Pådå pangkat kaginakakên kanggé ngêlêt-êlêti ångkå Jåwå supados botên cawuh kaliyan sêratan sanèsipun såhå kanggé milah cariyos kaliyan katrangan ingkang nyêthakakên.	:

b. Pandom *Suntingan Teks RBA*

Suntingan teks ingkang dipunginakakên inggih mênikå *suntingan edisi standar*. Pandom *suntingan* ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikå ngginakakên tåndhå kanggé nggampilakên anggènipun nyunting *teks RBA*. Tåndhå-tåndhå ingkang dipunginakakên kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Tåndhå {...} dipunginakakên kanggé nandhani manawi wontên têmbung ingkang dipungantos kanggé nglêrêsakên aksårå utawi têmbung nanging botên ngéwahi maknanipun.

2) Tåndhå (...) dipunginakakên kanggé nandhani manawi wontên aksårå mênåpå déné têmbung ingkang dipunkirangi.

3) Tåndhå <...> dipunginakakên kanggé nandhani manawi wontên aksårå mênåpå déné têmbung ingkang dipuntambahi.

4) *Penomoran* kanggé sabên *aparat kritik* kasêrat kandêl såhå ing nginggilipun dipunsukani katrangan mawi ångkå Arab sêratan Latin (...[1], ...[2], ...[3], lsp).

c. Asiling *Transliterasi* såhå *Suntingan Teks RBA*

Transliterasi teks RBA mênikå ngginakakên *metode transliterasi standar såhå suntingan teks RBA* mênikå ngginakakên *metode suntingan edisi standar*. Anggènipun ndamêl *transliterasi* såhå *suntingan* mênikå adhêdhasar *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (Balai Bahasa Yogyakarta, 2006) såhå *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) kanggé njumbuhakên têgês-têgêsing têmbung såhå têtêmbungan ingkang kirang trêp.

Asiling *transliterasi* såhå *suntingan teks RBA* kaandharakên mawi *tabel.* Kanggé nggampilakên anggènipun nocogakên *teks* ingkang dipun-*transliterasi*-akên, gantosing kåcå kasêrat kanthi ngginakakên tåndhå **|...|**. Salajêngipun, têtêmbungan ingkang nêdahakên *ciri khas teks RBA* kasêrat sami kaliyan *teks*-ipun, kacithak kandêl, såhå kawuwuhan katrangan mawi huruf abjad (...[a], ...[b], ...[c], lsp). Wondéné andharan asiling *transliterasi* såhå *suntingan teks RBA* kasêrat kados ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel 32: **Asiling *Transliterasi Standar* såhå *Suntingan Standar Teks RIBA***

Transliterasi Standar	***Suntingan Standar***
|1|Ratu ingkang Botên Adil Wontên satunggiling ratu ingkang sugih, wadyå balanipun makêthi-kêthi, kinéringan déning pråjå sanèsipun, jalaran saking kêkêndêlan kasêktènipun sang prabu. Nanging sampun dados adatipun manawi ratu punikå dipunjurungi déning kawulanipun. Panggalihipun lajêng murkå, wusånå tuwuh tindak sawênang-wênang, sartå badhé ambrasthå hakipun kawulå, sartå karså mutusi paukuman sakarsanipun piyambak, botên mawi karêmbag rumiyin kaliyan pårå nayakaning pråjå, sartå botên purun karosan kaliyan kawulå ingkang tansah **|2|**kadadosakên têdhaning pêdhang sartå jêmparing manawi panuju ing wêkdal pêrang. Kêrêp kémawon sang prabu karså nêdhaki pêrang, nglurug, lan sapanunggilanipun kalawan dadakan, ingkang boten nyênêngakên manahing kawulå, jalaran kawontênaning pêrang panci botên dipunsênêngi déning kawulå ngriku. Botên têkå sabab ajrih êrah, nanging jalaran saking paprangan wau namung mligi saking kamurkanipun sang nåtå. Sanajan tå pårå kawulå botên rujuk, nanging mêksa kêdah tumindak. Langkung-langkung sang nåtå lajêng karså damêl aturan sartå cårå bêlèh-bêlèhan, inggih punikå bilih wadyå bålå botên rujuk sartå mogok kaangsahakên prang, ingkang mogok wau lajêng kaukum kisas, kaga|**3**|ntung, lan sapanunggilanipun. Punikå anjalari botên sênêngipun kawulå, sartå mahanani rêsah ing nagari, lan kathah pårå wadyå kuswå ingkang sami pindhah dhatêng karajan sanès.	**|1|**Ratu ingkang Botên Adil Wontên satunggiling ratu ingkang sugih, wadyå balanipun makêthi-kêthi, kinéringan déning pråjå sanèsipun, jalaran saking kêkêndêlan kasêktènipun sang prabu. Nanging sampun dados adatipun manawi ratu punikå **<botên>**[1] dipunjurungi déning kawulanipun. Panggalihipun lajêng murkå, wusånå tuwuh tindak sawênang-wênang, sartå badhé ambrasthå hakipun kawulå, sartå karså mutusi paukuman sakarsanipun piyambak, botên mawi karêmbag rumiyin kaliyan pårå nayakaning pråjå, sartå botên purun karosan kaliyan kawulå ingkang tansah **|2|**kadadosakên têdhaning pêdhang sartå jêmparing manawi panuju ing wêkdal pêrang. Kêrêp kémawon sang prabu karså nêdhaki pêrang, nglurug, lan sapanunggilanipun kalawan dadakan, ingkang boten nyênêngakên manahing kawulå, jalaran kawontênaning pêrang **panci**[a] botên dipunsênêngi déning kawulå ngriku. Botên têkå sabab ajrih êrah, nanging jalaran saking **paprangan**[b] wau namung mligi saking kamurkanipun sang nåtå. Sanajan tå pårå kawulå botên rujuk, nanging mêksa kêdah tumindak. Langkung-langkung sang nåtå lajêng karså damêl aturan sartå cårå bêlèh-bêlèhan, inggih punikå bilih wadyå bålå botên rujuk sartå mogok kaangsahakên **prang**[b], ingkang mogok wau lajêng kaukum kisas, kaga|**3**|ntung, lan sapanunggilanipun. Punikå anjalari botên sênêngipun kawulå, sartå mahanani rêsah ing nagari, lan kathah pårå wadyå kuswå ingkang sami pindhah dhatêng karajan sanès.
Kacariyos ing satunggaling mångså, sang nåtå miyos	Kacariyos ing satunggaling mångså, sang nåtå miyos

Lajêngipun *tabel*

Transliterasi Standar	***Suntingan Standar***
tinangkil ingadhêp pårå sénåpati, patih, tuwin pårå putrå santånå, angrêmbag ing bab anggènipun badhé mangun prang, sartå kadospundi tumrap sakécaning lampah. Sang nåtå dèrèng ngantos dumugi anggènipun ngandikan, kasaru gêdêring jawi alok amuk-amuk. Ing pasében jawi wontên satunggaling tiyang jalêr gagah prakoså agêng inggil, anyipêngi dhuwung ligan sar|**4**|tå miyak ingkang sami sowan, narancak minggah amurugi dhampar palênggahan nåtå. Nanging dèrèng ngantos dumugi lajêng katangkêp sartå dipuncêpêng déning pårå sénåpati, badhé kabåndå, nanging botên purun, kalawan suwårå sorå ingkang ngantos kapirêng déning sang nåtå tiyang wau wicantên, "Dhuh, para sénåpati. Kulå sampun sampéyan båndå, jalaran anggèn kulå mriki kalawan angligå dhuwung punikå. Kulå panci badhé anjajal kasêktènipun ratu ingkang ambêk kumlungkung, ingkang sawênang-wênang, ingkang damêl botên sênêng kitå sadåyå, sartå badhê kulå cobi kulå prajåyå kalawan dhuwung kulå punikå, sagêd tumåmå punåpå botên."	tinangkil ingadhêp pårå sénåpati, patih, tuwin pårå putrå **santånå**[c], angrêmbag ing bab anggènipun badhé mangun **prang**[b], sartå kadospundi tumrap sakécaning lampah. Sang nåtå dèrèng ngantos dumugi anggènipun ngandikan, kasaru gêdêring jawi alok amuk-amuk. Ing pasében jawi wontên satunggaling tiyang jalêr gagah prakoså agêng inggil, **any{ê}pêngi**[2] dhuwung ligan sar|**4**|tå miyak ingkang sami sowan, narancak minggah amurugi dhampar palênggahan nåtå. Nanging dèrèng ngantos dumugi lajêng katangkêp sartå dipuncêpêng déning pårå sénåpati, badhé kabåndå, nanging botên purun, kalawan **suwårå**[d] sorå ingkang ngantos kapirêng déning sang nåtå tiyang wau wicantên, "Dhuh, para sénåpati. Kulå sampun sampéyan båndå, jalaran anggèn kulå mriki kalawan angligå dhuwung punikå. Kulå **panci**[a] badhé anjajal kasêktènipun ratu ingkang ambêk kumlungkung, ingkang sawênang-wênang, ingkang damêl botên sênêng kitå sadåyå, sartå badhê kulå cobi kulå prajåyå kalawan dhuwung kulå punikå, sagêd tumåmå punåpå botên."
|**5**|Tiyang wau badhé kabåndå, nanging sang nåtå botên kaparêng sartå kadhawahan marak ing ngarsanipun, kalawan kajagi ingkang sampurnå tiyang wau kairid sowan ing ngarsa nåtå. Sang prabu lajêng ngandika, "Èh, wong kang kêndêl. Aku pitakon marang sirå, åpå sababé lan åpå karêpirå têkå mréné kalawan angligå curigå, payo tumuli umaturå." Tiyang wau lajêng matur sartå walèh kalawan tanpå ajrih sakêdhik-kêdhikå, "Dhuh, sang nåtå binåthårå, sowanipun abdi dalêm kawulå ing ngarsa panjênêngan dalêm nåtå punikå sajatosipun némung	|**5**|Tiyang wau badhé kabåndå, nanging sang nåtå botên kaparêng sartå **kadhaw{u}han**[3] marak ing ngarsanipun, kalawan kajagi ingkang sampurnå tiyang wau kairid sowan ing ngarsa nåtå. Sang prabu lajêng ngandika, "Èh, wong kang kêndêl. Aku pitakon marang sirå, åpå sababé lan åpå karêpirå têkå mréné kalawan angligå curigå, **payo**[e] tumuli umaturå." Tiyang wau lajêng matur sartå walèh kalawan tanpå ajrih sakêdhik-kêdhikå, "Dhuh, sang nåtå binåthårå, sowanipun abdi dalêm kawulå ing ngarsa panjênêngan dalêm nåtå punikå sajatosipun **n{a}mung**[4]

Lajêngipun *tabel*

Transliterasi Standar	***Suntingan Standar***
mligi badhé anyédani padukå.”	mligi badhé anyédani padukå.”
Sang nåtå midhangêt aturipun tiyang **|6|**wau, kadadak dukaning panggalih lajêng ngandikå soråingkang damêl girising manahipun ingkang sami mirêng, “Èh, wong kang lancang! Sadurungé ingsun mutus ukuman åpå kang ingsun paringaké marang sirå, ingsun arêp mangrêti sartå wêruh såpå kang dadi pêparab lan jênêngirå.” Aturipun tiyang wau, “Dhuh, Ingkang Sikuwun, manawi panjênêngan andangu nami sartå dunungipun abdi dalêm, nami kawulå Kartådångså, padununganawulå ing dhusun sapinggiring kithå punikå.” Sang nåtå lajêng ngandikå kalawan sêrêng sartå pucêt wadananipun, mratandhani bilih sang nåtå dukå sangêt, pangandikanipun. “Èh, wong kang ambêg kumåwåså, samêngko ingsun paring paukuman marang jênêng sirå kalawan ukuman kisasyå supåyå **|7|**ora ånå wong kang tumindak kåyå sirå manèh, lan bakal katindakaké ing dinå iki ugå.”	Sang nåtå midhangêt aturipun tiyang **|6|**wau, kadadak dukaning panggalih lajêng ngandikå soråingkang damêl girising manahipun ingkang sami mirêng, “Èh, wong kang lancang! Sadurungé ingsun mutus ukuman åpå kang ingsun paringaké marang sirå, ingsun arêp mangrêti sartå wêruh såpå kang dadi pêparab lan jênêngirå.” Aturipun tiyang wau, “Dhuh, Ingkang **Si{n}uwun**[5], manawi panjênêngan andangu nami sartå dunungipun abdi dalêm, nami kawulå Kartådångså, padununganawulå ing dhusun sapinggiring kithå punikå.” Sang nåtå lajêng ngandikå kalawan sêrêng sartå pucêt wadananipun, mratandhani bilih sang nåtå dukå sangêt, pangandikanipun. “Èh, wong kang **ambê{k}**[6] **kumåwåså**[f], samêngko ingsun paring paukuman marang jênêng sirå kalawan ukuman **kisas(yå)**[7] supåyå **|7|**ora ånå wong kang tumindak kåyå sirå manèh, lan bakal katindakaké ing dinå iki ugå.”
Kacariyos tiyang wau, Pak Kartådångså, mirêng pangandikå putusanipun sang prabu, manahipun botên pisan-pisan ngêdhap, polatanipun tajêm, mratandhani bilih tiyang ing prawirå, kalawan suwaktên ingkang têtêg piyambakipun matur, aturipun, “Dhuh, Ingkang Sinuhun, sadåyå pangandikå dalêm kawulå sampun mangrêtos, lan kawulå tampi kalawan sênênging manah. Nanging, kados-kados sampun kalêbêt ing undhang-undhang padukå nåtå, bilih tiyang ingkang badhé kakisas punikå kaparêng anggadhahi panyuwun, sartå panyuwun wau badhé kaparêng**|8|**akên.” Pangandikanipun sang	Kacariyos tiyang wau, Pak Kartådångså, mirêng pangandikå putusanipun sang prabu, manahipun botên pisan-pisan ngêdhap, polatanipun tajêm, mratandhani bilih tiyang ing prawirå, kalawan **suwa{n}tên**[8g] ingkang têtêg piyambakipun matur, aturipun, “Dhuh, Ingkang Sinuhun, sadåyå pangandikå dalêm kawulå sampun mangrêtos, lan kawulå tampi kalawan sênênging manah. Nanging, kados-kados sampun kalêbêt ing undhang-undhang padukå nåtå, bilih tiyang ingkang badhé kakisas punikå kaparêng anggadhahi panyuwun, sartå panyuwun wau badhé kaparêng|8|akên.” Pangandikanipun sang prabu, “Iyå

Lajêngipun *tabel*

Transliterasi Standar	***Suntingan Standar***
prabu, “Iyå bênêr, kabèh panyuwuné wong kang arêp kinisas diparêngaké, nanging kang sakirå ora gawé pitunå, lan ora gawé rêndhêt tumindaké paukuman mau. Måråh! Sirå umaturå, åpå mungguh kang dadi panyuwunirå mau.” Unjukipun Pak Kartådångså makatên, “Dhuh, Ingkang Sinuhun. Abdi dalêm kawulå gadhah panyuwun, amargi kapénakan kawulå bénjing énjing badhé rabi, mugi wontênå kawêlasan dalêm paring inah, inggih punikå tigang dintên malih.” Pangandikanipun sang prabu, “Kartådångså, mungguh panyuwunirå mau mêsthi baé ugå ingsun parêngaké, nanging jalaran pidananingsun kang tumrap sirå iku ukum pati, dadi kudu ånå wong liyå kang sirå tigunga|**9**|ké, supåyå yèn sirå ora nêtêpi kang dadi janjinirå, wong mau kênå kanggo lirunirå, sartå bakal kakisas yèn wus têkå ing dinå patêmbayanirå.” Tiyang wau munjuk malih, “Kasinggihan dhawuh pangandikå dalêm, Gusti! Abdi dalêm kawulå ugi badhé andhèrèk punåpå ingkang dados kaparêng dalêm. Sakêdhap malih abdi dalêm badhé sowan ing ngarså dalêm, angaturakên tiyang ingkang dados lirunipun abdi dalêm. Sapunikå abdi dalêm kawulå kaparêngå mundur, sartå supados panjênêngan dalêm botên sumêlang, prayogi abdi dalêm kawulå kajagiå déning pårå sénåpati sawatawis.”	bênêr, kabèh panyuwuné wong kang arêp kinisas diparêngaké, nanging kang sakirå ora gawé pitunå, lan ora gawé rêndhêt tumindaké paukuman mau. Måråh! Sirå umaturå, åpå mungguh kang dadi panyuwunirå mau.” Unjukipun Pak Kartådångså makatên, “Dhuh, Ingkang Sinuhun. Abdi dalêm kawulå gadhah panyuwun, amargi kapénakan kawulå bénjing énjing badhé rabi, mugi wontênå kawêlasan dalêm paring inah, inggih punikå tigang dintên malih.” Pangandikanipun sang prabu, “Kartådångså, mungguh panyuwunirå mau mêsthi baé ugå ingsun parêngaké, nanging jalaran pidananingsun kang tumrap sirå iku ukum pati, dadi kudu ånå wong liyå kang sirå tigunga|**9**|ké, supåyå yèn sirå ora nêtêpi kang dadi janjinirå, wong mau kênå kanggo lirunirå, sartå bakal kakisas yèn wus têkå ing dinå patêmbayanirå.” Tiyang wau munjuk malih, “Kasinggihan dhawuh pangandikå dalêm, Gusti! Abdi dalêm kawulå ugi badhé andhèrèk punåpå ingkang dados kaparêng dalêm. Sakêdhap malih abdi dalêm badhé sowan ing ngarså dalêm, angaturakên tiyang ingkang dados lirunipun abdi dalêm. Sapunikå abdi dalêm kawulå kaparêngå mundur, sartå supados panjênêngan dalêm botên sumêlang, prayogi abdi dalêm kawulå kajagiå déning pårå sénåpati sawatawis.”
Aturipun Pak Kartådångså wa|**10**|u sadåyå dipunparêngakên. Kartådångså lajêng mundur, kairingakên pårå sénåpati sawatawis. Sadumuginipun ing griyå, Kartadangså lajêng manggihi salah satunggaling mitranipun ingkang sampun tunggil raos, utawi sadhèrèkipun, sinåråwèdi, kadadosakên	Aturipun Pak Kartådångså wa|**10**|u sadåyå dipunparêngakên. Kartådångså lajêng mundur, kairingakên pårå sénåpati sawatawis. Sadumuginipun ing griyå, Kartadangså lajêng manggihi salah satunggaling mitranipun ingkang sampun tunggil raos, utawi sadhèrèkipun, sinåråwèdi, kadadosakên

Lajêngipun *tabel*

Transliterasi Standar	***Suntingan Standar***
tanggêlaning badanipun. Sadhèrèkipun wau sagah kalawan sênênging manah, lajêng kairid sowan ing ngarsanipun sang prabu.	tanggêlaning badanipun. Sadhèrèkipun wau sagah kalawan sênênging manah, lajêng kairid sowan ing ngarsanipun sang prabu.
Kacariyos Pak Kartådångså sasampunipun ngêturakên sadhèrèkipun wau, lajêng bidhal pangkat dhatêng ing panggènaning anak kapénakanipun ingkang badhé rabi. Kacariyos lampahipun Pak Kartådångså ginêlak, bo|**11**|tên anggétang pringgåbayaning margi. Cêkaking cariyos, Pak Kartå wau sampun dumugi ing panggènan ingkang tinuju. Sasampunipun bagé-binagé mênggahing kawilujênganipun, lajêng sami nindakakên kaprêluwanipun piyambak-piyambak. Botên kacariyosakên ingkang sami sênêng-sênêng. Cêkakipun anggènipun gadhah damêl sampun rampung, Pak Kartådångså lajêng pamit mantuk, sartå anyariyosakên bilih piyambakipun badhé kaukum kisas, lan bok manawi inggih ing dintên punikå wêkasanipun anggènipun sami sagêd pêpanggihan. Pårå sadhèrèkipun mirêng cariyosipun Pak Kartådångså wau kagèt sa|**12**|ngêt, manahipun sakalangkung sêdhih, nanging kados pundi malih, sampun karsanipun ingkang Måhå-Kawåså, dados namung mandhêg tangisan kémawon. Sasampunipun ragi lilih sawatawis, Pak Kartådångså lajêng pamit mantuk sartå mêling sampun sami susah manahipun, amargi susahing manah ingkang kados makatên tanpå damêl, jalaran botên sagêd ngéwahi kawèntênan, sartå samêngkêripun supados sanak sadhèrèk sami purun ngrimati dhatêng sanak sadhèrèkipun lan anak bojonipun ingkang dados tanggêlanipun. Sanak	Kacariyos Pak Kartådångså sasampunipun **ng{a}turakên**[9] sadhèrèkipun wau, lajêng bidhal pangkat dhatêng ing panggènaning anak kapénakanipun ingkang badhé rabi. Kacariyos lampahipun Pak Kartådångså ginêlak, bo|**11**|tên anggétang pringgåbayaning margi. Cêkaking cariyos, Pak Kartå wau sampun dumugi ing panggènan ingkang tinuju. Sasampunipun bagé-binagé mênggahing kawilujênganipun, lajêng sami nindakakên kaprêluwanipun piyambak-piyambak. Botên kacariyosakên ingkang sami sênêng-sênêng. Cêkakipun anggènipun gadhah damêl sampun rampung, Pak Kartådångså lajêng pamit mantuk, sartå anyariyosakên bilih piyambakipun badhé kaukum kisas, lan bok manawi inggih ing dintên punikå wêkasanipun anggènipun sami sagêd pêpanggihan. Pårå sadhèrèkipun mirêng cariyosipun Pak Kartådångså wau kagèt sa|**12**|ngêt, manahipun sakalangkung sêdhih, nanging kados pundi malih, sampun karsanipun ingkang Måhå-**Kawåså**[f], dados namung mandhêg tangisan kémawon. Sasampunipun **ragi**[h] lilih sawatawis, Pak Kartådångså lajêng pamit mantuk sartå mêling sampun sami susah manahipun, amargi susahing manah ingkang kados makatên tanpå damêl, jalaran botên sagêd ngéwahi **kawèntênan**[i], sartå samêngkêripun supados sanak sadhèrèk sami purun ngrimati dhatêng sanak sadhèrèkipun lan anak bojonipun ingkang dados tanggêlanipun. Sanak sadhèrèkipun sami sagah,

Lajêngipun *tabel*

Transliterasi Standar	***Suntingan Standar***
sadhèrèkipun sami sagah, Pak Kartådång|**13**|så lajêng bidhal.	Pak Kartådång|**13**|så lajêng bidhal.
Kacariyos lampahipun Pak Kartådångså rêrikatan, jalaran kantun sadintên bénjing énjing, amargi manawi sampun têlat, mitranipun ingkang tanpå doså wau têmtu badhé kakisas ingkang tanpå doså, sartå piyambakipun rumaos doså ingkang matumpuk-tumpuk. Wancinipun kintên-kintên bakdå luhur suryå manjêr wontên ing têngah lêrês, sorotipun kados-kados badhé amêcah-mêcahnå sirahipun Pak Kartådångså ingkang kasêså punikå. Lampahipun Pak Kartå dumugi satunggaling lèpèn ingkang ing wingi |**14**|dipunsabrangi. Saibå kagèting manahipun, jalaran lèpèn wau bênå, tur bênå wau bênå bandhang ingkang toyanipun sakalangkung santêr. Ciptanipun Pak Kartå, "É, lah, katiwasan aku, kaliné banjir, lamun tak sabrangi, mêngko gèk aku mati klêlêp, yèn ora daksabrangi, gèk kapriyé manèh, sadulurku mêsthi kagantung. Wis tå, tinimbang aku wêruh lan ngrungu matiné sadulur kang suci, kang ambélani aku, aluwung aku matiå klêlêp ing kali iki baé, sokur aku biså slamêt lan biså anggêntèni sadulurku, sadurungé kasèp wêktuné." Kalawan tanpå wangwang, |**15**|Pak Kartådångså ingkang ambêk prawirå lan luhur ing budi wau, lajêng ambyur nglangi nyabrangi lèpèn wau kalawan rêkaosing manah sartå badanipun. Wasånå Pak Kartådångså ugi sagêd dumugi ing sabranging lêlèpèn, nanging kabêktå saking kabênthuk-bênthuk ing kêkajêngan ingkang sami rungkad kéntiring toyå, badanipun lungkrah, tatu-tatu kathah, nanging bêkjå déné namung tatu-tatu ènthèng kémawon. Sanajan makatênå, dumugi ing pêntasan	Kacariyos lampahipun Pak Kartådångså rêrikatan, jalaran kantun sadintên bénjing énjing, amargi manawi sampun têlat, mitranipun ingkang tanpå doså wau têmtu badhé kakisas ingkang tanpå doså, sartå piyambakipun rumaos doså ingkang matumpuk-tumpuk. Wancinipun kintên-kintên bakdå luhur suryå manjêr wontên ing têngah lêrês, sorotipun kados-kados badhé amêcah-mêcahnå sirahipun Pak Kartådångså ingkang kasêså punikå. Lampahipun Pak Kartå dumugi satunggaling lèpèn ingkang ing wingi |**14**|dipunsabrangi. Saibå kagèting manahipun, jalaran lèpèn wau bênå, tur bênå wau bênå bandhang ingkang toyanipun sakalangkung santêr. Ciptanipun Pak Kartå, "É, lah, katiwasan aku, kaliné banjir, lamun tak sabrangi, mêngko gèk aku mati klêlêp, yèn ora daksabrangi, gèk kapriyé manèh, sadulurku mêsthi kagantung. Wis tå, tinimbang aku wêruh lan ngrungu matiné sadulur kang suci, kang ambélani aku, aluwung aku matiå klêlêp ing kali iki baé, sokur aku biså slamêt lan biså anggêntèni sadulurku, sadurungé kasèp wêktuné." Kalawan tanpå wangwang, |**15**|Pak Kartådångså ingkang ambêk prawirå lan luhur ing budi wau, lajêng ambyur nglangi nyabrangi lèpèn wau kalawan rêkaosing manah sartå badanipun. Wasånå Pak Kartådångså ugi sagêd dumugi ing sabranging lêlèpèn, nanging kabêktå saking kabênthuk-bênthuk ing kêkajêngan ingkang sami rungkad kéntiring toyå, badanipun lungkrah, tatu-tatu kathah, nanging **bê{g}jå**[10] déné namung tatu-tatu ènthèng kémawon. Sanajan makatênå, dumugi ing pêntasan piyambakipun mêksa

Lajêngipun *tabel*

Transliterasi Standar	***Suntingan Standar***
piyambakipun mêksâ sumrêpêt panonipun. Wasânâ lajêng sumaput dhawah wontên ing pinggiring lèpèn wau.	sumrêpêt panonipun. Wasânâ lajêng sumaput dhawah wontên ing pinggiring lèpèn wau.
|16|Kintên-kintên saêjam saking anggènipun sumaput wau, Pak Kartâdângsâ lajêng èngêt, wasânâ tangi alon-alon, kalawan lampah ingkang galuyuran, piyambakipun anglajêngakên lampahipun. Piyambakipun ngêlak sangêt, nanging badhé pados toyâ sacêgukan kémawon botên sagêd angsal, wusânâ lajêng ambruk malih dhawah ing siti, kakiyatanipun sampun mèh têlas babar pisan. Dumadakan piyambakipun lajêng èngêt dhatêng Gusti Allah ingkang asipat kawâsâ, ingkang Mâhâ-Mirah tur Mâhâ-Asih, lajêng nyênyuwun. Panyuwunipun makatên, "Dhuh, Gusti Allah, ingkang dados Pangéraning sadâyâ alam. Kawulâ **|17|**matur gunging panuwun déné kawulâ sampun Panjênêngan lêpatakên saking bêbâyâ bênâ, sartâ ing mangké kawulâ nyuwun sih kamirahanipun Pangéran, mugi paringâ toyâ ingkang kénging kawulâ ombé, supados abdi dalêm kawulâ sagêd nêtêpi ingkang dados patêmbayan kawulâ, lan sagêdâ angluwari dhatêng sadhèrèk kulâ ingkang kawulâ tanggêlakên dhumatêng Ingkang Sinuhun. Dhuh, Gusti, mugi wêlas saking badan kawulâ, amin, amin, amin." Panalangsanipun Pak Kartâdângsâ sajakipun katarimah déning Pangéran. Dumadakan piyambakipun mirêng kumriciking toyâ ingkang watawi**|18|**s botên têbih saking papan anggènipun gumléthak wau, kalawan matur sukur ing Pangéran, Pak Kartâdângsâ lajêng ambrangkang amurugi dhatêng papan utawi arah kumricikipun toyâ wau. Sarêng pinanggih, Pak	**|16|**Kintên-kintên **saêjam**[j] saking anggènipun sumaput wau, Pak Kartâdângsâ lajêng èngêt, wasânâ tangi alon-alon, kalawan lampah ingkang **galuyuran**[k], piyambakipun anglajêngakên lampahipun. Piyambakipun ngêlak sangêt, nanging badhé pados toyâ sacêgukan kémawon botên sagêd angsal, wusânâ lajêng ambruk malih dhawah ing siti, kakiyatanipun sampun mèh têlas babar pisan. Dumadakan piyambakipun lajêng èngêt dhatêng Gusti Allah ingkang asipat **kawâsâ**[f], ingkang Mâhâ-Mirah tur Mâhâ-Asih, lajêng nyênyuwun. Panyuwunipun makatên, "Dhuh, Gusti Allah, ingkang dados Pangéraning sadâyâ alam. Kawulâ **|17|**matur gunging panuwun déné kawulâ sampun Panjênêngan **lêpa{s}akên**[11] saking bêbâyâ bênâ, sartâ ing mangké kawulâ nyuwun sih kamirahanipun Pangéran, mugi paringâ toyâ ingkang kénging kawulâ ombé, supados abdi dalêm kawulâ sagêd nêtêpi ingkang dados patêmbayan kawulâ, lan sagêdâ angluwari dhatêng sadhèrèk kulâ ingkang kawulâ tanggêlakên dhumatêng Ingkang Sinuhun. Dhuh, Gusti, mugi wêlas saking badan kawulâ, amin, amin, amin." **Panalangsanipun**[l] Pak Kartâdângsâ sajakipun **katarimah**[m] déning Pangéran. Dumadakan piyambakipun mirêng kumriciking toyâ ingkang watawi**|18|**s botên têbih saking papan anggènipun gumléthak wau, kalawan matur sukur ing Pangéran, Pak Kartâdângsâ lajêng ambrangkang amurugi dhatêng papan utawi arah kumricikipun toyâ wau.

Lajêngipun *tabel*

Transliterasi Standar	***Suntingan Standar***
Kartådångså tumuntên ngunjuk toyå wau. Sasampunipun ngunjuk, Pak Kartå badanipun kraos sêgêr pulih kados wau-waunipun. Ing wêkdal punikå kintên-kintên ing wêkdal ngasar, Pak Kartådångså jalaran santri, lajêng èngêt dhatêng kuwajibanipun, tumuntên ngabêkti ing Gusti Allah wontên ing sacêlakipun tuking toyå punikå. Sasampu|**19**|nipun andêdongå sawatawis, Pak Kartå lajêng bidhal anglajêngakên lampahipun.	Sarêng pinanggih, Pak Kartådångså tumuntên ngunjuk toyå wau. Sasampunipun ngunjuk, Pak Kartå badanipun kraos sêgêr pulih kados wau-waunipun. Ing wêkdal punikå kintên-kintên ing wêkdal ngasar, Pak Kartådångså jalaran santri lajêng èngêt dhatêng kuwajibanipun, tumuntên ngabêkti ing Gusti Allah wontên ing sacêlakipun tuking toyå punikå. Sasampu|**19**|nipun andêdongå sawatawis, Pak Kartå lajêng bidhal anglajêngakên lampahipun.
Kacariyos lampahipun Pak Kartådångså tanpå kèndêl, kèndêl-kèndêl manawi ing wêkdalipun salat. Lampahipun dumugi ing têngah wånå kintên-kintên jam satunggal dalu, lajêng sêmbahyang khajat, nyênyuwun ing Pangèran, mugi-mugi Gusti Allah anyêmbadani ingkang dados panuwunipun. Sarampungipun, lajêng bidhal anglajêngakên lampah. Jalaran saking wiyar lan panjangipun wånå wau, ngantos jam sakawan énjing Pak Kartå dèrèng dumugi ing sapinggiring wånå. Kintên-kintê|**20**|n ing wanci byar rahinå, Pak Kartådångså sumêrêp kalawan cêthå bilih margi ingkang badhé kaambah punikå dipunadhangi déning tiyang tigå ingkang agêng-agêng lan santosa. Tiyang wau rarêng sumêrêp dhatêng Pak Kartådångså lajêng jawil kancanipun sartå wicantên, "É, lah, kabênêran kåncå. Aku angadhang ånå ing kéné sawêngi ora ånå pangan, kabênêran ing wêktu iki ånå wong têkå. Ayo kåncå pådhå ditandangi, sajakê kok kåyå wong sugih." Pak Kartådångså ugi mirêng wicantênipun têtiyang wau, nanging api-api botên mangrêtos, lajêng nasak kémawon dhatêng têtiyang ingkang	Kacariyos lampahipun Pak Kartådångså tanpå kèndêl, kèndêl-kèndêl manawi ing wêkdalipun salat. Lampahipun dumugi ing têngah wånå kintên-kintên jam satunggal dalu, lajêng sêmbahyang khajat, nyênyuwun ing Pangèran, mugi-mugi Gusti Allah anyêmbadani ingkang dados panuwunipun. Sarampungipun, lajêng bidhal anglajêngakên lampah. Jalaran saking wiyar lan panjangipun wånå wau, ngantos jam sakawan énjing Pak Kartå dèrèng dumugi ing sapinggiring wånå. Kintên-kintê|**20**|n ing wanci byar rahinå, Pak Kartådångså sumêrêp kalawan cêthå bilih margi ingkang badhé kaambah punikå dipunadhangi déning tiyang tigå ingkang agêng-agêng lan santosa. Tiyang wau **{s}arêng**[12] sumêrêp dhatêng Pak Kartådångså lajêng jawil kancanipun sartå wicantên, "É, lah, kabênêran kåncå. Aku angadhang ana ing kéné sawêngi ora ånå pangan, kabênêran ing wêktu iki ånå wong têkå. Ayo kåncå pådhå ditandangi, sajakê kok kåyå wong sugih." Pak Kartådångså ugi mirêng wicantênipun têtiyang wau, nanging api-api botên mangrêtos, lajêng nasak kémawon dhatêng têtiyang

Lajêngipun *tabel*

Transliterasi Standar	***Suntingan Standar***
sami ngadhang wa|**21**|u, nanging dipunalang-alangi. Têtiyang wau api-api nêdhå latu, wicantênipun, “Dhuh, Ki Sanak, bok kulå samang tulungi. Kulå ajêng udut botên duwé gêni, nyuwun tulung nyilih rèké.” Wangsulanipun Pak Kartå, “O, puntên dikå mawon Kang, kulå botên anggåwå rèk.” Tiyang wau mirêng wangsulanipun Pak Tådångså wau. Ingkang sajak tiyang jirih lajêng wicantên sugal kalayan malang kadhak, “Èh, sanak, satêmêné aku ora anjaluk gêni têmênan, nanging aku arêp anjaluk barang-barang kang kogåwå, sajaké kowé têkå anggåwå dhuwit akèh.” Pak Kartådångså mi|**22**|rêng wicantênanipun tiyang wau, lajêng mangsuli, “Lo, mêngko dhisik tå. Aku orå anggåwå åpå-åpå lan awaku iki wus dadi kagungané sang prabu, jalaran mêngko jam têlu aku kinisas, Saiki panjaluku, aku wènèhånå dalan, kowé kabèh åjå pådhå ngalang-alangi kang dadi lakuku.” Tiyang tigå lajêng wicantênan sarêng, “É, é, kok énak yå. Kowé arêp lumaku kalawan sênêng? Ora biså! Kowé mêsthi tak alang-alangi lan sadurungé sirahmu pisah kalawan gêmbungmu, ora biså kowé slamêt lumaku ing kéné.” Jalaran Pak Kartådångså mirêng suwantên ingkang botên sa|**23**|kécå kamirêngakên wau, lajêng tuwuh kapurunanipun. Wasånå lajêng ngadêg jêjêg lan wicantên, “Yå, bêcik. Yèn kowé kapêkså arêp ngalap awaku kang wus dadi kanggunganing ratu, yå sakarêpmu, mårå tindaknå åpå kang arêp kotindakaké!” Têtiyang tigå wau mirêng wangsulanipun tiyang inggang gagah wau, gumun sangêt ngantos kamitênggêngên. Pak Kartådångså botên talompé lajêng narik	ingkang sami ngadhang wa|**21**|u, nanging dipunalang-alangi. Têtiyang wau api-api nêdhå latu, wicantênipun, “Dhuh, Ki Sanak, bok kulå samang tulungi. Kulå ajêng udut botên duwé gêni, nyuwun tulung nyilih rèké.” Wangsulanipun Pak Kartå, “O, puntên dikå mawon Kang, kulå botên anggåwå rèk.” Tiyang wau mirêng wangsulanipun Pak **<Kar>tådångså**[13] wau. Ingkang sajak tiyang jirih lajêng wicantên sugal kalayan malang kadhak, “Èh, sanak, satêmêné aku ora anjaluk gêni têmênan, nanging aku arêp anjaluk barang-barang kang kogåwå, sajaké kowé têkå anggåwå dhuwit akèh.” Pak Kartådångså mi|**22**|rêng wicantênanipun tiyang wau, lajêng mangsuli, “Lo, mêngko dhisik tå. Aku orå anggåwå åpå-åpå lan awaku iki wus dadi kagungané sang prabu, jalaran mêngko jam têlu aku kinisas. Saiki panjaluku, aku wènèhånå dalan, kowé kabèh åjå pådhå ngalang-alangi kang dadi lakuku.” Tiyang tigå lajêng wicantênan sarêng, “É, é, kok énak yå. Kowé arêp lumaku kalawan sênêng? Ora biså! Kowé mêsthi tak alang-alangi lan sadurungé sirahmu pisah kalawan gêmbungmu, ora biså kowé slamêt lumaku ing kéné.” Jalaran Pak Kartådångså mirêng **suwantên**[g] ingkang botên sa|**23**|kécå kamirêngakên wau, lajêng tuwuh kapurunanipun. Wasånå lajêng ngadêg jêjêg lan wicantên, “Yå, bêcik. Yèn kowé kapêkså arêp ngalap awaku kang wus dadi **ka(ng)gunganing**[14] ratu, yå sakarêpmu, mårå tindaknå åpå kang arêp kotindakaké!” Têtiyang tigå wau mirêng wangsulanipun tiyang ingkang gagah wau, gumun sangêt ngantos kamitênggêngên. Pak Kartådångså botên **talompé**[n] lajêng narik

Lajêngipun *tabel*

Transliterasi Standar	***Suntingan Standar***
dhuwungipun. Ingkang satunggal pinarjåyå têmbus ing walikåtipun, pêjah kapisanan. Kancanipun sumêrêp kancanipun pêjah lajêng ngrubut. Lajêng dados påncåkårå ramé sangêt. Wasånå bégal kêkalih pêjah. Pak Kartå|**24**|dångså sampunipun mêmuji sukur ing Pangéran, tumuntên anglajêngakên lampahipun.	dhuwungipun. Ingkang satunggal pinarjåyå têmbus ing walikåtipun, pêjah kapisanan. Kancanipun sumêrêp kancanipun pêjah lajêng ngrubut. Lajêng dados påncåkårå ramé sangêt. Wasånå bégal kêkalih pêjah. Pak Kartå|**24**|dångså sampunipun mêmuji sukur ing Pangéran, tumuntên anglajêngakên lampahipun.
Sapunikå kintên-kintên mèh jam sadåså siyang, Pak Kartådångså lampahipun ginêlak, ing mångkå manawi mangké kintên-kêntên jam tigå, manawi dèrèng tumugi ing kithå, mitranipun ingkang tanpå doså punikå têmtu kêlajêng kakisas. Têbihipun papan wau saking kithå kintên-kintên lampahan ênêm jam lumampah suku. Dados Pak Kartå rumaos botên sagêd anêtêpi janjinipun. Dilalah karsaning Pangéran, kintên-kintên wanci jam kalih siyang, ing margi ingkang dipunlangkungi wontên tiyang ingkang wêlas dha|**25**|têng piyambakipun, lajêng anyambuti kapal, sartå badhé angêtêrakên ngantos sarampungipun prakawis.	Sapunikå kintên-kintên mèh jam sadåså siyang, Pak Kartådångså lampahipun ginêlak, ing mångkå manawi mangké kintên-**k{i}ntên**[15] jam tigå, manawi dèrèng **{d}umugi**[16] ing kithå, mitranipun ingkang tanpå doså punikå têmtu kêlajêng kakisas. Têbihipun papan wau saking kithå kintên-kintên lampahan ênêm jam lumampah suku. Dados Pak Kartå rumaos botên sagêd anêtêpi janjinipun. Dilalah karsaning Pangéran, kintên-kintên wanci jam kalih siyang, ing margi ingkang dipunlangkungi wontên tiyang ingkang wêlas dha|**25**|têng piyambakipun, lajêng anyambuti kapal, sartå badhé angêtêrakên ngantos sarampungipun prakawis.
Pak Kartådångså lajêng numpak kapalipun kairinganên déning tiyang wau. Lampahipun gêgancangan tumuju dhumatêng ing kithå. Kintên-kintên jam satêngah tigå, ing kithå sampun kathah sangêt têtiyang ingkang lumampah andalidir tumuju ing alun-alun badhé ningali tiyang ingkang badhé kaukum kisas. Sadumuginipun têpis wiring kithå, Pak Kartådångså angêtab tumpakanipun, kasandêrakên lumêbêt ing kithå. Lampahipun gêgancangan tumuju ing alun-alun, ngantontos |**26**|tiyang ingkang ngiringakên kantun sawatawis	Pak Kartådångså lajêng numpak kapalipun **kairinga{k}ên**[17] déning tiyang wau. Lampahipun gêgancangan tumuju dhumatêng ing kithå. Kintên-kintên jam satêngah tigå, ing kithå sampun kathah sangêt têtiyang ingkang lumampah **andalidir**[o] tumuju ing alun-alun badhé ningali tiyang ingkang badhé kaukum kisas. Sadumuginipun têpis wiring kithå, Pak Kartådångså angêtab tumpakanipun, kasandêrakên lumêbêt ing kithå. Lampahipun gêgancangan tumuju ing alun-alun, **ngan(ton)tos**[18] |**26**|tiyang ingkang ngiringakên kantun sawatawis

Lajêngipun *tabel*

Transliterasi Standar	***Suntingan Standar***
têbih. Sadumuginipun ing alun-alun, têtiyang ingkang ningali sampun kêbak, lan cagak pagantungan sampun cumawis, sartå mitranipun Pak Kartådångså wau sampun badhé kainggahakên. Pak Kartådångså amiyak tiyang ingkang ningali kalawan kapalipun sartå ambêngok-bêngok, "Mandhêg! Mandhêg dhisik! Wong iku ora doså. Aku kang doså. Aku kang pantês ginantung." Kyai Måndåråkå mirêng pambêngok wau lajêng kèndêl, nyarantosakên sintên ingkang nyuwantên wau. Botên antawis dangu, Pak Kartådångså katingal numpak kapal, lajêng **|27|**mandhap saking tumpakanipun sartå wicantên sêru, "Kyai Måndåråkå! Mangké rumiyin! Kulå ingkang doså, lan kulå ing pantês kakisas. Sadhèrèk kulå wau kulå aturi ngluwari." Pak Kartådångså méngo manêngên, sumêrêp sang nåtå anjênêngi, lajêng manthuk. Sasampunipun mitranipun Pak Kartådångså dipunuculi, tumuntên murugi dhatêng Pak Kartå, tumuntên arangkulan sartå têtangisan. Pak Kartådångså sukå wilujêng dhatêng sadåyå mitrå ingkang kantun. Makatên ugi mitranipun sami sukå wilujêng, mugi-mugi sakécå ingkang dados lampahipun, sartå wilujêng dumugi ing panggè**|28|**nan ingkang tinuju. Wusånå lajêng sami mandhap saking panggung pagantungan, kantun Pak Kartådångså piyambak. Sarêng sang nåtå sumêrêp Pak Kartådångså tiyang ingkang sêtya tuhu sartå têmên ing prasêtyå wau badhé kainggahên ing pagantungan, panggalihipun wêlas, botên dumugi mriksani tiyang ingkang sêtyå wau kagantung. Wasånå lajêng ngandikå, "Wus, wus cukup saméné baé anggoningsun angukum marang Kartådångså	têbih. Sadumuginipun ing alun-alun, têtiyang ingkang ningali sampun kêbak, lan cagak pagantungan sampun cumawis, sartå mitranipun Pak Kartådångså wau sampun badhé kainggahakên. Pak Kartådångså amiyak tiyang ingkang ningali kalawan kapalipun sartå ambêngok-bêngok, "Mandhêg! Mandhêg dhisik! Wong iku ora doså. Aku kang doså. Aku kang pantês ginantung." Kyai Måndåråkå mirêng pambêngok wau lajêng kèndêl, nyarantosakên sintên ingkang **nyuwantên[g]** wau. Botên antawis dangu, Pak Kartådångså katingal numpak kapal, lajêng **|27|**mandhap saking tumpakanipun sartå wicantên sêru, "Kyai Måndåråkå! Mangké rumiyin! Kulå ingkang doså, lan kulå **ing<kang>**[19] pantês kakisas. Sadhèrèk kulå wau kulå aturi ngluwari." Pak Kartådångså méngo manêngên, sumêrêp sang nåtå anjênêngi, lajêng manthuk. Sasampunipun mitranipun Pak Kartådångså dipunuculi, tumuntên murugi dhatêng Pak Kartå, tumuntên arangkulan sartå têtangisan. Pak Kartådångså sukå wilujêng dhatêng sadåyå mitrå ingkang kantun. Makatên ugi mitranipun sami sukå wilujêng, mugi-mugi sakécå ingkang dados lampahipun, sartå wilujêng dumugi ing panggè**|28|**nan ingkang tinuju. Wusånå lajêng sami mandhap saking panggung pagantungan, kantun Pak Kartådångså piyambak. Sarêng sang nåtå sumêrêp Pak Kartådångså tiyang ingkang sêtya tuhu sartå têmên ing prasêtyå wau badhé **kainggah<ak>ên**[20] ing pagantungan, panggalihipun wêlas, botên dumugi mriksani tiyang ingkang sêtyå wau kagantung. Wasånå lajêng ngandikå, "Wus, wus cukup saméné baé anggoningsun angukum marang

Lajêngipun *tabel*

Transliterasi Standar	***Suntingan Standar***
kang sêtya ing janji iku, lan ingsun prasêtyå, wiwit ing dinå iki sabanjuré, aku ora bakal tumindak sawênang-wênang kåyå kang wus ingsun tindakaké.” **|29|**Pak Kartådångså botên saèstu kakisas, sartå sang nåtå lajêng paring ganjaran mawarni-warni, ingkang damêl bingahing manahipun pårå mitrå sartå anak bojonipun Pak Kartådångså, jalaran saking sêtyå tuhuning janjinipun. Sartå wit ing dintên punikå sapanginggil sang nåtå botên karså tumindak sawênang-wênang, sartå adil påråmartå, adamêl indhaking harjanipun nagari, sartå botên wontên tindak piawon ing nagari wau. Anjalari kathahing têtiyang ingkang sami pindhah gêgriyå ing prajanipun sang nåtå.	Kartådångså kang sêtya ing janji iku, lan ingsun prasêtyå, wiwit ing dinå iki sabanjuré, aku ora bakal tumindak sawênang-wênang kåyå kang wus ingsun tindakaké.” **|29|**Pak Kartådångså botên saèstu kakisas, sartå sang nåtå lajêng paring ganjaran mawarni-warni, ingkang damêl bingahing manahipun pårå mitrå sartå anak bojonipun Pak Kartådångså, jalaran saking sêtyå tuhuning janjinipun. Sartå **<wi>wit**[21] ing dintên punikå sapanginggil sang nåtå botên karså tumindak sawênang-wênang, sartå adil påråmartå, adamêl indhaking harjanipun nagari, sartå botên wontên tindak piawon ing nagari wau. Anjalari kathahing têtiyang ingkang sami pindhah gêgriyå ing prajanipun sang nåtå.

d. *Aparat Kritik* ing *Teks RIBA*

Aparat kritik wontên ing panalitèn mênikå inggih andharan asiling *suntingan teks RIBA* ingkang sampun katindakakên. *Aparat kritik* inggih mênikå wujud tanggêl jawab *ilmiah* wontên ing panalitèn *teks RIBA* mênikå. *Aparat kritik* katindakakên kanthi nggantos, ngirangi, såhå nambahi aksårå mênåpå déné têtêmbungan. Ancasing katindakakên *aparat kritik* inggih mênikå kanggé nglêrêsakên *teks* ingkang *korup*, satêmah mbiyantu pamaos anggènipun mangrêtosi isining *teks RIBA.*

Sabên prakawis ingkang dipun-*sunting* dipunwuwuhi ångkå Arab sêratan Latin ing pojok sisih têngên. Wujuding *aparat kritik* mênikå kaandharakên mawi *tabèl*. Salajêngipun, *kolom* wontên *tabel aparat kritik* dipuntambahi katrangan supados langkung cêthå. Katrangan mênikå nêdahakên kåcå lêmbaraning *teks* såhå urutaning lariking *teks* ingkang dipun-*sunting.* Wondéné *aparat kritik* ing *teks RIBA* kasêrat kados *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 33: ***Aparat Kritik Teks RIBA***

No.	***Transliterasi Standar***	***Suntingan***	**Sasampunipun dipun-*sunting***	**Katrangan**
1.	dipunjurungi	<botên>[1] dipunjurungi	botên dipunjurungi	1/5
2.	anyipêngi	any{ê}pêngi[2]	anyêpêngi	3/10
3.	kadhawahan	kadhaw{u}han[3]	kadhawuhan	5/2
4.	némung	n{a}mung[4]	namung	5/10
5.	sikuwun	si{n}uwun[5]	sinuwun	6/7
6.	ambêg	ambê{k}[6]	ambêk	6/12
7.	kisasyå	kisas(yå)[7]	kisas	6/13
8.	suwaktên	suwa{n}tên[8]	suwantên	7/7
9.	ngêturakên	ng{a}turakên[9]	ngaturakên	10/9
10.	bêkjå	bê{g}jå[10]	bêgjå	15/7
11.	lêpatakên	lêpa{s}akên[11]	lêpasakên	17/3
12.	rarêng	{s}arêng[12]	sarêng	20/4
13.	Tådångså	<Kar>tådångså[13]	Kartådångså	21/6
14.	kanggunganing	ka(ng)gunganing[14]	kagunganing	23/4
15.	kêntên	k{i}ntên[15]	kintên	24/6

Lajêngipun *tabel*

No.	***Transliterasi Standar***	***Suntingan***	**Sasampunipun dipun-*sunting***	**Katrangan**
16.	tumugi	{d}umugi[16]	dumugi	24/6
17.	kairinganên	kairinga{k}ên[17]	kairingakên	25/5
18.	ngantontos	ngan(ton)tos[18]	ngantos	25/12
19.	ing	ing<kang>[19]	ingkang	27/3
20.	kainggahên	kainggah<ak>ên[20]	kainggahakên	28/5
21.	wit	<wi>wit[21]	wiwit	29/5

Adhêdhasar *tabel* ing nginggil, kapanggihakên 21 têmbung ingkang dipun-*sunting*. Têmbung-têmbung mênikå prêlu dipunandharakên supados langkung cêthå såhå gampil dipunmangrêtosi. Pêthikanipun *teks RIBA* mênikå kapêndhêt saking asiling *transliterasi standar*. Wondéné adharanipun kados ing ngandhap mênikå.

1) <botên> dipunjurungi

Têmbung "dipunjurungi" dipun-*sunting* dados "botên dipunjurungi", inggih dipuntambahi têmbung "botên". Wondéné pêthikanipun *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> ...sampun dados adatipun manawi ratu punikå **dipunjurungi** déning kawulanipun. Panggalihipun lajêng murkå, wusånå... (kåcå 1, larik 5)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung "dipunjurungi" ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun dipuntambahi têmbung "botên", sampun jumbuh kaliyan *konteks*-ipun. Têmbung "botên" inggih mênikå båså kråmå saking têmbung ora (Poerwadarminta, 1939: 58). Wondéné "botên dipunjurungi" atêgês botên dipunsêngkuyung.

2) any{ê}pêngi

Têmbung "anyipêngi" dipun-*sunting* dados "anyêpêngi", inggih aksårå i dipungantos aksårå ê. Tembung "anyipêngi" kadhapuk saking têmbung linggå

“sipêng” ingkang kawuwuhan atêr-atêr anuswårå ny- såhå panambang -i. Têmbung “sipêng” inggih mênikå båså kråmå saking têmbung nginêp (Poerwadarminta, 1939: 565). Wondênê têmbung “anyêpêngi” kadhapuk saking têmbung linggå “cêpêng” ingkang kawuwuhan atêr-atêr anuswårå ny- såhå panambang -i. Têmbung “cêpêng” mênikå båså kråmå saking têmbung cêkêl (Poerwadarminta, 1939: 635). Têmbung “anyipêngi” botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun, milå kêdah dipun-*sunting* dados “anyêpêngi”. Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> Ing paséban jawi wontên satunggaling tiyang jalêr gagah prakoså agêng inggil, **anyipêngi** dhuwung ligan sar|4|tå miyak ingkang sami sowan,... (kåcå 3, larik 10)

3) kadhaw{u}han

Têmbung “kadhawahan” dipun-*sunting* dados “kadhawuhan”, inggih aksårå a dipungantos aksårå u. Tembung “kadhawahan” kadhapuk saking têmbung linggå “dhawah” ingkang kawuwuhan atêr-atêr ka- såhå panambang -an. Têmbung “dhawah” inggih mênikå båså kråmå saking têmbung tibå (Poerwadarminta, 1939: 103). Wondênê têmbung “kadhawuhan” kadhapuk saking têmbung linggå “dhawuh” ingkang kawuwuhan atêr-atêr ka- såhå panambang -an. Têmbung “dhawuh” mênikå båså kråmå inggil saking têmbung clathu utawi tutur (Poerwadarminta, 1939: 103). Têmbung “kadhawahan” botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun, milå kêdah dipun-*sunting* dados “kadhawuhan”. Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> Tiyang wau badhé kabåndå, nanging sang nåtå botên kaparêng sartå **kadhawahan** marak ing ngarsanipun, kalawan kajagi ingkang sampurnå tiyang wau kairid sowan ing ngarså nåtå... (kåcå 5, larik 2)

4) n{a}mung

Têmbung “némung” dipun-*sunting* dados “namung”, inggih aksårå é dipungantos aksårå å. Têmbung “némung” botên kapanggihakên têgêsipun wontên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Wondéné têgêsipun têmbung “namung” inggih mênikå båså kråmå saking têmbung mung, nanging (Poerwadarminta, 1939: 337). Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> “Dhuh, sang nåtå binåthårå, sowanipun abdi dalêm kawulå ing ngarså panjênêngan dalêm nåtå punikå sajatosipun **némung** mligi badhé.anyédani padukå.” (kåcå 5, larik 10)

5) si{n}uwun

Têmbung “sikuwun” dipun-*sunting* dados “sinuwun”, inggih aksårå k dipungantos aksårå n. Têmbung “sikuwun” botên kapanggihakên têgêsipun wontên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Wondéné têgêsipun têmbung “sinuwun” inggih mênikå panjênênganipun ratu (Poerwadarminta, 1939: 564). Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> “Dhuh, Ingkang **Sikuwun**, manawi panjênêngan andangu nami sartå dunungipun abdi dalêm, nami kawulå Kartådångså, padunungan kawulå ing dhusun... (kåcå 6, larik 7)

6) ambê{k}

Têmbung “ambêg” dipun-*sunting* dados “ambêk”, inggih aksårå g dipungantos aksårå k. Têmbung “ambêg” botên kapanggihakên têgêsipun wontên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Wondéné têgêsipun têmbung “ambêk” inggih mênikå watak (Poerwadarminta, 1939: 8). Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> “Èh, wong kang **ambêg** kumåwåså, samêngko ingsun paring paukuman marang jênêng sirå kalawan ukuman kisasyå supåyå |**7**| ora ånå wong kang tumindak kåyå sirå manèh,... (kåcå 6, larik 12)

7) kisas(yå)

Têmbung "kisasyå" botên kapanggihakên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Salajêngipun, têmbung "kisasyå" dipun-*sunting* dados "kisas", inggih mênikå wandå "yå" dipunicali. Têgêsipun têmbung "kisas" inggih mênikå ukum pati (Poerwadarminta, 1939: 225). Wondéné pêthikanipun *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> ... samêngko ingsun paring paukuman marang jênêng sirå kalawan ukuman **kisasyå** supåyå |7|ora ånå wong kang tumindak kåyå sirå manèh,... (kåcå 6, larik 13)

8) suwa{n}tên

Têmbung "suwaktên" dipun-*sunting* dados "suwantên", inggih aksårå k dipungantos aksårå n. Têmbung "suwaktên" botên kapanggihakên têgêsipun ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Wondéné têmbung "suwantên" inggih mênikå båså kråmå saking têmbung suwårå (Poerwadarminta, 1939: 577). Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> ...kalawan **suwaktên** ingkang têtêg piyambakipun matur, aturipun, "Dhuh, Ingkang Sinuhun,... (kåcå 7, larik 7)

9) ng{a}turakên

Têmbung "ngêturakên" dipun-*sunting* dados "ngaturakên", inggih aksårå ê dipungantos aksårå å. Têmbung "ngêturakên" botên kapanggihakên têgêsipun ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Tembung "ngaturakên" kadhapuk saking têmbung linggå "atur" ingkang kawuwuhan atêr-atêr anuswårå ng- såhå panambang –akên. Têgêsipun têmbung "atur" inggih mênikå mênåpå ingkang dipungêndikakakên (Poerwadarminta, 1939: 21). Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> Kacariyos, Pak Kartådångså sasampunipun **ngêturakên** sadhèrèkipun wau, lajêng bidhal... (kåcå 10, larik 9)

10) bê{g}jå

Têmbung "bêkjå" dipun-*sunting* dados "bêgjå", inggih aksårå k dipungantos aksårå g. Têmbung "bêkjå" botên kapanggihakên têgêsipun wontên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Wondéné têgêsipun têmbung "bêgjå" inggih mênikå lêlakon ingkang marêmakên manah (Poerwadarminta, 1939: 38). Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> ...badanipun lungkrah, tatu-tatu kathah, nanging **bêkjå** déné namung tatu-tatu ènthèng kémawon... (kåcå 15, larik)

11) lêpa{s}akên

Têmbung "lêpatakên" dipun-*sunting* dados "lêpasakên", inggih aksårå t dipungantos aksårå s. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> "Dhuh, Gusti Allah, ingkang dados Pangéraning sadåyå alam, kawulå |17|matur gunging panuwun déné kawulå sampun Panjênêngan **lêpatakên** saking bêbåyå bênå,... (kåcå 17, larik 3)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung "lêpatakên" ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun aksårå t dipungantos aksårå s satêmah dados "lêpasakên", sampun jumbuh kaliyan *konteks*-ipun. Têmbung "lêpasakên" kadhapuk saking têmbung linggå "lêpas' ingkang kawuwuhan panambang –akên, satêmah dados "lêpasakên" ingkang têgêsipun ucul (Poerwadarminta, 1939: 272).

12) {s}arêng

Têmbung "rarêng" dipun-*sunting* dados "sarêng", inggih aksårå r dipungantos aksårå s. Têmbung "rarêng" botên kapanggihakên têgêsipun wontên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Wondéné têgêsipun têmbung

“sarêng” inggih mênikå barêng (Poerwadarminta, 1939: 546). Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> Tiyang wau **rarêng** sumêrêp dhatêng Pak Kartådångså lajêng jawil kancanipun sartå wicantên,... (kåcå 20, larik 4)

13) <Kar>tådångså

Têmbung “Tådångså” dipun-*sunting* dados “Kartådångså”, inggih dipuntambahi wandå ‘kar’. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Tiyang wau mirêng wangsulanipun Pak **Tådångså** wau, ingkang sajak tiyang jirih, lajêng... (kåcå 21, larik 6)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung “tådångså” ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun dipuntambahi wandå “kar” satêmah dados “Kartådångså”, jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Wontên ing wiwitaning cariyos, namaning tiyang mênikå kasêbut “Kartådångså”. Wondéné, awit saking têmbung mênikå minångkå namaning tiyang, milå wiwitaning têmbung kasêrat mawi *huruf kapital*. Pêthikaning *teks* mênikå kados ing ngandhap mênikå.

> “Dhuh ingkang sikuwun, manawi panjênêngan andangu nami sartå dunungipun abdi dalêm, nami kawulå, **Kartådångså,** padunungan kawulå ing dhusun sapinggiring kithå punikå.” (kåcå 6, larik 6)

14) ka(ng)gunganing

Têmbung “kanggunganing” dipun-*sunting* dados “kagunganing”, inggih aksårå ng dipunicali. Têmbung “kanggunganing” botên kapanggihakên têgêsipun wontên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Wondéné têmbung “kagunganing” kadhapuk saking têmbung linggå “kagungan” + “ing”, satêmah dados “kagunganing” inggih mênikå båså kråmå inggil saking têmbung duwèké (Poerwadarminta, 1939: 180). Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> "Yå, bêcik. Yèn kowé kapêkså arêp ngalap awaku kang wus dadi **kanggunganing** ratu, yå sakarêpmu, måråå! ... (kåcå 23, larik 4)

15) k{i}ntên

Têmbung "kêntên" dipun-*sunting* dados "kintên", inggih aksårå ê dipungantos aksårå i. Têmbung "kêntên" botên kapanggihakên têgêsipun wontên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Wondéné têmbung "kintên" inggih mênikå båså kramanipun têmbung kirå (Poerwadarminta, 1939: 224). Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> Pak Kartådångså lampahipun ginêlak, ing mångkå manawi mangké kintên-**kêntên** jam tigå, manawi déréng... (kåcå 24, larik 6)

16) {d}umugi

Têmbung "tumugi" dipun-*sunting* dados "dumugi", inggih aksårå t dipungantos aksårå d. Têmbung "tumugi" botên kapanggihakên têgêsipun wontên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Tembung "dumugi" kadhapuk saking têmbung linggå "dugi" ingkang kawuwuhan sêsêlan –um-, satêmah dados "dumugi". Wondéné têmbung "dumugi" inggih mênikå båså kråmå saking têmbung têkå (Poerwadarminta, 1939: 71). Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> ...manawi déréng **tumugi** ing kithå, mitranipun ingkang tanpå doså punikå têmtu kêlajêng kakisas... (kåcå 24, larik 6)

17) kairinga{k}ên

Têmbung "kairinganên" dipun-*sunting* dados "kairingakên", inggih aksårå n dipungantos aksårå k. Wondéné pêthikanipun *teks* kados ing ngandhap mênikå.

> Pak Kartådångså lajêng numpak kapalipun **kairinganên** dèning tiyang wau, lampahipun gêgancangan... (kåcå 25, larik 5)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung "kairinganên" ing pêthikan nginggil botên wontên têgêsipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Sasampunipun aksårå n dipungantos aksårå k satêmah dados "kairingakên", wontên têgêsipun. Têmbung "kairingakên" kadhapuk saking têmbung linggå "iring" ingkang kawuwuhan atêr-atêr ka- såhå panambang –akên, satêmah dados "kairingakên". Têmbung "kairingakên" têgêsipun inggih mênikå dipuniringi, dipunbarêngi (Poerwadarminta, 1939: 180).

18) ngan(ton)tos

Têmbung "ngantontos" dipun-*sunting* dados "ngantos", inggih wandå "ton" dipunicali. Têmbung "ngantontos" botên kapanggihakên têgêsipun wontên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939). Sasampunipun wandå "ton" dipunicali, satêmah dados "ngantos", inggih mênikå båså kråmå saking têmbung nganti (Poerwadarminta, 1939: 378). Pêthikaning *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> ... lampahipun gêgancangan tumuju ing alun-alun, **ngantontos** |26|tiyang ingkang ngiringakên kantun sawatawis têbih. (kåcå 25, larik 12)

19) ing<kang>

Têmbung "ing" dipun-*sunting* dados "ingkang", inggih mênikå nambahi wandå "kang". Wondéné pêthikanipun *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> "Kyai Måndåråkå! Mangké rumiyin! Kulå ingkang doså, lan kulå **ing** pantês kakisas. Sadhèrèk kulå wau kulå aturi ngluwari." (kåcå 27, larik 3)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung "ing" botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun dipuntambahi wandå "kang", satêmah

dados “ingkang” sampun jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Têmbung “ingkang” mênikå båså kramanipun têmbung sing, kang (Poerwadarminta, 1939: 172).

20) kainggah<ak>ên

Têmbung “kainggahên” dipun-*sunting* dados “kainggahakên”, inggih mênikå nambahi aksårå å såhå k. Wondéné pêthikanipun *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> ... Pak Kartådångså tiyang ingkang sêtya tuhu sartå têmên ing prasêtyå wau badhé **kainggahên** ing pagantungan, panggalihipun wêlas,... (kåcå 28, larik 5)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung “kainggahên” botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun dipuntambahi aksårå å såhå k, satêmah dados “kainggahakên” sampun jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Têmbung “kainggahakên” mênikå kadhapuk saking têmbung linggå inggah ingkang kawuwuhan atêr-atêr ka- såhå panambang –akên, satêmah dados “kainggahakên”. Têmbung “inggah” mênikå båså kramanipun têmbung unggah (Poerwadarminta, 1939: 172).

21) <wi>wit

Têmbung “wit” dipun-*sunting* dados “wiwit”, inggih mênikå nambahi wandå “wi”. Wondéné pêthikanipun *teks RIBA* kados ing ngandhap mênikå.

> Sartå **wit** ing dintên punikå sapanginggil sang nåtå botên karså tumindak sawênang-wênang, sartå adil påråmartå, adamêl indhaking harjanipun nagari, sartå botên wontên tindak piawon ing nagari.... (kåcå 29, larik 5)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung “wit” wontên ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun dipuntambahi wandå “wi”, satêmah dados “wiwit”, sampun jumbuh kaliyan

konteks isinipun. Têgêsipun têmbung "wiwit" inggih mênikå ingkang rumiyin piyambak (Poerwadarminta, 1939: 666).

e. *Ciri Khas* Sêrataning *Teks RIBA*

Sasanèsipun têmbung-têmbung ingkang kalêbêt ing *aparat kritik* ing nginggil, wontên malih têmbung-têmbung ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning *teks RIBA.* Têmbung-têmbung mênikå kasêrat kados ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel 34: ***Ciri Khas* Sêrataning *Teks RIBA***

No.	Têmbung	Katrangan
1.	panci[a]	2/6, 4/8
2.	prang[b]	2/7, 2/12, 3/7
3.	santånå[c]	3/6
4.	suwårå[d]	4/4
5.	payo[e]	5/6
6.	kawåså[f]	6/12, 12/2, 16/9
7.	suwantên[g]	7/7, 22/10, 26/9
8.	ragi[h]	12/3
9.	kawèntênan[i]	12/7
10.	saêjam[j]	16/1
11.	galuyuran[k]	16/3
12.	panalangsanipun[l]	17/9
13.	katarimah[m]	17/10
14.	talompé[n]	23/7
15.	andalidir[o]	25/8

Adhêdhasar *tabel* ing nginggil, kapanggihakên 15 têmbung ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning *teks RBA.* Salajêngipun, têmbung-têmbung mênikå kaandharakên mawi têtêmbungan supados langkung cêthå såhå gampil dipunmangrêtosi. Wondéné andharanipun kasêrat kados ing ngandhap menikå.

1) panci

Têmbung "panci" ing salêbêting *teks RBA,* têtêp dipunsêrat "panci". Têmbung "panci" sami têgêsipun kaliyan têmbung "pancèn" inggih mênikå pérangan ingkang sampun dipunpêsthi (Poerwadarminta, 1939: 466). Ing

salêbêting *teks RBA*, dipunsêrat têmbung "panci" amargi têmbung mênikå minångkå *dialek* ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning *teks RBA*.

2) prang

Têmbung "prang" ing salêbêting *teks RBA* têtêp dipunsêrat "prang". Sinaosså têmbung "prang" såhå "pêrang" mênikå sami têgêsipun, inggih mênikå abên gêgaman utawi kakiyatan arêbat mênang (Poerwadarminta, 1939: 486). Ananging, awit saking *teks RBA* mênikå kalêbêt *teks* piwulang (miturut wosing *teks*), milå panyêrating têmbung "pêrang" dados "prang". Têmbung "prang" kalêbêt båså lésan, déné têmbung "pêrang" kalêbêt båså sinêrat.

3) santånå

Têmbung "santånå" ing salêbêting *teks RBA* dipunsêrat "santånå". Têmbung "santånå" sami têgêsipun kaliyan têmbung "sêntånå" inggih mênikå sanak saduluripun priyayi agêng (Poerwadarminta, 1939: 556). Ananging, awit saking *teks RBA* mênikå kalêbêt *teks* piwulang (miturut wosing *teks*), milå panyêrating têmbung "sêntånå" dados "santånå". Têmbung "santånå" kalêbêt båså lésan, déné têmbung "sêntånå" kalêbêt båså sinêrat.

4) suwårå såhå suwantên

Têmbung "suwårå" ing salêbêting *teks RBA* têtêp dipunsêrat "suwårå". Têmbung "suwårå" sami têgêsipun kaliyan têmbung "swårå" inggih mênikå kêdhêring håwå ingkang tinampi ing pamirêng (Poerwadarminta, 1939: 583). Ananging, ing salêbêting *teks RBA*, dipunsêrat têmbung "suwårå" amargi *teks* mênikå kalêbêt *teks* piwulang (miturut wosing *teks*), milå panyêrating têmbung "swårå" dados "suwårå". Têmbung "suwårå" kalêbêt båså lésan, déné têmbung

“swårå” kalêbêt båså sinêrat. Sasanèsipun mênikå, têmbung “swantên” ugi kasêrat “suwantên”. Têmbung “suwantên” inggih mênikå båså kråmå saking têmbung “suwårå” (Poerwadarminta, 1939: 583). Têmbung “suwantên” kalêbêt båså lésan, déné têmbung “swantên” kalêbêt båså sinêrat.

5) payo

Têmbung “payo” ing salêbêting *teks RBA*, têtêp dipunsêrat “payo”. Têmbung “payo” sami têgêsipun kaliyan têmbung “ayo” inggih mênikå têtêmbungan ingkang mratélakakên ngajak (Poerwadarminta, 1939: 5). Ing salêbêting *teks RBA*, dipunsêrat têmbung “payo” amargi têmbung mênikå minångkå *dialek* ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning *teks RBA*.

6) kawåså

Têmbung “kawåså” ing salêbêting *teks RBA* têtêp dipunsêrat “kawåså”. Têmbung “kawåså” sami têgêsipun kaliyan têmbung “kuwåså” inggih mênikå kadunungan kakiyatan (Poerwadarminta, 1939: 240-241). Ananging, ing salêbêting *teks RBA*, dipunsêrat têmbung “kawåså” amargi têmbung mênikå minångkå *dialek* ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning *teks RBA*.

7) ragi

Têmbung “ragi” ing salêbêting *teks RBA* têtêp dipunsêrat “ragi”. Têmbung “ragi” sami têgêsipun kaliyan têmbung “radi” inggih mênikå båså kråmå saking têmbung rådå (Poerwadarminta, 1939: 516). Ing salêbêting *teks RBA*, têmbung “ragi” botên dipunéwahi amargi têmbung mênikå minångkå *dialek* ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning *teks RBA*.

8) kawèntênan

Têmbung “kawèntênan” ing salêbêting *teks RBA* têtêp dipunsêrat “kawèntênan”. Têmbung “kawèntênan” kadhapuk saking têmbung linggå “wèntên” ingkang kawuwuhan atêr-atêr ka- såhå panambang –an. Têmbung “wèntên” sami têgêsipun kaliyan têmbung “wontên” inggih mênikå båså kråmå saking têmbung ånå (Poerwadarminta, 1939: 669). Têmbung “kawèntênan” botên dipunéwahi amargi têmbung mênikå minångkå *dialek* ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning *teks RBA*.

9) saêjam

Têmbung “saêjam” ing salêbêting *teks RBA* têtêp dipunsêrat “saêjam”. Têmbung “saêjam” botên kapanggihakên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939), nanging têmbung ingkang wontên inggih mênikå “sajam”. Têmbung “sajam” kadhapuk saking têmbung linggå “jam” ingkang kawuwuhan atêr-atêr sa- , ingkang têgêsipun satunggal jam (Poerwadarminta, 1939: 79). Awit saking *teks RBA* mênikå kalêbêt *teks* piwulang (miturut wosing *teks*), milå panyêrating têmbung “sajam” dados “saêjam”. Têmbung “saêjam” kalêbêt båså lésan, déné têmbung “sajam” kalêbêt båså sinêrat.

10) galuyuran

Têmbung “galuyuran” ing salêbêting *teks RBA* têtêp dipunsêrat “galuyuran”. Manawi kajumbuhakên ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939), têmbung mênikå botên kapanggihakên, nanging têmbung ingkang kapanggihakên inggih menikå ‘gluyuran’ ingkang têgêsipun lungå saparan-paran (Poerwadarminta, 1939: 151). Têmbung “galuyuran” mênikå nêdahakên bilih

panyêrat ngginakakên *teknik pemanjangan* wandå "a". Pramilå, têmbung "galuyuran" botên dipun-*sunting*, amargi kanggé nglêstantunakên *ciri khas*-ipun sêratan ing salêbêting *teks RBA.*

11) panalangsanipun

Têmbung "panalangsanipun" kadhapuk saking têmbung linggå "nalångså" ingkang kawuwuhan atêr-atêr pa- såhå panambang -ipun, satêmah dados "panalangsanipun". Têmbung linggå "nalångså" sami têgêsipun kaliyan têmbung "nlångså" ingkang têgêsipun rumaos apês lêlampahanipun (Poerwadarminta, 1939: 346). Têmbung "nalångså" mênikå nêdahakên bilih panyêrat ngginakakên *teknik pemanjangan* wandå "a". Pramilå, têmbung "panalangsanipun" botên dipun-*sunting*, amargi kanggé nglêstantunakên *ciri khas*-ipun sêratan ing salêbêting *teks RBA.*

12) katarimah

Têmbung "katarimah" kadhapuk saking têmbung linggå "tarimah" ingkang kawuwuhan atêr-atêr ka-, satêmah dados "katarimah". Têmbung "tarimah" sami têgêsipun kaliyan têmbung "trimah" ingkang têgêsipun nampi kalawan panuwun (Poerwadarminta, 1939: 621). Têmbung "katarimah" mênikå nêdahakên bilih panyêrat ngginakakên *teknik pemanjangan* wandå "a". Pramilå, têmbung "katarimah" botên dipun-*sunting*, amargi kanggé nglêstantunakên *ciri khas*-ipun sêratan ing salêbêting *teks RBA.*

13) talompé

Têmbung "talompé" ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939), botên kapanggihakên. Têmbung ingkang kapanggihakên inggih mênikå "tlompé"

ingkang têgêsipun randhat, rêmbên (Poerwadarminta, 1939: 610). Têmbung "talompé" mênikå nêdahakên bilih panyêrat ngginakakên *teknik pemanjangan* wandå "a". Pramilå, têmbung "talompé" botên dipunéwahi, amargi kanggé nêdahakên *ciri khas*-ipun sêratan ing salêbêting *teks RBA.*

14) andalidir

Têmbung "andalidir" kadhapuk saking têmbung linggå "dalidir" ingkang kawuwuhan atêr-atêr a-, satêmah dados "andalidir". Têmbung "dalidir" ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939), botên kapanggihakên. Têmbung ingkang kapanggihakên inggih mênikå "dlidir" ingkang têgêsipun élur utawi irit-iritan tanpå pêdhot (Poerwadarminta, 1939: 70). Têmbung "dalidir" mênikå nêdahakên bilih panyêrat ngginakakên *teknik pemanjangan* wandå "a". Pramilå, têmbung "dalidir" botên dipunéwahi, amargi kanggé nêdahakên *ciri khas*-ipun sêratan ing salêbêting *teks RBA.*

Saking sadåyå andharan ngéngingi *ciri khas* sêrataning *teks RBA* ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *ciri khas* sêrataning *teks RBA* mênikå sagêd kaklompokakên dados tigang *kategori*. Wondéné tigang *kategori* mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 35: ***Kategori Ciri Khas* Sêrataning *Teks RBA***

No.	***Kategori***	**Têtêmbunganipun**
1.	Båså lésan	prang, santånå, suwårå, suwantên, såhå saêjam
2.	*Dialek*	panci, payo, kawåså, ragi, såhå kawèntênan
3.	*Teknik pemanjangan* wandå "a"	galuyuran, katarimah, talompé, panalangsanipun, såhå andalidir

5. *Terjemahan Teks RBA*

Terjemahan teks RBA katindakakên kanthi nggantos basaning *teks*, inggih mênikå saking båså Jawi dados båså Indonesia. *Metode terjemahan* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *metode terjemahan harfiah, terjemahan isi* utawi *makna,* såhå *terjemahan bebas* ingkang dipungarap kanthi *kontekstual*. *Terjemahan* mênikå adhêdhasar *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) såhå *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (Balai Bahasa Yogyakarta, 2006).

Asiling *terjemahan teks RBA* kasêrat kanthi wujud *tabel* ingkang dipunjèjèrakên kaliyan *teks RBA* ingkang sampun dipun-*sunting*. Ing salêbêting asiling *suntingan teks RBA* mênikå wontên sapérangan têmbung ingkang nêdahakên *ciri khas* sêrataning *teks RBA*. Têmbung mênikå kasêrat sami kaliyan *teks*-ipun (botên dipunéwahi), kasêrat kandêl, såhå kawuwuhan katrangan mawi huruf abjad (...[a], ...[b], ...[c], lsp). Wondènè asiling *terjemahan teks RBA* kaandharakên kados ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel 36: **Asiling *Suntingan* såhå *Terjemahan Teks RBA***

Suntingan Standar	***Terjemahan***
|**1**|Ratu ingkang Botên Adil Wontên satunggiling ratu ingkang sugih, wadyå balanipun makêthi-kêthi, kinéringan déning pråjå sanèsipun, jalaran saking kêkêndêlan kasêktènipun sang prabu. Nanging sampun dados adatipun manawi ratu botênpunikå dipunjurungi déning kawulanipun. Panggalihipun lajêng murkå, wusånå tuwuh tindak sawênang-wênang, sartå badhé ambrasthå hakipun kawulå, sartå karså mutusi paukuman sakarsanipun piyambak, botên mawi karêmbag rumiyin kaliyan pårå nayakaning pråjå, sartå botên purun karosan kaliyan kawulå ingkang tansah |**2**|kadadosakên têdhaning pêdhang sartå jêmparing manawi panuju ing wêkdal pêrang. Kêrêp kémawon sang prabu karså nêdhaki pêrang, nglurug, lan sapanunggilanipun kalawan dadakan, ingkang boten nyênêngakên manahing kawulå, jalaran kawontênaning pêrang **panci**[a] botên dipunsênêngi déning kawulå ngriku. Botên têkå sabab ajrih êrah, nanging jalaran saking **paprangan**[b] wau namung mligi saking kamurkanipun sang nåtå. Sanajan tå pårå kawulå botên rujuk, nanging mêksa kêdah tumindak. Langkung-langkung sang nåtå lajêng karså damêl aturan sartå cårå bêlèh-bêlèhan, inggih punikå bilih wadyå bålå botên rujuk sartå mogok kaangsahakên **prang**[b], ingkang mogok wau lajêng kaukum kisas, kaga|**3**|ntung, lan sapanunggilanipun. Punikå anjalari botên sênêngipun kawulå, sartå mahanani rêsah ing nagari, lan kathah pårå wadyå kuswå ingkang sami pindhah dhatêng karajan sanès.	|**1**|*Ratu yang Tidak Adil* *Ada seorang ratu yang kaya, pasukannya berjumlah ratusan ribu, ditakuti dan dihormati oleh kerajaan lain karena keberanian dan kesaktian sang ratu. Akan tetapi, sudah menjadi kebiasaan bahwa ratu tersebut didukung oleh rakyatnya. Kemudian ia marah, dan menimbulkan sikap sewenang-wenang serta akan menghilangkan hak rakyatnya. Selain itu, ia juga suka memberi hukuman sesuka hatinya, tanpa dimusyawarahkan terlebih dahulu dengan para penasihat kerajaan. Ia tidak mau dibantah oleh rakyatnya. Mereka yang membantah selalu* |**2**|*dibunuhnya dengan pedang dan panah pada saat perang. Sering kali sang ratu mengadakan perang, berangkat perang menuju ke tempat musuh, dan kegiatan lainnya secara tiba-tiba. Peperangan yang tiba-tiba itu tidak disukai oleh semua rakyatnya. Hal itu bukan karena mereka takut berperang, tetapi karena peperangan itu hanya untuk memuaskan kemarahan sang ratu saja. Walaupun rakyatnya tidak setuju, tetapi mereka harus tetap melakukannya. Terlebih lagi ketika sang ratu suka membuat aturan yang berisi cara bunuh-membunuh, yaitu ketika para pasukan tidak setuju, mereka akan dipaksa untuk maju perang. Bagi mereka yang tidak mau berangkat, maka akan dihukum mati, diga*|**3**|*ntung, dan lain sebagainya. Hal itu membuat rakyat tidak senang dan membuat keresahan di negara, sehingga banyak rakyat yang taat pun pindah ke kerajaan lain.*

Lajêngipun *tabel*

Suntingan Standar	***Terjemahan***
Kacariyos ing satunggaling mångsså, sang nåtå miyos tinangkil ingadhêp pårå sénåpati, patih, tuwin pårå putrå **santånå**[c], angrêmbag ing bab anggènipun badhé mangun **prang**[b], sartå kadospundi tumrap sakécaning lampah. Sang nåtå dèrèng ngantos dumugi anggènipun ngandikan, kasaru gêdêring jawi alok amuk-amuk. Ing paséban jawi wontên satunggaling tiyang jalêr gagah prakoså agêng inggil, anyêpêngi dhuwung ligan sar|**4**|tå miyak ingkang sami sowan, narancak minggah amurugi dhampar palênggahan nåtå. Nanging dèrèng ngantos dumugi lajêng katangkêp sartå dipuncêpêng déning pårå sénåpati, badhé kabåndå, nanging botên purun, kalawan **suwårå**[d] sorå ingkang ngantos kapirêng déning sang nåtå tiyang wau wicantên, "Dhuh, para sénåpati. Kulå sampun sampéyan båndå, jalaran anggèn kulå mriki kalawan angligå dhuwung punikå. Kulå **panci**[a] badhé anjajal kasêktènipun ratu ingkang ambêk kumlungkung, ingkang sawênang-wênang, ingkang damêl botên sênêng kitå sadåyå, sartå badhé kulå cobi kulå prajåyå kalawan dhuwung kulå punikå, sagêd tumåmå punåpå botên."	*Diceritakan di suatu waktu, sang ratu sedang mengadakan pertemuan yang dihadap oleh para senapati, patih, putra mahkota, dan para kerabat kerajaan untuk membahas rencana dan strategi yang tepat untuk mengadakan perang. Akan tetapi, belum sampai sang ratu berbicara, tiba-tiba terhenti karena suara gaduh dari luar. Di luar tempat pertemuan ada seorang laki-laki yang gagah perkasa dan tinggi besar. Ia membawa keris tanpa warangka dan*|**4**| *menerobos masuk, serta mencoba naik ke singgasana sang ratu. Akan tetapi, belum sampai naik, orang itu ditangkap dan dicekal oleh para senapati. Ia akan diikat, tetapi tidak mau. Ia berkata dengan suara yang lantang hingga terdengar oleh sang ratu. Orang itu berkata, "Duh, para senapati! Aku jangan kau ikat. Aku datang kemari membawa keris tanpa warangka ini, karena aku memang akan mencoba kesaktian ratu yang sombong itu, yang sewenang-wenang, yang membuat kita semua tidak senang. Aku juga akan mencoba membunuhnya dengan kerisku ini, apakah mempan atau tidak."*
|**5**|Tiyang wau badhé kabåndå, nanging sang nåtå botên kaparêng sartå kadhawuhan marak ing ngarsanipun, kalawan kajagi ingkang sampurnå tiyang wau kairid sowan ing ngarså nåtå. Sang prabu lajêng ngandika, "Èh, wong kang kêndêl. Aku pitakon marang sirå, åpå sababé lan åpå karêpirå têkå mréné kalawan angligå curigå, **payo**[e] tumuli umaturå." Tiyang wau lajêng matur sartå walèh kalawan tanpå ajrih sakêdhik-kêdhikå,	|**5**|*Orang itu akan diikat, tetapi sang ratu melarang dan menyuruh untuk menghadap kepadanya. Ia pun diseret untuk menghadap kepada sang ratu dengan penjagaan yang sangat ketat. Kemudian sang ratu berkata, "Eh, orang yang berani! Aku bertanya kepadamu. Apa sebabnya dan apa keinginanmu datang ke sini dengan membawa keris tanpa warangka itu? Ayo segera jawablah!" Orang itu berkata dengan jujur tanpa rasa takut*

Lajêngipun *tabel*

Suntingan Standar	***Terjemahan***
"Dhuh, sang nåtå binåthårå, sowanipun abdi dalêm kawulå ing ngarså panjênêngan dalêm nåtå punikå sajatosipun namung mligi badhé anyédani padukå."	*sedikitpun, "Wahai, ratu yang terhormat. Kedatanganku kemari ini sebenarnya hanya khusus untuk membunuhmu."*
Sang nåtå midhangêt aturipun tiyang **|6|**wau, kadadak dukaning panggalih lajêng ngandikå soråingkang damêl girising manahipun ingkang sami mirêng, "Èh, wong kang lancang! Sadurungé ingsun mutus ukuman åpå kang ingsun paringaké marang sirå, ingsun arêp mangrêti sartå wêruh såpå kang dadi pêparab lan jênêngirå." Aturipun tiyang wau, "Dhuh, Ingkang Sinuwun, manawi panjênêngan andangu nami sartå dunungipun abdi dalêm, nami kawulå Kartådångså, padunungan kawulå ing dhusun sapinggiring kithå punikå." Sang nåtå lajêng ngandikå kalawan sêrêng sartå pucêt wadananipun, mratandhani bilih sang nåtå dukå sangêt, pangandikanipun. "Èh, wong kang ambêk **kumåwåså**[f], samêngko ingsun paring paukuman marang jênêng sirå kalawan ukuman kisas supåyå **|7|**ora ånå wong kang tumindak kåyå sirå manèh, lan bakal katindakaké ing dinå iki ugå."	*Sang ratu mendengar perkataan orang* **|6|***itu, tiba-tiba sang ratu marah dan berkata sangat keras, sehingga membuat takut semua orang yang mendengarnya. "Eh! Orang yang lancang! Sebelum aku memutuskan hukuman apa yang akan kuberikan kepadamu, aku ingin mengerti dan mengetahui dari mana kau berasal dan siapa namamu?" Orang itu menjawab, "Wahai Yang Mulia, jika tuan bertanya nama dan asal saya, nama saya Kartadangsa, saya berasal dari desa yang terletak di pinggir kota ini." Sang ratu berkata dengan keras dan pucat wajahnya, itu menandakan bahwa sang ratu sangat marah. Katanya, "Eh, orang yang berlagak berkuasa! Aku nanti akan memberi hukuman atas namamu dengan hukuman mati, agar* **|7|***tidak ada lagi orang yang bertindak sepertimu, dan akan kulakukan hari ini juga."*
Kacariyos tiyang wau, Pak Kartådångså, mirêng pangandikå putusanipun sang prabu, manahipun botên pisan-pisan ngêdhap, polatanipun tajêm, mratandhani bilih tiyang ing prawirå, kalawan **suwantên**[g] ingkang têtêg piyambakipun matur, aturipun, "Dhuh, Ingkang Sinuhun, sadåyå pangandikå dalêm kawulå sampun mangrêtos, lan kawulå tampi kalawan sênênging manah. Nanging, kados-kados sampun kalêbêt ing undhang-undhang padukå nåtå, bilih tiyang ingkang badhé	*Diceritakan bahwa orang itu, Pak Kartadangsa, mendengar perkataan keputusan sang ratu. Hatinya tidak takut sedikitpun, matanya membelalak, menunjukkan bahwa orang itu sangat berani. Ia pun berkata dengan suara yang lantang, perkataannya, "Wahai, Yang Mulia! Saya mengerti semua ucapanmu dan saya terima dengan senang hati. Akan tetapi, seperti yang telah tercantum di dalam keputusan sang ratu, bahwa orang yang akan dihukum mati diperbolehkan*

Lajêngipun *tabel*

Suntingan Standar	***Terjemahan***
kakisas punikå kaparêng anggadhahi panyuwun, sartå panyuwun wau badhé kaparêng|**8**|akên.” Pangandikanipun sang prabu, “Iyå bênêr, kabèh panyuwuné wong kang arêp kinisas diparêngaké, nanging kang sakirå ora gawé pitunå, lan ora gawé rêndhêt tumindaké paukuman mau. Mårå! Sirå umaturå, åpå mungguh kang dadi panyuwunirå mau.” Unjukipun Pak Kartådångså makatên, “Dhuh, Ingkang Sinuhun. Abdi dalêm kawulå gadhah panyuwun, amargi kapénakan kawulå bénjing énjing badhé rabi, mugi wontênå kawêlasan dalêm paring inah, inggih punikå tigang dintên malih.” Pangandikanipun sang prabu, “Kartådångså, mungguh panyuwunirå mau mêsthi baé ugå ingsun parêngaké, nanging jalaran pidananingsun kang tumrap sirå iku ukum pati, dadi kudu ånå wong liyå kang sirå tigunga|**9**|ké, supåyå yèn sirå ora nêtêpi kang dadi janjinirå, wong mau kênå kanggo lirunirå, sartå bakal kakisas yèn wus têkå ing dinå patêmbayanirå.” Tiyang wau munjuk malih, “Kasinggihan dhawuh pangandikå dalêm, Gusti! Abdi dalêm kawulå ugi badhé andhèrèk punåpå ingkang dados kaparêng dalêm. Sakêdhap malih abdi dalêm badhé sowan ing ngarså dalêm, angaturakên tiyang ingkang dados lirunipun abdi dalêm. Sapunikå abdi dalêm kawulå kaparêngå mundur, sartå supados panjênêngan dalêm botên sumêlang, prayogi abdi dalêm kawulå kajagiå déning pårå sénåpati sawatawis.”	*mempunyai permintaan, dan permintaan itu akan dikabul*|**8**|*kan.” Sang ratu berkata, “Iya benar, semua permintaan orang yang akan dihukum mati diperbolehkan, tetapi yang sewajarnya dan tidak merugikan, sehingga tidak membuat randatnya pelaksanaan hukuman itu. Kemari! Katakanlah apa yang menjadi permintaanmu itu.” Perkataan Pak Kartadangsa demikian, “Wahai, Yang Mulia! Saya mempunyai permintaan, karena besok pagi keponakan saya akan menikah, maka mohon kesediaan tuan untuk memberi perpanjangan waktu, yaitu tiga hari lagi.” Jawaban sang ratu, “Kartadangsa, aku pasti akan mengabulkan permintaanmu itu, tetapi karena hukuman yang kuberikan kepadamu adalah hukuman mati, maka harus ada orang lain yang kau jadikan penggantimu*|**9**|*, agar jika engkau tidak bisa menepati janjimu, orang itu dapat menggantikanmu dan akan dihukum mati jika sudah sampai pada hari yang telah kau janjikan.” Orang itu berkata lagi, “Baiklah jika seperti itu, Tuan! Saya akan mengikuti apa yang menjadi keinginan tuan. Sebentar lagi saya akan menghadap kepada tuan dengan membawa orang yang akan menjadi penggantiku. Sekarang, saya meminta izin untuk pulang. Agar tuan tidak khawatir, lebih baik jika saya dijaga oleh beberapa senapati.”*
Aturipun Pak Kartådångså wa|**10**|u sadåyå dipunparêngakên. Kartådångså lajêng mundur, kairingakên pårå sénåpati sawatawis. Sadumuginipun ing griyå, Kartadangså	*Semua permintaan Pak Kartadangsa ta*|**10**|*di diizinkan. Kemudian Kartadangsa pulang dengan diikuti oleh beberapa senapati. Setelah tiba di rumah, Kartadangsa lalu menemui*

Lajêngipun *tabel*

Suntingan Standar	***Terjemahan***
lajêng manggihi salah satunggaling mitranipun ingkang sampun tunggil raos, utawi sadhèrèkipun, sinåråwèdi, kadadosakên tanggêlaning badanipun. Sadhèrèkipun wau sagah kalawan sênênging manah, lajêng kairid sowan ing ngarsanipun sang prabu.	*salah seorang sahabat karibnya atau saudaranya, yaitu sahabat yang telah dianggap seperti saudaranya sendiri. Dia dijadikan sebagai pengganti dirinya. Saudaranya itu bersedia dengan senang hati. Kemudian mereka diiring untuk menghadap kepada sang ratu.*
Kacariyos Pak Kartådångså sasampunipun ngaturakên sadhèrèkipun wau, lajêng bidhal pangkat dhatêng ing panggènaning anak kapénakanipun ingkang badhé rabi. Kacariyos lampahipun Pak Kartådångså ginêlak, bo|**11**|tên anggétang pringgåbayaning margi. Cêkaking cariyos, Pak Kartå wau sampun dumugi ing panggènan ingkang tinuju. Sasampunipun bagé-binagé mênggahing kawilujênganipun, lajêng sami nindakakên kaprêluwanipun piyambak-piyambak. Botên kacariyosakên ingkang sami sênêng-sênêng. Cêkakipun anggènipun gadhah damêl sampun rampung, Pak Kartådångså lajêng pamit mantuk, sartå anyariyosakên bilih piyambakipun badhé kaukum kisas, lan bok manawi inggih ing dintên punikå wêkasanipun anggènipun sami sagêd pêpanggihan. Pårå sadhèrèkipun mirêng cariyosipun Pak Kartådångså wau kagèt sa|**12**|ngêt, manahipun sakalangkung sêdhih, nanging kados pundi malih, sampun karsanipun ingkang Måhå-**kawåsåˢ**, dados namung mandhêg tangisan kémawon. Sasampunipun **ragiʰ** lilih sawatawis, Pak Kartådångså lajêng pamit mantuk sartå mêling sampun sami susah manahipun, amargi susahing manah ingkang kados makatên tanpå damêl, jalaran botên sagêd ngéwahi **kawèntênanⁱ**, sartå samêngkêripun supados sanak	*Diceritakan setelah Pak Kartadangsa menyerahkan saudaranya itu, kemudian ia berangkat menuju tempat keponakannya yang akan menikah. Diceritakan langkah Pak Kartadangsa sangat cepat, tan|**11**|pa memperhitungkan banyaknya rintangan yang ada di jalan. Singkat cerita, Pak Karta sudah sampai ke tempat yang dituju. Setelah saling menanyakan kabar, kemudian dilanjutkan dengan melakukan keperluannya masing-masing. Tidak diceritakan mereka yang sedang bersenang-senang. Singkat cerita perjamuan sudah selesai, Pak Kartadangsa meminta izin untuk pulang. Ia menceritakan bahwa dirinya akan dihukum mati, dan kemungkinan hari ini adalah hari terakhir mereka dapat bertemu. Kerabat yang mendengar cerita Pak Kartadangsa itu sa|**12**|ngat terkejut, seketika itu sedih hatinya, tetapi harus bagaimana lagi, itu sudah menjadi Kehendak Yang Mahakuasa, jadi hanya sebatas tangisan saja. Setelah keadaan cukup tenang, Pak Kartadangsa lalu meminta izin untuk pulang dan memberi nasihat agar tidak bersedih hati, karena kesedihan hati yang seperti itu tidak ada gunanya dan tidak akan mengubah keadaan. Ia berharap agar nanti semua kerabatnya mau merawat keluarga dan anak istrinya yang menjadi tanggungannya. Semua*

Lajêngipun *tabel*

Suntingan Standar	***Terjemahan***
sadhèrèk sami purun ngrimati dhatêng sanak sadhèrèkipun lan anak bojonipun ingkang dados tanggêlanipun. Sanak sadhèrèkipun sami sagah, Pak Kartådång|**13**|så lajêng bidhal.	*kerabatnya bersedia, kemudian Pak Kartadang*|**13**|*sa pergi.*
Kacariyos lampahipun Pak Kartådångså rêrikatan, jalaran kantun sadintên bénjing énjing, amargi manawi sampun têlat, mitranipun ingkang tanpå doså wau têmtu badhé kakisas ingkang tanpå doså, sartå piyambakipun rumaos doså ingkang matumpuk-tumpuk. Wancinipun kintên-kintên bakdå luhur suryå manjêr wontên ing têngah lêrês, sorotipun kados-kados badhé amêcah-mêcahnå sirahipun Pak Kartådångså ingkang kasêså punikå. Lampahipun Pak Kartå dumugi satunggaling lèpèn ingkang ing wingi |**14**|dipunsabrangi. Saibå kagèting manahipun, jalaran lèpèn wau bênå, tur bênå wau bênå bandhang ingkang toyanipun sakalangkung santêr. Ciptanipun Pak Kartå, "É, lah, katiwasan aku, kaliné banjir, lamun tak sabrangi, mêngko gèk aku mati klêlêp, yèn ora daksabrangi, gèk kapriyé manèh, sadulurku mêsthi kagantung. Wis tå, tinimbang aku wêruh lan ngrungu matiné sadulur kang suci, kang ambélani aku, aluwung aku matiå klêlêp ing kali iki baé, sokur aku biså slamêt lan biså anggêntèni sadulurku, sadurungé kasèp wêktuné." Kalawan tanpå wangwang, |**15**|Pak Kartådångså ingkang ambêk prawirå lan luhur ing budi wau, lajêng ambyur nglangi nyabrangi lèpèn wau kalawan rêkaosing manah sartå badanipun. Wasånå Pak Kartådångså ugi sagêd dumugi ing sabranging lêlèpèn, nanging kabêktå saking kabênthuk-bênthuk ing kêkajêngan ingkang sami rungkad	*Diceritakan langkah Pak Kartadangsa sangatlah cepat. Hal itu karena, waktu yang ia punya hanya tersisa sehari sampai besok pagi saja. Apabila ia terlambat, saudaranya yang tanpa dosa itu pasti akan dihukum mati tanpa ampun, sehingga ia akan merasa melakukan dosa yang sangat besar. Kira-kira setelah zuhur, ketika matahari berada tepat di atas, sinarnya seperti memecahkan kepala Pak Kartadangsa yang tergesa-gesa itu. Perjalanan Pak Kartadangsa tiba di salah satu sungai yang kemarin* |**14**|*dilewatinya. Seketika itu, ia kaget karena sungai itu banjir, yaitu banjir bandang yang aliran airnya sangat deras. Pak Karta berkata, "E, lah! Sial sekali! Sungainya banjir, tidak mungkin aku melewatinya! Aku bisa mati tenggelam. Akan tetapi, jika aku tidak melewatinya, bagaimana lagi, saudaraku pasti akan digantung! Sudahlah, daripada aku mengetahui dan mendengar matinya saudaraku yang baik yang telah membelaku, lebih baik aku yang mati tenggelam di sungai ini saja, beruntung jika aku bisa selamat dan bisa menggantikan saudaraku sabelum habis waktunya." Tanpa berpikir panjang,* |**15**|*Pak Kartadangsa yang sangat berani dan berbudi luhur itu terjun berenang melintasi sungai itu dengan bersusah payah dan sekuat tenaga. Akhirnya, Pak Kartadangsa dapat sampai di seberang sungai. Akan tetapi, karena terbawa oleh benturan kayu-kayu yang tumbang akibat aliran air, badannya lemas, banyak luka, tetapi*

Lajêngipun *tabel*

Suntingan Standar	***Terjemahan***
kéntiring toyå, badanipun lungkrah, tatu-tatu kathah, nanging bêgjå déné namung tatu-tatu ènthèng kémawon. Sanajan makatênå, dumugi ing pêntasan piyambakipun mêksâ sumrêpêt panonipun. Wasånå lajêng sumaput dhawah wontên ing pinggiring lèpèn wau.	*beruntung hanya luka ringan saja. Walaupun demikian, sesampainya ia di tepi sungai, penglihatanya menjadi kabur. Akhirnya ia pingsan dan terjatuh di tepi sungai itu.*
|16|Kintên-kintên **saêjam**[j] saking anggènipun sumaput wau, Pak Kartådångså lajêng èngêt, wasånå tangi alon-alon, kalawan lampah ingkang **galuyuran**[k], piyambakipun anglajêngakên lampahipun. Piyambakipun ngêlak sangêt, nanging badhé pados toyå sacêgukan kémawon botên sagêd angsal, wusånå lajêng ambruk malih dhawah ing siti, kakiyatanipun sampun mèh têlas babar pisan. Dumadakan piyambakipun lajêng èngêt dhatêng Gusti Allah ingkang asipat **kawåsâ**[f], ingkang Måhå-mirah tur Måhå-asih, lajêng nyênyuwun. Panyuwunipun makatên, "Dhuh, Gusti Allah, ingkang dados Pangéraning sadåyå alam. Kawulå **|17|**matur gunging panuwun déné kawulå sampun Panjênêngan lêpasakên saking bêbåyå bênå, sartå ing mangké kawulå nyuwun sih kamirahanipun Pangéran, mugi paringå toyå ingkang kénging kawulå ombé, supados abdi dalêm kawulå sagêd nêtêpi ingkang dados patêmbayan kawulå, lan sagêdå angluwari dhatêng sadhèrèk kulå ingkang kawulå tanggêlakên dhumatêng Ingkang Sinuhun. Dhuh, Gusti, mugi wêlas saking badan kawulå, amin, amin, amin." **Panalangsanipun**[l] Pak Kartådångså sajakipun **katarimah**[m] déning Pangéran. Dumadakan piyambakipun mirêng kumriciking toyå ingkang watawi**|18|**s botên têbih	**|16|***Kira-kira satu jam setelah ia pingsan, Pak Kartadangsa mulai sadar. Ia bangun perlahan-lahan dengan langkah yang sempoyongan, kemudian ia melanjutkan perjalanannya. Pak Kartadangsa merasa sangat haus, tetapi akan mencari air seteguk pun tidak ada. Akhirnya ia kembali terjatuh di tanah. Kekuatannya sudah hampir habis. Tiba-tiba ia teringat kepada Gusti Allah Yang Mahakuasa, Yang Mahamurah, dan Mahakasih, lalu ia memohon. Permohonannya demikian, "Duh, Gusti Allah yang menjadi penguasa seluruh alam. Hamba* **|17|***bersyukur telah Engkau lepaskan dari bahaya banjir, dan hamba memohon kemurahan-Mu, semoga Engkau memberi air yang dapat hamba minum, supaya hamba mampu menepati apa yang telah menjadi janji hamba, dan dapat melepaskan saudaraku yang telah hamba serahkan kepada sang ratu. Duh Gusti, semoga Engkau memberi kemurahan pada diri hamba, amin, amin, amin." Kesedihan Pak Kartadangsa sepertinya diterima Tuhan. Tiba-tiba ia mendengar gemercik air yang* **|18|***tidak jauh dari tempatnya tergeletak, dengan mengucapkan syukur kepada Tuhan, Pak Kartadangsa merangkak menuju tempat atau arah gemercik air itu. Setelah tiba, Pak Kartadangsa langsung meminum air itu. Setelah*

Lajêngipun *tabel*

Suntingan Standar	***Terjemahan***
saking papan anggènipun gumléthak wau, kalawan matur sukur ing Pangéran, Pak Kartådångså lajêng ambrangkang amurugi dhatêng papan utawi arah kumricikipun toyå wau. Sarêng pinanggih, Pak Kartådångså tumuntên ngunjuk toyå wau. Sasampunipun ngunjuk, Pak Kartå badanipun kraos sêgêr pulih kados wau-waunipun. Ing wêkdal punikå kintên-kintên ing wêkdal ngasar, Pak Kartådångså jalaran santri lajêng èngêt dhatêng kuwajibanipun, tumuntên ngabêkti ing Gusti Allah wontên ing sacêlakipun tuking toyå punikå. Sasampu|**19**|nipun andêdongå sawatawis, Pak Kartå lajêng bidhal anglajêngakên lampahipun.	*meminumnya, tubuh Pak Kartadangsa terasa segar dan pulih seperti sediakala. Saat itu kira-kira telah memasuki waktu salat asar, disebabkan Pak Kartadangsa adalah seorang santri, sehingga ia teringat akan kewajibannya. Ia lalu bersembahyang kepada Gusti Allah di dekat pusat aliran sungai itu. Setelah* |**19**|*beberapa saat berdoa, Pak Karta lalu berangkat melanjutkan perjalanannya.*
Kacariyos lampahipun Pak Kartådångså tanpå kèndêl, kèndêl-kèndêl manawi ing wêkdalipun salat. Lampahipun dumugi ing têngah wånå kintên-kintên jam satunggal dalu, lajêng sêmbahyang khajat, nyênyuwun ing Pangèran, mugi-mugi Gusti Allah anyêmbadani ingkang dados panuwunipun. Sarampungipun, lajêng bidhal anglajêngakên lampah. Jalaran saking wiyar lan panjangipun wånå wau, ngantos jam sakawan énjing Pak Kartå dèrèng dumugi ing sapinggiring wånå. Kintên-kintê|**20**|n ing wanci byar rahinå, Pak Kartådångså sumêrêp kalawan cêthå bilih margi ingkang badhé kaambah punikå dipunadhangi déning tiyang tigå ingkang agêng-agêng lan santosa. Tiyang wau sarêng sumêrêp dhatêng Pak Kartådångså lajêng jawil kancanipun sartå wicantên, "É, lah, kabênêran kåncå. Aku angadhang ana ing kéné sawêngi ora ånå pangan, kabênêran ing wêktu iki ånå wong têkå. Ayo kåncå	*Diceritakan bahwa langkah Pak Kartadangsa tanpa henti, ia berhenti ketika memasuki waktu salat saja. Perjalanannya tiba di tengah hutan kira-kira jam satu malam, kemudian ia salat hajat, memohon kepada Tuhan, semoga Gusti Allah mengabulkan apa yang menjadi permohonannya. Setelah itu, ia berangkat melanjutkan perjalanannya. Disebabkan luas dan panjangnya hutan itu, hingga jam empat pagi Pak Karta belum tiba di tepi hutan. Kira-kira*|**20**| *ketika matahari sudah terbit, Pak Kartadangsa melihat dengan jelas bahwa jalan yang akan dilewatinya itu dihadang oleh tiga orang yang sangat besar dan gagah. Setelah orang itu mengetahui ada Pak Kartadangsa, ia mencolek temannya dan berkata, "E, lah, beruntung kawan! Aku menghadang di sini semalaman tak ada mangsa, beruntung sekali saat ini ada orang yang datang. Ayo kawan, lakukan! Sepertinya dia orang kaya." Pak Kartadangsa juga mendengar*

Lajêngipun *tabel*

Suntingan Standar	***Terjemahan***
pådhå ditandangi, sajakê kok kåyå wong sugih." Pak Kartådångså ugi mirêng wicantênipun têtiyang wau, nanging api-api botên mangrêtos, lajêng nasak kémawon dhatêng têtiyang ingkang sami ngadhang wa**|21|**u, nanging dipunalang-alangi. Têtiyang wau api-api nêdhå latu, wicantênipun, "Dhuh, Ki Sanak, bok kulå samang tulungi. Kulå ajêng udut botên duwé gêni, nyuwun tulung nyilih rèké." Wangsulanipun Pak Kartå, "O, puntên dikå mawon Kang, kulå botên anggåwå rèk." Tiyang wau mirêng wangsulanipun Pak Kartådångså wau. Ingkang sajak tiyang jirih lajêng wicantên sugal kalayan malang kadhak, "Èh, sanak, satêmêné aku ora anjaluk gêni têmênan, nanging aku arêp anjaluk barang-barang kang kogåwå, sajaké kowé têkå anggåwå dhuwit akèh." Pak Kartådångså mi**|22|**rêng wicantênanipun tiyang wau, lajêng mangsuli, "Lo, mêngko dhisik tå. Aku orå anggåwå åpå-åpå lan awaku iki wus dadi kagungané sang prabu, jalaran mêngko jam têlu aku kinisas. Saiki panjaluku, aku wènèhånå dalan, kowé kabèh åjå pådhå ngalang-alangi kang dadi lakuku." Tiyang tigå lajêng wicantênan sarêng, "É, é, kok énak yå. Kowé arêp lumaku kalawan sênêng? Ora biså! Kowé mêsthi tak alang-alangi lan sadurungé sirahmu pisah kalawan gêmbungmu, ora biså kowé slamêt lumaku ing kéné." Jalaran Pak Kartådångså mirêng **suwantên**[g] ingkang botên sa**|23|**kécå kamirêngakên wau, lajêng tuwuh kapurunanipun. Wasånå lajêng ngadêg jêjêg lan wicantên, "Yå, bêcik. Yèn kowé kapêksa arêp ngalap awaku kang wus dadi kagunganing ratu, yå sakarêpmu, måra tindaknå	*perkataan orang-orang itu, tetapi ia pura-pura tidak mengerti. Ia menerobos orang-orang yang menghadang itu***|21|***, tetapi mereka menghalang-halanginya. Orang-orang itu berpura-pura memakan bara api, dan berkata, "Duh, Tuan! Tolonglah aku! Aku hendak merokok tetapi tidak punya api, minta tolong pinjamkan korek api." Pak Karta menjawab, "Oh, maafkan saya, Mas! Saya tidak membawa korek api." Mereka mendengar jawaban Pak Kartadangsa. Orang yang terlihat agak penakut kemudian berkata dengan sombong sambil berkecak pinggang, "Eh, Tuan! Sebenarnya aku tidak meminta api sungguhan, tetapi aku mau meminta barang-barang yang kau bawa. Sepertinya engkau datang dengan membawa banyak uang." Pak Kartadangsa men***|22|***dengar perkataan orang itu dan menjawab, "Lo, nanti dululah! Aku tidak membawa apa-apa dan tubuhku ini sudah menjadi milik sang ratu, karena nanti jam tiga aku akan dihukum mati. Sekarang permintaanku, berilah aku jalan. Kalian semua jangan menghalang-halangi langkahku." Tiga orang itu berkata bersama, "E, e, kok enak ya! Kamu mau lewat dengan senang? Tidak bisa! Aku harus menghalang-halangimu, dan sebelum kepalamu terpisah dengan tubuhmu, tidak bisa kau selamat lewat sini!" Pak Kartadangsa mendengar ucapan yang tidak e***|23|***nak untuk didengar, lalu timbul keinginannya. Akhirnya, ia berdiri dengan tegak dan berkata, "Ya, baiklah! Jika kalian memaksa akan merebut tubuhku yang telah menjadi milik ratu, terserah! Datanglah! Lakukan apa yang akan menjadi keinginanmu!" Ketiga orang itu mendengar jawaban orang yang*

Lajêngipun *tabel*

Suntingan Standar	***Terjemahan***
åpå kang arêp kotindakaké!" Têtiyang tigå wau mirêng wangsulanipun tiyang ingkang gagah wau, gumun sangêt ngantos kamitênggêngên. Pak Kartådångså botên **talompé**^{n} lajêng narik dhuwungipun. Ingkang satunggal pinarjåyå têmbus ing walikåtipun, pêjah kapisanan. Kancanipun sumêrêp kancanipun pêjah lajêng ngrubut. Lajêng dados påncåkårå ramé sangêt. Wasånå bégal kêkalih pêjah. Pak Kartå|**24**|dångså sampunipun mêmuji sukur ing Pangéran, tumuntên anglajêngakên lampahipun.	*gagah itu. Mereka sangat terkejut hingga terdiam. Pak Kartadangsa tanpa berlama-lama lalu menarik kerisnya. Salah satu dari mereka ditusuk tepat di bahunya, lalu mati seketika itu. Dua orang lainnya mengetahui bahwa kawannya telah meninggal, lalu mereka menyerang Pak Kartadangsa, hingga terjadi pertarungan yang sangat ramai. Akhirnya, kedua perampok itu mati. Pak Karta*|**24**|*dangsa mengucap syukur kepada Tuhan dan segera melanjutkan perjalanannya.*
Sapunikå kintên-kintên mèh jam sadåså siyang, Pak Kartådångså lampahipun ginêlak, ing mångkå manawi mangké kintên-kintên jam tigå, manawi dèrèng dumugi ing kithå, mitranipun ingkang tanpå doså punikå têmtu kêlajêng kakisas. Têbihipun papan wau saking kithå kintên-kintên lampahan ênêm jam lumampah suku. Dados Pak Kartå rumaos botên sagêd anêtêpi janjinipun. Dilalah karsaning Pangéran, kintên-kintên wanci jam kalih siyang, ing margi ingkang dipunlangkungi wontên tiyang ingkang wêlas dha|**25**|têng piyambakipun, lajêng anyambuti kapal, sartå badhé angêtêrakên ngantos sarampungipun prakawis.	*Sekarang kira-kira hampir jam sepuluh siang, langkah Pak Kartadangsa semakin cepat. Jika nanti kira-kira jam tiga ia belum sampai di kota, maka saudaranya yang tanpa dosa itu pasti akan dihukum mati. Jarak antara tempat itu dan kota kira-kira dapat ditempuh dengan berjalan kaki selama 6 jam, sehingga Pak Karta merasa tidak mampu untuk menepati janjinya. Atas kehendak Tuhan, kira-kira jam dua siang, di jalan yang dilewatinya ada orang yang berbelas kasihan ke*|**25**|*pada dirinya. Orang itu meminjamkan kuda kepada Pak Kartadangsa, dan akan mengantarkannya sampai urusannya selesai.*
Pak Kartådångså lajêng numpak kapalipun kairingakên déning tiyang wau. Lampahipun gêgancangan tumuju dhumatêng ing kithå. Kintên-kintên jam satêngah tigå, ing kithå sampun kathah sangêt têtiyang ingkang lumampah **andalidir**^{o} tumuju ing alun-alun badhé ningali tiyang ingkang badhé kaukum kisas. Sadumuginipun têpis wiring kithå, Pak	*Kemudian, Pak Kartadangsa naik kuda dengan diiringi oleh orang itu. Langkahnya sangat cepat menuju ke kota. Kira-kira jam setengah tiga, di kota sudah sangat banyak orang yang berjalan terus-menerus menuju ke alun-alun untuk melihat orang yang akan dihukum mati. Setelah sampai di perbatasan kota, Pak Kartadangsa memacu kudanya dengan kencang hingga*

Lajêngipun *tabel*

Suntingan Standar	***Terjemahan***
Kartådångså angêtab tumpakanipun, kasandêrakên lumêbêt ing kithå. Lampahipun gêgancangan tumuju ing alun-alun, ngantos **|26|**tiyang ingkang ngiringakên kantun sawatawis têbih. Sadumuginipun ing alun-alun, têtiyang ingkang ningali sampun kêbak, lan cagak pagantungan sampun cumawis, sartå mitranipun Pak Kartådångså wau sampun badhé kainggahakên. Pak Kartådångså amiyak tiyang ingkang ningali kalawan kapalipun sartå ambêngok-bêngok, "Mandhêg! Mandhêg dhisik! Wong iku ora doså. Aku kang doså. Aku kang pantês ginantung." Kyai Måndåråkå mirêng pambêngok wau lajêng kèndêl, nyarantosakên sintên ingkang **nyuwantên**[g] wau. Botên antawis dangu, Pak Kartådångså katingal numpak kapal, lajêng **|27|**mandhap saking tumpakanipun sartå wicantên sêru, "Kyai Måndåråkå! Mangké rumiyin! Kulå ingkang doså, lan kulå ingkang pantês kakisas. Sadhèrèk kulå wau kulå aturi ngluwari." Pak Kartådångså méngo manêngên, sumêrêp sang nåtå anjênêngi, lajêng manthuk. Sasampunipun mitranipun Pak Kartådångså dipunuculi, tumuntên murugi dhatêng Pak Kartå, tumuntên arangkulan sartå têtangisan. Pak Kartådångså sukå wilujêng dhatêng sadåyå mitrå ingkang kantun. Makatên ugi mitranipun sami sukå wilujêng, mugi-mugi sakécå ingkang dados lampahipun, sartå wilujêng dumugi ing panggè**|28|**nan ingkang tinuju. Wusånå lajêng sami mandhap saking panggung pagantungan, kantun Pak Kartådångså piyambak. Sarêng sang nåtå sumêrêp Pak Kartådångså tiyang ingkang sêtya tuhu sartå têmên ing prasêtyå wau badhé kainggahakên ing pagantungan,	*memasuki kota. Langkahnya sangat cepat menuju ke alun-alun, hingga* **|26|***orang yang mengiringinya tertinggal cukup jauh. Sesampainya di alun-alun, orang-orang yang melihat sudah penuh dan tiang penggantungan sudah disediakan, dan sahabat karib Pak Kartadangsa itu sudah akan dinaikkan. Pak Kartadangsa menerobos orang-orang yang melihat dengan menggunakan kudanya dan berteriak, "Berhenti! Berhenti dulu! Orang itu tidak berdosa! Aku yang berdosa! Aku yang pantas digantung!" Kyai Mandaraka mendengar teriakan itu, lalu berhenti dan menunggu siapa orang yang berteriak itu. Tidak begitu lama, Pak Kartadangsa terlihat menunggang kuda, kemudian* **|27|***turun dari kendaraannya dan berkata dengan lantang, "Kyai Mandaraka! Tunggu dulu! Aku yang berdosa dan aku yang pantas untuk dihukum mati. Tolong bebaskan saudaraku itu!" Pak Kartadangsa menoleh kekanan. Sang ratu pun mengenalnya, lalu mengangguk. Setelah sahabat karib (saudara) Pak Kartadangsa dibebaskan, ia segera menemui Pak Karta. Mereka saling berpelukan dan menangis. Pak Kartadangsa memberi nasihat kepada semua sahabat karib yang akan ditinggalkannya. Begitu pula dengan sahabat karibnya juga saling mendoakan semoga langkahnya itu menjadi keputusan yang terbaik dan semoga selamat sampai tem***|28|***pat yang dituju. Akhirnya, semua sahabat karib turun dari panggung penggantungan, dan Pak Kartadangsa tertinggal sendirian. Setelah sang ratu mengetahui bahwa Pak Kartadangsa adalah orang yang sangat setia dan sungguh-sungguh pada janji itu*

Lajêngipun *tabel*

Suntingan Standar	***Terjemahan***
panggalihipun wêlas, botên dumugi mriksani tiyang ingkang sêtyå wau kagantung. Wasånå lajêng ngandikå, "Wus, wus cukup saméné baé anggoningsun angukum marang Kartådångså kang sêtya ing janji iku, lan ingsun prasêtyå, wiwit ing dinå iki sabanjuré, aku ora bakal tumindak sawênang-wênang kåyå kang wus ingsun tindakaké. **|29|**Pak Kartådångså botên saèstu kakisas, sartå sang nåtå lajêng paring ganjaran mawarni-warni, ingkang damêl bingahing manahipun påra mitrå sartå anak bojonipun Pak Kartådångså, jalaran saking sêtyå tuhuning janjinipun. Sartå wiwit ing dintên punikå sapanginggil sang nåtå botên karså tumindak sawênang-wênang, sartå adil påråmartå, adamêl indhaking harjanipun nagari, sartå botên wontên tindak piawon ing nagari wau. Anjalari kathahing têtiyang ingkang sami pindhah gêgriyå ing prajanipun sang nåtå.	*akan dinaikkan ke tempat penggantungan, ia merasa iba, tidak tega melihat orang yang setia itu digantung. Akhirnya ia pun berkata, "Sudah! Sudah cukup sampai disini saja menghukum Kartadangsa yang setia pada janji. Aku berjanji mulai hari ini dan seterusnya, aku tidak akan bertindak sewenang-wenang seperti yang sudah aku lakukan."* **|29|***Pak Kartadangsa tidak jadi dihukum mati, bahkan sang ratu memberi bermacam-macam hadiah yang membuat bahagia semua saudara dan anak istri Pak Kartadangsa. Hal itu dilakukan oleh sang ratu karena Pak Kartadangsa adalah orang yang setia pada janjinya. Oleh karena itu, mulai hari ini dan seterusnya, sang ratu tidak akan bertindak sewenang-wenang, bersikap adil, dan berbelas kasih, sehingga membuat kemajuan dan kesejahteraan di negaranya, dan tidak ada lagi perbuatan buruk di negara itu. Hal itu menyebabkan, banyak orang yang pindah menetap di kerajaan sang ratu.*

Adhêdhasar *tabel* ing nginggil, kapanggihakên têmbung-têmbung ingkang dados cathêtan *terjemahan.* Cathêtan *terjemahan* ing panalitèn mênikå minångkå wujud tanggêl jawab saking anggènipun ndamêl *terjemahan teks RBA.* Cathêtan *terjemahan* mênikå dipundamêl kanggé ngandharakên têmbung-têmbung ingkang botên sagêd dipun-*terjemah*-akên, satêmah pamaos langkung gampil anggènipun mangrêtosi isining *teks RBA.* Wondênê andharanipun cathêtan *terjemahan teks RBA* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Ratu

Ing salêbêting *teks RBA* mênikå kasêrat têmbung "ratu". Tembung "ratu" botên dipundamêl *terjemahan*-nipun. Têmbung mênikå kasêrat adhêdhasar têgês ing *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939), inggih mênikå råjå utawi pangarså (Poerwadarmintå, 1939: 522). Manawi têmbung "ratu" dipundamêl *terjemahan* kanthi båsâ Indonesia, têgêsipun inggih mênikå '*raja perempuan*' utawi '*permaisuri*'. Têmbung "ratu" botên dipundamêl *terjemahan* kanthi båsâ Indonesia supados botên ngéwahi têgêsipun têmbung såhå botên ngéwahi irah-irahaning *teks*.

2. Gusti

Tembung "Gusti" ing salêbêting *teks RBA* mênikå ngêwrat kalih têgês, inggih mênikå roh ingkang sampurnå, utawi panguwaosing jagad. Wondéné têmbung "Gusti" ugi atêgês råjå utawi pangarsâ. Panganggèning têmbung "Gusti" mênikå adhêdhasar *konteks* isinipun. Têmbung "Gusti" atêgês roh ingkang sampurnå manawi kaginakakên kados cuplikan ing ngandhap mênikå.

> Dhuh, Gusti, mugi wêlas saking badan kawulå, amin, amin, amin." (kåcå 17, larik 8)

Terjemahan teks-ipun

> *Duh Gusti, semoga Engkau memberi kesehatan pada diri hamba, amin, amin, amin."*

Wondéné, têmbung "Gusti" atêgês råjå utawi pangarså manawi kaginakakên kados cuplikan ing ngandhap mênikå. Têmbung "Gusti" dipun-*terjemah*-akên dados têmbung '*tuan'.*

> Tiyang wau munjuk malih, "Kasinggihan dhawuh pangandikå dalêm, Gusti! Abdi dalêm kawulå ugi badhé andhèrèk punåpå ingkang dados **kaparêng**[f] dalêm... (kåcå 9, larik 5)

Terjemahan teks-ipun

> "*Orang itu berkata lagi, "Baiklah jika seperti itu, Tuan! Saya akan mengikuti apa yang menjadi keinginan tuan...*

3. Pêparab

Têmbung "pêparab" mênikå kadhapuk saking têmbung linggå "parab" ingkang têgêsipun nåmå utawi sêsêbutan sanèsipun (Poerwadarminta, 1939: 471). Ing asiling *terjemahan teks RBA* mênikå, têmbung "pêparab" botên dipun-*terjemah*-akên dados '*nama*'. Ananging ka-*terjemah*-akên dados '*asal*'. Prakawis mênikå kajumbuhakên kaliyan *konteks* isinipun. Wondéné cuplikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ...ingsun arêp mangrêti sartå wêruh såpå kang dadi **pêparab** lan jênêngirå." Aturipun tiyang wau, "Dhuh, Ingkang Sinuwun, manawi panjênêngan andangu nami sartå dunungipun abdi dalêm, nami kawulå Kartådångså, padunungan kawulå ing ing dhusun sapinggiring kithå punikå." (kåcå 6, larik 4)

Terjemahan teks-ipun:

> *...aku ingin tahu dari mana kau **berasal** dan siapa namamu?" Orang itu menjawab, "Wahai Yang Mulia, jika tuan bertanya nama dan asal saya, nama saya Kartadangsa, saya berasal dari desa yang terletak di pinggir kota ini."*

B. Pangrêmbaging Piwulang *Moral* ing Salêbêting *Teks RBA*

Panalitèn mênikå ngrêmbag kawruh bab piwulang *moral*. Adhêdhasar andharaning *teks RBA* mênikå kaandharakên kanthi wujud cariyos, milå sadèrèngipun kêdah dipunmangrêtosi piwulang *moral* ingkang saé såhå ingkang awon lumantar cariyosipun. Piwulang *moral* ingkang saé såhå ingkang awon mênikå kaandharakên lumantar kalih *tokoh utama* ing salêbêting *teks RBA*. Wondéné andharanipun kados ing ngandhap mênikå.

Cariyos *teks RBA* mênikå katindakakên déning kalih *tokoh utama*, inggih mênikå Pak Kartådångså såhå sang ratu. Pak Kartådångså mênikå tulådhå parågå ingkang asipat saé. Wondéné, sang ratu mênikå tulådhå parågå ingkang asipat awon. Pérangan sipat saé såhå awonipun kalih pårågå mênikå sagêd dipunmangrêtosi saking *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 37: **Sipat Saé såhå Awon *Tokoh Utama* ing Salêbêting *Teks RBA***

No.	Parågå	Sipat Saé	Sipat Awon
1.	Pak Kartådångså	Sêtyå ing janji	
2.	Sang ratu		Sawênang-wênang

Saking *tabel* ing nginggil, kaandharakên sipating kalih *tokoh utama* ing salêbêting *teks RBA*. Kalih sipating parågå mênikå, salajêngipun dipundamêl *kategori* piwulang *moral*-ipun. Wondéné *kategori* piwulang *moral*-ipun kasêrat lumantar *tabel* ing ngandhap mênikå. Salajêngipun, andharanipun kaandharakên mawi têtêmbungan supados langkung cêthå såhå gampil dipunmangrêtosi.

Tabel 38: **Piwulang *Moral* ing Salêbêting *Teks RBA***

No.	***Kategorisasi* Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral***	***Indikator* Piwulang *Moral* ing Salêbêting *Teks RBA***	***Terjemahan Teks RBA***
Piwulang *moral* ingkang saé				
1.	Manungså dhumatêng Gusti	Manêmbah dhumatêng Gusti	...Pak Kartådångså jalaran santri lajêng èngêt dhatêng kuwajibanipun, **tumuntên ngabêkti ing Gusti Allah**... (kåcå 18, larik 8)	*...disebabkan Pak Kartadangsa adalah seorang santri, sehingga ia teringat akan kewajibannya.* ***Ia lalu bersembahyang kepada Gusti Allah****...*
			Lampahipun dumugi ing têngah wånå kintên-kintên jam satunggal dalu, **lajêng sêmbahyang khajat**, nyênyuwun ing Pangèran, mugi-mugi Gusti Allah anyêmbadani ingkang dados panuwunipun... (kåcå 19, larik 5)	*Perjalanannya tiba di tengah hutan kira-kira jam satu malam,* ***kemudian ia salat hajat****, memohon kepada Tuhan, semoga Gusti Allah mengabulkan apa yang menjadi permohonannya...*
			Kacariyos lampahipun Pak Kartådångså tanpå kèndêl, kèndêl-kèndêl **manawi ing wêkdalipun salat**... (kåcå 19, larik 4)	*Diceritakan bahwa langkah Pak Kartadangsa tanpa henti,* ***ia berhenti ketika memasuki waktu salat saja****...*
		Tansah munjukakên raos sokur dhumatêng Gusti	Dumadakan piyambakipun mirêng kumriciking toyå, ingkang watawis **|18|**botên têbih saking papan anggènipun gumléthak wau, **kalawan matur sukur ing Pangéran** Pak Kartådångså lajêng ambrangkang amurugi dhatêng papan utawi arah kumricikipun toyå wau (kåcå 17, larik 10)	*Tiba-tiba ia mendengar gemercik air yang* **|18|***tidak jauh dari tempatnya tergeletak,* ***dengan mengucapkan syukur kepada Tuhan****, Pak Kartadangsa merangkak menuju tempat atau arah gemercik air itu.*
			Wasånå bégal kêkalih pêjah. **Pak Kartå|24|dångså sampunipun mêmuji sukur ing Pangéran, tumuntên anglajêngakên lampahipun (kåcå 23**, larik 11)	*Akhirnya, kedua perampok itu mati.* ***Pak Karta|24|dangsa mengucap syukur kepada Tuhan*** *dan segera melanjutkan perjalanannya.*

Lajêngipun *tabel*

No.	***Kategorisasi* Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral***	***Indikator* Piwulang *Moral* ing Salêbêting *Teks RBA***	***Terjemahan Teks RBA***
Piwulang *moral* ingkang saé				
			Kawulå |17|matur gunging panuwun déné kawulå sampun Panjênêngan lêpasakên saking bêbåyå bênå... (kåcå 16, larik 11)	***Hamba* |17|*bersyukur*** *telah Engkau lepaskan dari bahaya banjir...*
		Tansah émut dhumatêng Gusti	...wusånå lajêng ambruk malih dhawah ing siti, kakiyatanipun sampun mèh têlas babar pisan. **Dumadakan piyambakipun lajêng èngêt dhatêng Gusti Allah** ingkang asipat kawåså, ingkang Måhå-mirah tur Måhå-asih, lajêng nyênyuwun (kåcå 16, larik 6)	*Akhirnya ia kembali terjatuh di tanah. Kekuatannya sudah hampir habis.* ***Tiba-tiba ia teringat kepada Gusti Alla****h Yang Mahakuasa, Yang Mahamurah, dan Mahakasih, lalu ia memohon.*
		Nyênyuwun namung dhumatêng Gusti	Dumadakan piyambakipun lajêng èngêt dhatêng Gusti Allah ingkang asipat kawåså, ingkang Måhå-mirah tur Måhå-asih, **lajêng nyênyuwun**... (kåcå 16, larik 7)	*Tiba-tiba ia teringat kepada Gusti Allah Yang Mahakuasa, Yang Mahamurah, dan Mahakasih,* ***lalu ia memohon****...*
			Lampahipun dumugi ing têngah wånå kintên-kintên jam satunggal dalu, lajêng sêmbahyang Khajat, **nyênyuwun ing Pangèran, mugi-mugi Gusti Allah anyêmbadani ingkang dados panuwunipun**... (kåcå 19, larik 5)	*Perjalanannya tiba di tengah hutan kira-kira jam satu malam, kemudian ia salat hajat,* ***memohon kepada Tuhan, semoga Gusti Allah mengabulkan apa yang menjadi permohonannya****...*
			...sartå ing mangké **kawulå nyuwun sih kamirahanipun Pangéran**, mugi paringå toyå ingkang kénging kawulå ombé (kåcå 17, larik 3)	*...dan* ***hamba memohon kemurahan-Mu****, semoga Engkau memberi air yang dapat hamba minum...*

Lajêngipun *tabel*

No.	***Kategorisasi* Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral***	***Indikator* Piwulang *Moral* ing Salêbêting *Teks RBA***	***Terjemahan Teks RBA***
Piwulang *moral* ingkang saé				
2.	Manungsâ dhatêng sêsaminipun	Tulung-tinulung	...ing margi ingkang dipunlangkungi wontên **tiyang ingkang wêlas dha|25|têng piyambakipun, lajêng anyambuti kapal**, sartâ badhé angêtêrakên ngantos sarampungipun prakawis (kâcâ 24, larik 11)	*...di jalan yang dilewatinya ada **orang yang berbelas kasihan ke|25|pada dirinya. Orang itu meminjamkan kuda** kepada Pak Kartadangsa, dan akan mengantarkannya sampai urusannya selesai.*
		Sêtyâ ing janji	...**supados abdi dalêm kawulâ sagêd nêtêpi ingkang dados patêmbayan kawulâ**, lan sagêdâ angluwari dhatêng sadhèrèk kulâ ingkang kawulâ tanggêlakên dhumatêng Ingkang Sinuhun... (kâcâ 17, larik 5)	*...**supaya hamba mampu menepati apa yang telah menjadi janji hamba**, dan dapat melepaskan saudaraku yang telah hamba serahkan kepada sang ratu...*
		Tanggêl jawab	Kacariyos **lampahipun Pak Kartâdângsâ rêrikatan, jalaran kantun sadintên bénjing énjing, amargi manawi sampun têlat, mitranipun ingkang tanpâ dosâ wau têmtu badhé kakisas** ingkang tanpâ dosâ, sartâ piyambakipun rumaos dosâ ingkang matumpuk-tumpuk... (kâcâ 13, larik 2)	*Diceritakan **langkah Pak Kartadangsa sangatlah cepat. Hal itu karena, waktu yang ia punya hanya tersisa sehari sampai besok pagi saja. Apabila ia terlambat, saudaranya yang tanpa dosa itu pasti akan dihukum mati** tanpa ampun, sehingga ia akan merasa melakukan dosa yang sangat besar...*
			Pak Kartâdângsâ amiyak tiyang ingkang ningali kalawan kapalipun sartâ ambêngok-bêngok, "**Mandhêg! Mandhêg dhisik! Wong iku ora dosâ. Aku kang dosâ. Aku kang pantês ginantung**." (kâcâ 26, larik 5)	*Pak Kartadangsa menerobos orang-orang yang melihat dengan menggunakan kudanya dan berteriak, "**Berhenti! Berhenti dulu! Orang itu tidak berdosa! Aku yang berdosa! Aku yang pantas digantung**!"*

Lajêngipun *tabel*

No.	***Kategorisasi* Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral***	***Indikator* Piwulang *Moral* ing Salêbêting *Teks RBA***	***Terjemahan Teks RBA***
Piwulang *moral* ingkang saé				
		Tansah njagi tåtå-krami	Cêkaking cariyos, Pak Kartå wau sampun dumugi ing panggènan ingkang tinuju. **Sasampunipun bagé-binagé mênggaking kawilujênganipun, lajêng sami nindakakên kaprêluwanipun piyambak-piyambak**. Botên kacariyosakên ingkang sami sênêng-sênêng... (kåcå 11, larik 2)	*Singkat cerita, Pak Karta sudah sampai ke tempat yang dituju.* ***Setelah saling menanyakan kabar, kemudian dilanjutkan dengan melakukan keperluannya masing-masing****. Tidak diceritakan mereka yang sedang bersenang-senang...*
		Wêlas-asih	Sarêng sang nåtå sumêrêp Pak Kartådångså tiyang ingkang sêtya tuhu sartå têmên ing prasêtyå wau badhé kainggahakên ing pagantungan, **panggalihipun wêlas, botên dumugi mriksani tiyang ingkang sêtyå wau kagantung**. Wasånå lajêng ngandikå, "Wus, wus cukup saméné baé anggoningsun angukum marang Kartådångså kang sêtya ing janji iku..... (kåcå 28, larik 3)	*Setelah sang ratu mengetahui bahwa Pak Kartadangsa adalah orang yang sangat setia dan sungguh-sungguh pada janji itu akan dinaikkan ke tempat penggantungan****, ia merasa iba, tidak tega melihat orang yang setia itu digantung****. Akhirnya ia pun berkata, "Sudah! Sudah cukup sampai disini saja menghukum Kartadangsa yang setia pada janji...*
Piwulang *moral* ingkang awon				
		Botên adil	...tuwuh tindak sawênang-wênang, sartå badhé ambrasthå hakipun kawulå, sartå **karså mutusi paukuman sakarsanipun piyambak, botên mawi karêmbag rumiyin kaliyan på rå nayakaning pråjå**... (kåcå 1, larik 6)	*...menimbulkan sikap sewenang-wenang serta akan menghilangkan hak rakyatnya. Selain itu, ia juga* ***suka memberi hukuman sesuka hatinya, tanpa dimusyawarahkan terlebih dahulu dengan para penasihat kerajaan****...*

Lajêngipun *tabel*

No.	***Kategorisasi* Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral***	***Indikator* Piwulang *Moral* ing Salêbêting *Teks RBA***	***Terjemahan Teks RBA***
Piwulang *moral* ingkang awon				
		Sawênang-wênang	Panggalihipun lajêng murkå, **wusånå tuwuh tindak sawênang-wênang**, sartå badhé ambrasthå hakipun kawulå, **sartå karså mutusi paukuman sakarsanipun piyambak**, botên mawi karêmbag rumiyin kaliyan pårå nayakaning prājå... (kåcå 1, larik 6)	*sehingga membuatnya marah, **dan menimbulkan sikap sewenang-wenang** serta akan menghilangkan hak rakyatnya. Selain itu, **ia juga suka memberi hukuman sesuka hatinya**, tanpa dimusyawarahkan terlebih dahulu dengan para penasihat kerajaan...*
			Langkung-langkung **sang nåtå lajêng karså damêl aturan sartå cårå bêlèh-bêlèhan**, inggih punikå bilih wadyå bålå botên rujuk sartå mogok kaangsahakên prang, ingkang mogok wau lajêng kaukum kisas, kaga|**3**|ntung, lan sapanunggilanipun (kåcå 2, larik 10)	*Terlebih lagi ketika **sang ratu suka membuat aturan yang berisi pemaksaan untuk menguntungkan dirinya sendiri**, yaitu ketika para pasukan tidak setuju, mereka akan dipaksa untuk maju perang. Bagi mereka yang tidak mau berangkat, maka akan dihukum mati, diga|**3**|ntung, dan lain sebagainya.*
Piwulang *moral* ingkang saé				
3.	Manungså dhatêng piyambaki pun	Wantun	Tiyang wau lajêng matur sartå walèh kalawan **tanpå ajrih sakêdhik-kêdhikå**, "Dhuh, Sang Nåtå Binåthårå, sowanipun abdi dalêm kawulå ing ngarså panjênêngan dalêm nåtå punikå sajatosipun namung mligi badhé anyédani padukå." (kåcå 5, larik 6)	*Orang itu berkata dengan jujur **tanpa rasa takut sedikitpun,** "Wahai, ratu yang terhormat. Kedatanganku kemari ini sebenarnya hanya khusus untuk membunuhmu."*

Lajêngipun *tabel*

No.	***Kategorisasi* Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral***	***Indikator* Piwulang *Moral* ing Salêbêting *Teks RBA***	***Terjemahan Teks RBA***
Piwulang *moral* ingkang saé				
		Narimåh	Tiyang wau munjuk malih, "Kasinggihan dhawuh pangandikå dalêm, Gusti! **Abdi dalêm kawulå ugi badhé andhèrèk punåpå ingkang dados kaparêng dalêm**... (kåcå 9, larik 4)	*Orang itu berkata lagi, "Baiklah jika seperti itu, Tuan!* ***Saya akan mengikuti apa yang menjadi keinginan tuan****...*
			Pårå sadhèrèkipun mirêng cariyosipun Pak Kartådångså wau kagèt sa|**12**|ngêt, manahipun sakalangkung sêdhih, nanging kados pundi malih, **sampun karsanipun ingkang Måhå-kawåså**, dados namung mandhêg tangisan kémawon... (kåcå 11, larik 10)	*Kerabat yang mendengar cerita Pak Kartadangsa itu sa*|**12**|*ngat terkejut, seketika itu sedih hatinya, tetapi harus bagaimana lagi,* ***itu sudah menjadi Kehendak Yang Mahakuasa****, jadi hanya sebatas tangisan saja...*
Piwulang *moral* ingkang awon				
		Gampil mupus	Têbihipun papan wau saking kithå kintên-kintên lampahan ênêm jam lumampah suku. **Dados Pak Kartå rumaos botên sagêd anêtêpi janjinipun**... (kåcå 24, larik 8)	*Jarak antara tempat itu dan kota kira-kira dapat ditempuh dengan berjalan kaki selama 6 jam,* ***sehingga Pak Karta merasa tidak mampu untuk menepati janjinya****...*
		Gampil dukå	**Panggalihipun lajêng murkå**, wusånå tuwuh tindak sawênang-wênang, sartå badhé ambrasthå hakipun kawulå, sartå karså mutusi paukuman sakarsanipun piyambak, botên mawi karêmbag rumiyin kaliyan pårå nayakaning prajå... (kåcå 1, larik 6)	***sehingga membuatnya marah****, dan menimbulkan sikap sewenang-wenang serta akan menghilangkan hak rakyatnya. Selain itu, ia juga suka memberi hukuman sesuka hatinya, tanpa dimusyawarahkan terlebih dahulu dengan para penasihat kerajaan...*

Lajêngipun *tabel*

No.	***Kategorisasi* Piwulang *Moral***	**Piwulang *Moral***	***Indikator* Piwulang *Moral* ing Salêbêting *Teks RBA***	***Terjemahan Teks RBA***
Piwulang *Moral* ingkang Awon				
			Sang nåtå midhangêt aturipun tiyang **|6|**wau, **kadadak dukaning panggalih** lajêng ngandikå soråh ingkang damêl girising manahipun ingkang sami mirêng... (kåcå 5, larik 11)	*Sang ratu mendengar perkataan orang* **|6|***itu,* ***tiba-tiba sang ratu marah*** *dan berkata sangat keras, sehingga membuat takut semua orang yang mendengarnya...*
		Umuk	**Kulå panci badhé anjajal kasêktènipun ratu** ingkang ambêk kumlungkung, ingkang sawênang-wênang, ingkang damêl botên sênêng kitå sadåyå, **sartå badhê kulå cobi kulå prajåyå kalawan dhuwung kulå punikå, sagêd tumåmå punåpå botên**... (kåcå 4, larik 8)	***Aku memang akan mencoba kesaktian ratu*** *yang sombong itu, yang sewenang-wenang, yang membuat kita semua tidak senang.* ***Aku juga akan mencoba membunuhnya dengan kerisku ini, apakah mempan atau tidak****...*

Adhêdhasar *tabel* ing nginggil sagêd dipunmangrêtosi bilih ing salêbêting *teks RBA* mênikå ngêwrat piwulang *moral*. Piwulang *moral* ingkang dipunandharakên wontên ing panalitèn mênikå kapérang dados tigang *kategori*, inggih mênikå piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhumatêng Gusti, manungså dhatêng sêsaminipun, såhå manungså dhatêng piyambakipun. Tigang piwulang *moral* mênikå katindakakên déning manungså kanthi lêlampahan tartamtu. Wondéné andharanipun kados ing ngandhap mênikå.

1. Piwulang *Moral* gayutipun Manungså dhumatêng Gusti

Ing salêbêting *teks RBA* mênikå ngêwrat piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhumatêng Gusti. Piwulang *moral* ingkang kawrat ing salêbêting *teks RBA* inggih mênikå manêmbah dhumatêng Gusti, tansah émut dhumatêng Gusti, tansah munjukakên raos sokur dhumatêng Gusti, såhå nyênyuwun namung dhumatêng Gusti. Andharan satunggal-satunggalipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

a. Manêmbah dhumatêng Gusti

Salah satunggaling piwulang *moral* tumrapipun manungså ingkang kêdah katindakakên inggih mênikå manêmbah dhumatêng Gusti. Tumindak ingkang nêdahakên manêmbah dhumatêng Gusti ing salêbêting *teks RBA* kacuplikakên kados ing ngandhap mênikå.

> ...Pak Kartådångså jalaran santri lajêng èngêt dhatêng kuwajibanipun, **tumuntên ngabêkti ing Gusti Allah**... (kåcå 18, larik 8)

Terjemahan teks-ipun:

> *...disebabkan Pak Kartadangsa adalah seorang santri, sehingga ia teringat akan kewajibannya.* ***Ia lalu bersembahyang kepada Gusti Allah****...*

Pêthikan ing nginggil mênikå nyariyosakên bilih Pak Kartådångså inggih mênikå santri utawi tiyang ingkang ngêgulang kawruh agami Islam. Pramilå, piyambakipun émut dhatêng kuwajibanipun, inggih mênikå nindakakên sêmbahyang dhumatêng Gusti Allah.

Saking pêthikan cariyos mênikå sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih manungså ingkang mliginipun tiyang ingkang ngrasuk agami Islam mênikå kêdah nindakakên kuwajibanipun dhumatêng Gusti Allah. Salah satunggaling kuwajibanipun inggih mênikå manêmbah dhumatêng Gusti. Miturut Ismail (2009: 25), manêmbah dhumatêng Gusti inggih mênikå ngasorakên dhiri utawi ngabêkti dhumatêng Gusti. Miturut agami Islam, manêmbah mênikå kêdah dipuntindakakên namung dhumatêng Gusti Allah. Manêmbah ingkang katindakakên botên kanthi niyat namung mligi dhumatêng Gusti Allah mênikå kalêbêt tumindak *musyrik.*

Sajatosipun, manêmbah mênikå botên namung katindakakên déning manungså kémawon. Ananging, ugi katindakakên déning têtuwuhan, sato, såhå sadayanipun ingkang wontên ing alam donyå mênikå, botên kajawi ugi sadåyå malaékat. Manêmbah ingkang makatên mênikå dipunwastani ‘*taskhir*’ utawi manêmbah ingkang katindakakên adhêdhasar pêpêsthènipun Gusti Allah (Ismail, 2009: 26).

Tumrapipun tiyang ingkang ngrasuk agami Islam, manêmbah dhumatêng Gusti katindakakên kanthi cårå sêmbahyang utawi ngabêktos, inggih mênikå kanthi nindakakên salat wajib gangsal wêkdal. Salat wajib gangsal wêkdal mênikå kapérang saking salat subuh, luhur, ngasar, *magrib*, såhå ngisa. Awit saking salat

mênikå wigatos sangêt såhå kukumipun wajib, milå kêdah katindakakên, botên kénging katilarakên. Sasanèsipun salat wajib gangsal wêkdal, ugi wontên malih bab ingkang gayut kaliyan manêmbah dhumatêng Gusti. Wondéné bab mênikå kawrat ing salêbêting *teks RBA* kados ing ngandhap mênikå.

> Lampahipun dumugi ing têngah wånå kintên-kintên jam satunggal dalu, **lajêng sêmbahyang khajat**, nyênyuwun ing Pangèran, mugi-mugi Gusti Allah anyêmbadani ingkang dados panuwunipun... (kåcå 19, larik 5)

Terjemahan teks-ipun:

> *Perjalanannya tiba di tengah hutan kira-kira jam satu malam,* ***kemudian ia salat hajat****, memohon kepada Tuhan, semoga Gusti Allah mengabulkan apa yang menjadi permohonannya...*

Pêthikan ing nginggil nyariyosakên bilih Pak Kartådångså nindakakên sêmbahyang kajat nalikå dumugi ing têngah wånå, kintên-kintên tabuh satungal. Pak Kartådångså sêmbahyang kajat kanthi ancas nyênyuwun dhumatêng Gusti mugi-mugi dipun-*ijabah* mênåpå ingkang dados panyuwunipun.

Saking pêthikan mênikå, sagêd dipunmangrêtosi bilih tumrapipun tiyang ingkang ngrasuk agami Islam mênikå, sasanèsipun manêmbah kanthi nindakakên salat wajib gangsal wêkdal, ugi kêdah nindakakên salat *sunah*. Salat *sunah* inggih mênikå salat ingkang botên wajib katindakakên, nanging manawi katindakakên badhé pinaringan ganjaran saking Gusti Allah. Salah satunggaling salat *sunah* ingkang kawrat ing pêthikan nginggil inggih mênikå sêmbahyang kajat (*salat hajat*).

Sêmbahyang kajat inggih mênikå salat sunah sakêdhikipun kalih råkangat ingkang katindakakên ing wanci siyang utawi dalu kanthi ancas nyênyuwun satunggaling prakawis dhumatêng Gusti (Assayuthi, 1998: 101). Ananging, sampun dipuntêgêsi bilih kanthi nindakakên salat kajat kémawon

sadayanipun sagêd dumugi kanthi makatên kémawon. Sasanèsipun ajêg anggènipun nindakakên salat kajat, ugi kêdah dipunsarêngi kanthi sipat sabar, sarèh såhå kanthi ihtiyar. Kanthi nindakakên sadåyå kuwajiban såhå *sunah* ingkang gayut kaliyan bab manêmbah mênikå, *insyaallah* (‘*jika Allah mengizinkan*’) sadayanipun sagêd dipun-*ijabah* déning Gusti Allah. *Aamiin* (‘*kabulkan doa kami’*).

Salajêngipun, wontên tulådhå cariyos ngéngingi ancasing salat kajat ingkang sampun saèstu kabukti kasunyatanipun. Cariyos mênikå kapêndhêt saking *hadis riwayat* Baihaqi, lumantar http://doaniatsholat.blogspot.com/2016/04/manfaat-sholat-hajat-keutamaan-dan.html, kapêndhêt rikålå tanggal 14 Agustus 2017 tabuh 21.37 WIB. Wondéné andharanipun cariyos kados ing ngandhap mênikå.

> “Wontên satunggaling tiyang jalêr ingkang nindakakên lêlampahan saking kithå Yaman. Tiyang mênikå anggènipun lumampah nunggang *keledai*. Ing têngah margi, *keledai* ingkang dipuntunggangi mênikå mati. Salajêngipun, tiyang wau *wudlu* kanggé nindakakên salat kajat kalih råkangat. Piyambakipun ndêdongå kanthi saèstu dhumatêng Gusti supados *keledai* ingkang sampun mati mênikå sagêd gêsang malih. Dumadakan *keledai* mênikå sagêd gêsang malih kados wau-waunipun.”

Saking cariyos ing nginggil, sagêd kapêndhêt dudutanipun bilih nindakakên salat kajat kanthi saèstu såhå ndêdongå kanthi lair-batos tamtu badhé dipun-*ijabah* déning Gusti. Prakawis mênikå sampun kabukti saking tulådhå cariyos ing nginggil mênikå. Ananging, prêlu kagatosakên bilih manêmbah dhumatêng Gusti mênikå ugi kêdah katindakakên kanthi raos rêmên, raos ajrih, éklas, saèstu, såha kanthi kêbaking kêkajêngan.

Wontên kalih sarat ingkang prêlu kagatosakên supados sagêd tumuju dhatêng manêmbah ingkang sajatos (http://majelispenulis.blogspot.co.id/2011/04/ayat-ayat-tentang-ibadah.html, kapêndhêt rikålå tanggal 1 Agustus 2017 tabuh 11.17 WIB). Wondéné kalih sarat mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Éklas, inggih mênikå nindakakên samukawis kanthi niyat namung mligi karånå Gusti Allah, botên sabab *riya'* (pamèr), nyuwun pêpujèn, mênåpå déné amargi trêsnå sangêt dhatêng donyå mênikå.
2) *Mutaba'ah,* nindakakên dhawuhipun Gusti kanthi nggatosakên paugêran ingkang sampun kadhawuhakên déning Gusti. Paugêran mênikå kêdah katindakakên kanthi lêrês såhå jumbuh kaliyan *sunnah Allah* såhå *syari'ah*-ipun.

Sasanèsipun mênikå, ugi wontên pethikan *teks* ing salêbêting *teks RBA* ingkang nêdahakên manêmbah dhumatêng Gusti. Wondéné pêthikanipun *teks* kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> Kacariyos lampahipun Pak Kartådångså tanpå kèndêl, **kèndêl-kèndêl manawi ing wêkdalipun salat**... (kåcå 19, larik 4)

Terjemahan teks-ipun:

> *Diceritakan bahwa langkah Pak Kartadangsa tanpa henti,* ***ia berhenti ketika memasuki waktu salat saja****...*
> Pêthikan ing nginggil mênikå ngandharakên bilih Pak Kartådångså mênikå sawêg nindakakên lêlampahan tanpå kèndêl. Ananging, piyambakipun kèndêl nalikå sampun mlêbêt ing wêkdalipun salat.

Adhêdhasar pêthikan ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih salat mênikå wajib kukumipun, milå botên kénging katilarakên. Sakathahing

padamêlan ingkang katindakakên déning manungså, kêdah sagêd nglodhangakên wêkdal kanggé nglampahi salat. Sintên kémawon tiyangipun ingkang botên nindakakên salat wajib, tiyang mênikå sagêd dipunwastani *kafir* såhå badhé angsal doså ingkang matumpå-tumpå.

Sasanèsipun kêdah katindakakên, manêmbah dhumatêng Gusti ugi ngêwrat kautamèn. Wondéné miturut Ismail (2009: 26), kautaminipun manêmbah dhumatêng Gusti kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Mangrêtosi Agunging Gusti ingkang Maha-Kuwaos.
2) Mujudakên manungså ingkang asipat andhap-asor såhå nêbihakên saking sipat gumêdhé utawi takabur.
3) Andadosakên rumakêting dhiri pribadi dhumatêng Gusti.

b. Tansah Munjukakên Raos Sokur dhumatêng Gusti

Sasanèsipun manêmbah dhumatêng Gusti, tumindak ingkang kêdah katindakakên inggih mênikå tansah munjukakên raos sokur dhumatêng Gusti. Tumindak mênikå kacuplikakên kados ing ngandhap mênikå.

Pêthikan 1: Dumadakan piyambakipun mirêng kumriciking toyå, ingkang watawis **|18|**botên têbih saking papan anggènipun gumlèthak wau, **kalawan matur sukur ing Pangéran** Pak Kartådångså lajêng ambrangkang amurugi dhatêng papan utawi arah kumricikipun toyå wau (kåcå 17, larik 10)

Terjemahan teks-ipun:

> *Tiba-tiba ia mendengar gemercik air yang* **|18|***tidak jauh dari tempatnya tergeletak,* ***dengan mengucapkan syukur kepada Tuhan****, Pak Kartadangsa merangkak menuju tempat atau arah gemercik air itu.*

Pêthikan 2: Wasånå bégal kêkalih pêjah. **Pak Kartå|24|dångså sampunipun mêmuji sukur ing Pangéran,** tumuntên anglajêngakên lampahipun (kåcå 23, larik 11)

Terjemahan teks-ipun:

> *Akhirnya, kedua perampok itu mati.* ***Pak Karta*****|24|*****dangsa mengucap syukur kepada Tuhan*** *dan segera melanjutkan perjalanannya.*

Pêthikan 3: **Kawulå |17|matur gunging panuwun** déné kawulå sampun Panjênêngan lêpasakên saking bêbåyå bênå... (kåcå 16, larik 11)

Terjemahan teks-ipun:

> ***Hamba*** **|17|*****bersyukur*** *telah Engkau lepaskan dari bahaya banjir...*

Adhêdhasar tigang pêthikan ing nginggil, sagêd kapêndhêt dudutanipun bilih Pak Kartådångså munjukakên raos sokur dhumatêng Gusti nalikå piyambakipun angsal nikmat saking Gusti Allah. Sokur inggih mênikå pamuji dhatêng tiyang ingkang sampun sukå pambiyantu (Al-Jauhari, lumantar https://muslim.or.id/30031-jadilah-hamba-allah-yang-bersyukur.html, kapêndhêt rikålå tanggal 14 Agustus 2017 tabuh 22.20 WIB). Manawi ing båsa Indonesia, sokur mênikå atêgês '*berterima kasih*'. Dados, munjukakên raos sokur dhumatêng Gusti inggih mênikå mêmuji kanthi ngaturakên panuwun dhumatêng Gusti awit sadåyå nikmat ingkang sampun kaparingakên.

Munjukakên raos sokur dhumatêng Gusti sagêd katindakakên kanthi tigang cårå, inggih mênikå kathi lésan, lumantar manah, såhå kanthi obahing badan. Sokur kanthi lésan inggih mênikå ngaturakên pamuji kanthi lésan (nywantên) bilih piyambakipun sampun kaparingan nikmat ingkang tanpå upami. Salajêngipun, munjukakên raos sokur lumantar manah inggih mênikå *persaksian* såhå mahyakakên raos trêsnå dhumatêng Gusti. Wondéné sokur kanthi obahing badan inggih mênikå tumindak sokur ingkang katindakakên kanthi cårå *kepatuhan* såhå *ketaatan* saking sadåyå dhawuhipun Gusti (Salikin, lumantar

https://muslim.or.id/30031-jadilah-hamba-allah-yang-bersyukur.html, kapêndhêt rikålå tanggal 14 Agustus 2017 tabuh 22.20 WIB).

Kosok wangsulipun saking têmbung sokur inggih mênikå *kufur*. *Kufur* mênikå sipat awon ingkang botên nêdahakên utawi botên ngakêni bilih sadåyå nikmat mênikå kaparingakên déning Gusti Allah. *Kufur* mênikå kalêbêt sipat awon ingkang kêdah dipuntêbihi, såhå sampun ngantos katindakakên. Wondéné, supados manungså mênikå dados tiyang ingkang tansah munjukakên raos sokur såhå sagêd nêbihi saking sipat *kufur*, milå wontên gangsal cårå ingkang sagêd katindakakên (https://muslim.or.id/30031-jadilah-hamba-allah-yangbersyukur.html, kapêndhêt rikålå tanggal 14 Agustus 2017 tabuh 22.20 WIB). Tigang cårå mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Tansah ngaturakên panuwun dhatêng tiyang sanès.
2) Mênggalih awit saking sadåyå nikmat ingkang sampun kaparingakên déning Gusti
3) *Qana'ah*, inggih mênikå ngraos cêkap awit saking sadåyå nikmat ingkang wontên.
4) Sujud sokur, inggih mênikå manêmbah dhumatêng Gusti
5) Dhikir, inggih mênikå pamuji kanthi nyêbut asmå Gusti

c. Tansah émut dhumatêng Gusti

Piwulang *moral* saé salajêngipun ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhumatêng Gusti inggih mênikå tansah émut dhumatêng Gusti. Prakawis mênikå kapêthikakên saking *teks RBA* kados ing ngandhap mênikå.

> ...wusånå lajêng ambruk malih dhawah ing siti, kakiyatanipun sampun mèh têlas babar pisan. **Dumadakan piyambakipun lajêng èngêt dhatêng Gusti Allah** ingkang asipat kawåså, ingkang Måhå-Mirah tur Måhå-Asih, lajêng nyênyuwun... (kåcå 16, larik 6)

Terjemahan teks-ipun:

> *Akhirnya ia kembali terjatuh di tanah. Kekuatannya sudah hampir habis.* ***Tiba-tiba ia teringat kepada Gusti Allah*** *Yang Mahakuasa, Yang Mahamurah, dan Mahakasih, lalu ia memohon...*

Pêthikan ing nginggil nyariyosakên nalikå Pak Kartådångså sawêg nandhang sangsårå, inggih mênikå nalikå kakiyatanipun sampun mèh têlas, piyambakipun lajêng émut dhumatêng Gusti Allah. Salajêngipun, piyambakipun nyênyuwun dhumatêng Gusti.

Saking andharan mênikå nêdahakên bilih tumrapipun manungså mênikå kêdah émut dhumatêng Gusti. Prakawis émut dhumatêng Gusti mênikå katindakakên nalikå nandhang sangsårå mênåpå déné nalikå angsal kanikmatan. Ancasing émut dhumatêng Gusti inggih mênikå ndadosakên manungså minångkå pribadi ingkang tansåh *sadar*. *Sadar* bilih manungså mênikå botên gadhah kakiyatan mênåpå-mênåpå såhå *sadar* bilih sadayanipun mênikå sagêd kalaksanan kanthi kêrsanipun Gusti Allah, satêmah botên kénging ngunggulakên dhirinipun piyambak.

Salah satunggaling cårå supados tansah émut dhumatêng Gusti inggih mênikå kanthi cårå dhikir. Miturut *firman* Allah ing *Al-Quran surah An-Nisa' ayat* 103, dhikir mênikå kêdah katindakakên ing pundi kémawon såhå kapan kémawon, nalikå jumênêng, lumampah, lênggah, mênåpå déné sawêg tilêm. Saking andharan mênikå sagêd dipunmangrêtosi bilih dhikir mênikå kêdah katindakakên ing sabên-sabên tumindaking manungså.

Salajêngipun, kadospundi caranipun dhikir supados tansah émut dhumatêng Gusti Allah nalikå tiyang mênikå sawêg nindakakên padamêlan. Dhikir ingkang kados makatên mênikå sagêd katindakakên botên namung kanthi cårå lésan (*jahar* utawi nywantên) kémawon, nanging ugi sagêd katindakakên kanthi nywantên ing salêbêting manah (*siir* utawi *rahasia*), såhå kanthi cårå piyambakan mênåpå déné sêsarêngan (*berjamaah*). Dados, cårå ingkang langkung prayogi supados tansah émut dhumatêng Gusti nalikå tiyang mênikå sawêg nindakakên padamêlan inggih mênikå kanthi cårå dhikir *siir*, inggih mênikå dhikir kanthi nywantên ing salêbêting manah.

Dhikir ingkang katindakakên supados tansah émut dhumatêng Gusti mênikå ngêwrat gangsal paédah (http://www.fadhilza.com/2014/01/kekuatan-dzikir-dan-doa/berdzikir-mengingat-allah-setiap-saat.html, kapêndhêt rikålå tanggal 20 Agustus 2017 tabuh 16.32 WIB). Wondéné gangsal paédah mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Sagêd nêbihakên saking sipat ajrih, sumêlang, såhå *stres*.
2) Sagêd mbètèngi dhiri pribadi saking godhaning jim såhå lêlêmbut.
3) Tansah dipunémut såhå dipungatosakên déning Gusti.
4) Donganipun langkung dipun-*ijabah* déning Gusti.
5) Langkung pinaringan wêlas-asih saking Gusti såhå pårå malaékat.

Sasanèsipun *firman* Allah ingkang gayut kaliyan tumindak tansah émut dhumatêng Gusti, dhawuh supados tansah émut dhumatêng Gusti ugi kawrat ing salah satunggaling karyå sastranipun R.Ng. Ranggawarsita. Karyå sastrå mênikå,

inggih wontên ing salêbêting *Sêrat Kålåtidhå.* Wondéné andharanipun kados ing ngandhap mênikå.

> *amênangi jaman édan; éwuh åyå ing pambudi; milu édan nora tahan; yèn tan milu anglakoni; boya kaduman mélik; kalirên wêkasanipun;* ***dilalah karså Allah; bêgjå-bêgjané kang lali; luwih bêgjå kang éling lawan waspådå***

terjemahan-ipun:

> *mengalami hidup pada* jaman edan*; memang serba repot; mau ikut* ngedan *hati tidak sampai; kalau tidak mengikuti; tidak kebagian apa-apa; akhirnya malah kelaparan;* ***namun sudah menjadi kehendak Allah; bagaimanapun beruntungnya orang yang lupa; masih lebih beruntung orang yang ingat dan waspada***

Saking pêthikan *Sêrat Kålåtidhå* pupuh sinom pérangan pådå pitu ing nginggil, kaandharakên kanthi cêthå sipat éling såhå waspådå. Têgêsipun éling inggih mênikå émut dhumatêng Gusti, mangrêtosi bilih Gusti mênikå botên saré, såhå Gusti mênikå mangrêtos mênåpå kémawon ingkang katindakakên déning manungså. Sasanèsipun sipat émut, ugi kaandharakên sipat waspaos. Têgêsipun waspaos inggih mênikå ngatos-atos tumrapipun sadåyå tiyang, awit saking manungså mênikå manékå warni sipatipun. Dados, sagêd kapêndhêt dudutanipun bilih émut mênikå wigatos sangêt katindakakên, mliginipun émut dhumatêng Gusti mênåpå déné dhatêng sadåyå prakawis, supados tansah angsal kabêgjan anggènipun nglampahi pagêsangan ing alam donyå mênikå.

d. Nyênyuwun namung dhumatêng Gusti

Piwulang *moral* pungkasan ingkang gayut kaliyan manungså dhumatêng Gusti ingkang kawrat ing salêbêting *teks RBA* inggih mênikå tansah nyênyuwun namung dhumatêng Gusti. Wondéné pêthikaning *teks* ingkang nêdahakên tumindak nyêyuwun dhumatêng Gusti kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> Dumadakan piyambakipun lajêng èngêt dhatêng Gusti Allah ingkang asipat kawåså, ingkang Måhå-mirah tur Måhå-asih, **lajêng nyênyuwun**... (kåcå 16, larik 7)

Terjemahan teks-nipun

> *Tiba-tiba ia teringat kepada Gusti Allah Yang Mahakuasa, Yang Mahamurah, dan Mahakasih,* ***lalu ia memohon****...*

Pêthikan ing nginggil ngandharakên bilih sasampunipun Pak Kartådångså émut dhumatêng Gusti, piyambakipun lajêng nyênyuwun dhumatêng Gusti. Prakawis mênikå nêdahakên bilih manungså mênikå tiyang ingkang gadhah kêkirangan utawi *kelemahan,* inggih mênikå *kelemahan fisik* såhå *kelemahan pikir,* satêmah kêdah *sadar* bilih sadåyå manungså mênikå taksih mbêtahakên pitulunganipun Gusti.

Pitulunganipun Gusti Allah badhê dumugi manawi manungså purun nyênyuwun. Adhêdhasar pêthikan *teks* ing nginggil, nyênyuwun dhumatêng Gusti mênikå katindakakên lumantar dongå. Miturut *etimologi* (https://muslimafiyah.com/begini-nih-maksudnya-curhat-hanya-kepada-allah.html, kapêndhêt rikålå tanggal 15 Agustus 2017 tabuh 00.35 WIB), dongå inggih mênikå nyênyuwun, pangajêng-ajêng pitulungan, såhå panjurung.

Wondéné wontên malih pêthikan *teks RBA* ingkang nêdahakên nyênyuwun namung dhumatêng Gusti. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Lampahipun dumugi ing têngah wånå kintên-kintên jam satunggal dalu, lajêng sêmbahyang Khajat, **nyênyuwun ing Pangèran, mugi-mugi Gusti Allah anyêmbadani ingkang dados panuwunipun**... (kåcå 19, larik 5)

Terjemahan teks-nipun:

> *Perjalanannya tiba di tengah hutan kira-kira jam satu malam, kemudian ia salat hajat,* ***memohon kepada Tuhan, semoga Gusti Allah mengabulkan apa yang menjadi permohonannya****...*

Saking pêthikan *teks* ing nginggil, wosipun sami kaliyan pêthikan *teks* sadèrèngipun, inggih mênikå nyênyuwun namung dhumatêng Gusti. Kados ingkang sampun kaandharakên ing nginggil, bilih salah satunggaling cårå kanggé nyênyuwun dhumatêng Gusti inggih mênikå lumantar dongå. Pamunjuking dongå ingkang katindakakên kanthi éklas såhå saèstu tumus dumugining manah tamtu badhé dipuntampi déning Gusti. Têgêsipun éklas inggih mênikå anggènipun ndêdongå mênikå kanthi niyat namung mligi dhumatêng Gusti Allah. Sasanèsipun mênikå, anggènipun ndêdongå ugi kanthi *lafal* ingkang cêthå, saèstu, såhå langkung saé manawi mangrêtosi wosipun dongå mênikå.

Sasanèsipun kalih pêthikan ing nginggil, ugi wontên malih pêthikaning *teks RBA* ingkang nêdahakên nyênyuwun dhumatêng Gusti. Wondéné pêthikaning *teks* kados ing ngandhap mênikå.

> ...sartå ing mangké **kawulå nyuwun sih kamirahanipun Pangéran**, mugi paringå toyå ingkang kénging kawulå ombé... (kåcå 17, larik 3)

Terjemahan-nipun

> *...dan **hamba memohon kemurahan-Mu,** semoga Engkau memberi air yang dapat hamba minum...*

Pêthikan ing nginggil ugi nêdahakên tumindakipun manungså ingkang tansah nyênyuwun dhumatêng Gusti. Nyênyuwun dhumatêng Gusti mênikå hakipun manungså minångkå titahipun Gusti. Ananging, kadospundi bilih anggènipun nyênyuwun mênikå botên énggal dipun-*ijabahi* déning Gusti Allah. Prakawis mênikå asring kadadosan, såhå tamtu kémawon naté dipunraosakên déning sadåyå tiyang. Ananging, sampun ngantos manungså mênikå gampil mupus, såhå kêdah gadhah asipat sabar, longgar, såhå sarèh. Prakawis mênikå kados déné *firman* Allah ing *Al-Quran* bilih janjinipun Gusti Allah mênikå tamtu

kémawon badhé kasêmbadan, milå sampun ngantos kêndhat anggènipun nyênyuwun.

2. Piwulang *Moral* gayutipun Manungså dhatêng Sêsaminipun

Piwulang *moral* salajêngipun inggih mênikå piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan manungså dhatêng sêsaminipun. Piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan manungså dhatêng sêsaminipun ing salêbêting *teks RBA* inggih mênikå tulung-tinulung, sêtyå ing janji, tanggêl jawab, tansah njagi tåtå krâmi, wêlas-asih, botên adil, såhå tumindak sawênang-wênang. Wondéné andharan satunggal-satunggalipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

a. Tulung-tinulung

Salah satunggaling piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhatêng sêsaminipun inggih mênikå tulung-tinulung. Sipat tulung-tinulung mênikå ugi kawrat ing salêbêting *teks RBA.* Wondéné pêthikaning *teks* kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> ...ing margi ingkang dipunlangkungi **wontên tiyang ingkang wêlas dha|25|têng piyambakipun, lajêng anyambuti kapal,** sartå badhé angêtêrakên ngantos sarampungipun prakawis (kåcå 24, larik 11)

Terjemahan teks-ipun:

> *...di jalan yang dilewatinya ada* ***orang yang berbelas kasihan ke|25|pada dirinya. Orang itu meminjamkan kuda*** *kepada Pak Kartadangsa, dan akan mengantarkannya sampai urusannya selesai.*

Pêthikan *teks* ing nginggil nyariyosakên bilih wontên satunggaling tiyang ingkang wêlas dhatêng Pak Kartådångså ingkang sawêg nandhang sangsårå. Salajêngipun, tiyang mênikå sukå pambiyantu dhatêng Pak Kartådångså kanthi cårå nyambutakên kapalipun.

Adhêdhasar pêthikan cariyos ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih antawisipun tiyang satunggal kaliyan tiyang sanèsipun mênikå kêdah tulung-tinulung. Tulung-tinulung inggih mênikå sukå pambiyantu dhatêng sintên kémawon ingkang mbêtahakên pambiyantu. Ancasipun inggih mênikå supados sagêd ngirangi sisahipun tiyang sanès kanthi nindakakên tumindak tartamtu. Wujuding pambiyantu mênikå sagêd arupi tanågå, wêkdal, dånå mênåpå déné pamrayogi (http://ciputrauceo.net/blog/2016/2/4/etika-tolong-menolong-agar-tidak-menyakiti-orang-lain, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 10.53 WIB).

Manungså ingkang minångkå *makhluk sosial*, tamtu kémawon mbêtahakên sangêt tulung-tinulung kanggé nglampahi pagêsangan mênikå. Ananging, anggènipun nindakakên tulung-tinulung mênikå ugi kêdah nggatosakên cårå såhå tåtå paugêranipun. Wondéné bab mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Éklas, têgêsipun anggènipun mitulungi dhatêng tiyang sanès mênikå kêdah dipunsarêngi kanthi éklas. Sampun ngantos anggènipun mitulugi mênikå kanthi ancas supados sagêd pinaringan épah (*imbalan*). Sasanèsipun mênikå, éklas ugi ngêwrat têgês sampun ngantos anggènipun mitulungi mênikå dipunémut-émut mênåpå déné dipunwartakakên dhatêng tiyang sanès. Prakawis mênikå kados paribasan '*tangan kanan memberi, tangan kiri tak perlu tahu'*. Têgêsipun inggih mênikå anggènipun nindakakên prakawis ingkang saé utawi sukå pambiyantu dhatêng tiyang sanès mênikå langkung prayogi manawi dados wêwadinipun piyambak, sampun ngantos tiyang sanès mangrêtos.

2) Anggènipun sukå pambiyantu dhatêng tiyang sanès mênikå kanthi cårå såhå sipat ingkang saé, têgêsipun anggènipun mbiyantu mênikå kêdah nggatosakên pantês mênåpå botên, såhå kanthi tåtå-krami ingkang saé. Sampun ngantos anggènipun sukå pambiyantu dhatêng tiyang sanès mênikå kanthi cårå ingkang botên prayogi, satêmah sagêd ndadosakên pêpadon kaliyan tiyang sanès.
3) Sampun mbédå-mbédakakên anggènipun sukå pitulungan, têgêsipun manawi badhé mbiyantu dhatêng tiyang sanès, botên kénging pilih-pilih, såhå kêdah adil dhatêng sadåyå tiyang.

Tumrapipun manungså, sasagêd-sagêdipun kêdah nindakakên tigang paugêran ing nginggil mênikå manawi badhé sukå pitulungan dhatêng tiyang sanès, amargi tigang paugêran mênikå wigatos sangêt katindakakên. Sasanèsipun wigatos katindakakên, prakawis mênikå ugi sagêd ndadosakên manungså tumuju ing *konsep filosofis* Jawi, inggih mênikå tumuju ing *konsep* bêbrayan, sambang, sambung, srawung, såhå tulung-tinulung kanggé anggayuh têntrêm såhå karaharjaning pagêsangan ing alam donyå mênikå.

b. Sêtyå ing janji

Piwulang *moral* salajêngipun ingkang kawrat ing salêbêting *teks RBA* inggih mênikå bab prasêtyå ing janji. Wondéné pêthikaning *teks* kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> ...**supados abdi dalêm kawulå sagêd nêtêpi ingkang dados patêmbayan kawulå,** lan sagêdå angluwari dhatêng sadhèrèk kulå ingkang kawulå tanggêlakên dhumatêng Ingkang Sinuhun... (kåcå 17, larik 5)

Terjemahan teks-ipun:

> ...***supaya hamba mampu menepati apa yang telah menjadi janji hamba***,

dan dapat melepaskan saudaraku yang telah hamba serahkan kepada sang ratu...

Pêthikan *teks* ing nginggil nyariyosakên bilih Pak Kartådångså badhé nêtêpi mênåpå ingkang sampun dados janjinipun. Janjinipun inggih mênikå bilih piyambakipun sagah badhé dipunukum kisas awit saking doså ingkang sampun katindakakên. Pak Kartådångså ugi janji badhé ngluwari sadhèrèkipun ingkang dipuntilarakên dhatêng sang ratu minångkå lintunipun anggènipun dipunukum kisas.

Adhêdhasar andharan ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih manawi tiyang ndamêl janji, inggih kêdah katindakakên, supados botên kawastan mblénjani janji. Ndamêl janji mênikå gampil sangêt, nanging ingkang awrat inggih mênikå nêtêpi janjinipun (Ismail, 2009: 140). Awit saking bab ndamêl janji mênikå awrat sangêt, milå kêdah ngatos-atos anggènipun ndamêl janji. Amargi sabên janji ingkang dipundamêl mênikå kêdah wontên tanggêl jawabipun.

Bab mênikå jumbuh kaliyan *firman* Allah ing *Al-Quran surah Al-Isra' ayat* 34. Ing salêbêting *firman* Allah mênikå ngêwrat têgês bilih nêtêpi janji mênikå kêdah katindakakên utawi kukumipun wajib. Sok sintên kémawon ingkang ndamêl janji, atêgês bilih tiyang mênikå sawêg gadhah sêsambêtan, milå kêdah dipunwangsulakên. Cårå kanggé mangsulakên inggih mênikå kanthi nêtêpi janjinipun. Miturut Rasyid Ridha (lumantar Ismail, 2009: 140), wujuding prajanjèn mênikå wontên kalih, inggih mênikå prajanjèn dhumatêng Gusti mênåpå déné prajanjèn dhatêng sêsaminipun.

Tiyang ingkang botên sagêd nêtêpi janji mênikå kalêbêt titikanipun tiyang ingkang asipat munapèk. Munapèk inggih mênikå sipat awon ingkang sagêd ndadosakên tiyang mênikå dipuntêbihi déning masarakat. Miturut *ensiklopedia* (http://duniabaca.com/hadits-ciri-ciri-orang-munafik.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 11.01 WIB), munapèk inggih mênikå piwulang agami Islam ingkang nêdahakên satunggaling sipat manungså ingkang api-api ndhèrèk piwulang agami, nanging sajatosipun ing salêbêting manahipun botên nggagas bab mênikå

Salah satunggaling titikanipun sipat munapèk inggih mênikå botên sêtyå ing janji. Pramilå, supados sabên tiyang mênikå botên kalêbêt titikanipun tiyang ingkang asipat munapèk, tiyang mênikå kêdah sagêd sêtyå ing janji såhå sagêd nêtêpi janjinipun. Wondéné miturut Muhammad Ghazali (lumantar Ismail, 2009: 142), wontên kalih prakawis ingkang kêdah dipungatosakên supados tiyang mênikå sagêd nêtêpi janjinipun. Prakawis mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Tiyang mênikå kêdah émut såhå botên kénging kêsupên dhatêng janjinipun.
2) Tiyang mênikå kêdah gadhah sipat saèstu anggènipun nêtêpi janjinipun.

Saking kalih cårå mênikå, dipunkajêngakên supados manungså sagêd nindakakên kanthi lêrês såhå saèstu anggènipun nêtêpi janji. Prakawis mênikå ngêwrat ancas supados ing samêngkêripun sadåyå tiyang sagêd sêtyå-tuhu dhatêng janjinipun.

c. Tanggêl jawab

Tanggêl jawab inggih mênikå tumindak ingkang nêdahakên *kesadaran* dhiri pribadi ngéngingi mênåpå kémawon ingkang sampun katindakakên, awit saking tumindak ingkang saé mênåpå déné ingkang awon (http://plazaonly.blogspot.com/2016/05/tips-cara-agar-menjadi-pribadi-yang.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 11.07 *WIB*). Wujudipun tumindak ingkang nêdahakên tanggêl jawab mênikå ugi kawrat ing salêbêting *teks RBA*. Wondéné pêthikaning *teks* kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> Kacariyos **lampahipun Pak Kartådångså rêrikatan, jalaran kantun sadintên bénjing énjing, amargi manawi sampun têlat, mitranipun ingkang tanpå doså wau têmtu badhé kakisas** ingkang tanpå doså, sartå piyambakipun rumaos doså ingkang matumpuk-tumpuk... (kåcå 13, larik 2)

Terjemahan teks-ipun:

> *Diceritakan **langkah Pak Kartadangsa sangatlah cepat. Hal itu karena, waktu yang ia punya hanya tersisa sehari sampai besok pagi saja. Apabila ia terlambat, saudaranya yang tanpa dosa itu pasti akan dihukum mati** tanpa ampun, sehingga ia akan merasa melakukan dosa yang sangat besar...*

Pêthikan ing nginggil nyariyosakên bilih Pak Kartådångså sawêg kêsêså anggènipun lumampah. Prakawis mênikå amargi piyambakipun namung gadhah wêkdal sadintên kémawon kanggé nêtêpi janjinipun. Manawi piyambakipun kasèp anggènipun nêtêpi janji, sadhèrèkipun ingkang botên doså ingkang dipuntilarakên dhumatêng sang ratu minångkå lintunipun Pak Kartådångså mênikå tamtu badhé dipunukum kisas.

Adhêdhasar pêthikan ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih tanggêl jawab mênikå salah satunggaling tumindak ingkang awrat sangêt sahå kêdah katindakakên minangkå kuwajibanipun manungså. Sasanèsipun pêthikan ing

nginggil, ugi wontên pethikaning *teks* ing salêbêting *teks RBA* ingkang nêdahakên sipat tanggêl jawab. Wondéné pêthikanipun *teks* kados ing ngandhap mênikå.

> Pak Kartådångså amiyak tiyang ingkang ningali kalawan kapalipun sartå ambêngok-bêngok, **"Mandhêg! Mandhêg dhisik! Wong iku ora doså. Aku kang doså. Aku kang pantês ginantung."** (kåcå 26, larik 5)

Terjemahan teks-ipun:

> *Pak Kartadangsa menerobos orang-orang yang melihat dengan menggunakan kudanya dan berteriak,* ***"Berhenti! Berhenti dulu! Orang itu tidak berdosa! Aku yang berdosa! Aku yang pantas digantung!"***

Pêthikan *teks* ing nginggil nyariyosakên bilih Pak Kartådångså mênikå sawêg kêsêså anggènipun lumampah ngantos amiyaki tiyang kathah. Piyambakipun ngêndikå bilih piyambakipun ingkang dosa, dédé tiyang sanès.

Adhêdhasar andharaning *teks* ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih Pak Kartådångså mênikå tiyang ingkang tanggêl jawab. Piyambakipun wantun ngakêni mênåpå ingkang sampun dados dosanipun. Pak Kartådångså botên asipat tinggal glanggang colong playu. Têgêsipun tinggal glanggang colong playu inggih mênikå botên tanggêl jawab.

Wondéné wontên gangsal wujud tanggêl jawab ingkang kêdah katindakakên déning manungså ingkang nglampahi gêsang bêbrayan. Wondéné gangsal wujud tanggêl jawab mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Tanggêl jawab dhumatêng Gusti
2) Tanggêl jawab dhatêng dhiri pribadi
3) Tanggêl jawab dhatêng kulåwargå
4) Tanggêl jawab dhatêng masarakat
5) Tanggêl jawab dhatêng bångså

Salajêngipun, ugi wontên satunggaling tulådhå cariyos ringgit purwå ingkang nêdahakên tumindak tinggal glanggang colong playu ingkang katindakakên déning salah satunggaling satriyå. Cariyos mênikå kapêthik saking https://nakulasahadewa.wordpress.com/2014/09/24/tinggal-gelanggang-colong-playu/amp/, kapêndhêt rikålå 27 Agustus 2017 tabuh 08.29 WIB. Wondéné cariyosipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> "Ing sawijining dintên, Dursasånå angsal mandhat utawi paréntah saking Prabu Duryudånå supados tansah njagi Banowati ingkang dados garwanipun. Awit saking piyambakipun angsal satunggaling paréntah, milå Dursasånå kêdah nuruti mênåpå ingkang dados pangandikanipun Ratu Banowati. Sasampunipun ngrêmbag satunggaling prakawis antawisipun Dursasånå såhå Banowati, Dursasånå ingkang ambêg kumlungkung mênikå kagodhå kaliyan pangandikanipun Banowati. Dursasånå paring janji dhatêng Banowati bilih piyambakipun badhé nantang pêrang såhå anyédani Bimå ing Kurusétrå. Wasånå, Dursasånå såhå Bimå sami-sami abên kakiyatan. Ananging, mangrêtosi bilih piyambakipun mênikå botên tandinganipun Bimå såhå rumaos botên sagêd nglawan Bimå, Dursasånå lajêng tinggal glanggang colong playu mlayên ing sabranging lèpèn Cincing Goling. Sintên kémawon ingkang nyabrangi lèpèn mênikå, nêdahakên bilih tiyang mênikå kawon ing paprangan."

Cariyos ing nginggil ngandharakên kalih piwulang *moral*, inggih mênikå nêtêpi janji såhå tanggêl jawab. Tumraping satriyå utawi prajurit pêrang mênikå kêdah sagêd sêtyå ing janji såhå nêbihi sipat tinggal glanggang colong playu. Sampun ngantos dados satriyå ingkang ajrih såhå nilarakên tanggêl jawabipun. Satriyå mênikå kêdah sagêd nindakakên mênåpå ingkang sampun dados janjinipun såhå tanggêl jawabipun dumugi rampung, supados botên kawastan *pengecut*.

Tanggêl jawab mênikå salah satunggaling sipat satriyå ingkang kêdah dipunkulinakakên wiwit tiyang mênikå taksih alit. Wondéné wontên ênêm cårå

supados sagêd dados tiyang ingkang tanggél jawab. Énêm cårå mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Mangrêtosi bilih tanggêl jawab mênikå kuwajibanipun manungså, dédé hakipun manungså.
2) *Sadar diri.*
3) *Disiplin* ing samukawisipun.
4) Sampun ngantos dados tiyang ingkang rêmên sambat.
5) Sampun ngantos dados tiyang ingkang rêmên pados pawadan-pawadan tartamtu.
6) Rêmên mbiyantu dhatêng tiyang sanès.

Kanthi nindakakên ênêm prakawis ing nginggil, såhå nggladhi dhiri pribadi wiwit tiyang mênikå taksih alit, dipunkajêngakên supados ing têmbé sagêd dados tiyang ingkang tanggêl jawab. Tanggêl jawab ingkang dipunmaksud inggih mênikå tanggêl jawab ing samukawisipun ingkang gayut kaliyan gêsang bêbrayan ing madyaning masarakat.

d. Tansah njagi tåtå-kråmi

Piwulang *moral* salajêngipun ingkang wontên gayutanipun antawisipun manungså dhatêng sêsaminipun inggih mênikå tansah njagi tåtå-krami. Ing salêbêting *teks RBA* ugi ngêwrat salah satunggaling tulådhå tåtå-krami. Wondéné bab mênikå kasêrat kados pêthikan ing ngandhap mênikå.

> Cêkaking cariyos, Pak Kartå wau sampun dumugi ing panggènan ingkang tinuju. **Sasampunipun bagé-binagé mênggahing kawilujênganipun, lajêng sami nindakakên kaprêluwanipun piyambak-piyambak.** Botên kacariyosakên ingkang sami sênêng-sênêng... (kåcå 11, larik 2)

Terjemahan teks-ipun:

> *Singkat cerita, Pak Karta sudah sampai ke tempat yang dituju.* ***Setelah saling menanyakan kabar, kemudian dilanjutkan dengan melakukan keperluannya masing-masing.*** *Tidak diceritakan mereka yang sedang bersenang-senang...*

Pêthikan ing nginggil nyariyosakên bilih nalikå Pak Kartådångså sowan ing panggènaning sanak sadhèrèkipun, piyambakipun sami bagé-binagé mênggahing kawilujêngan. Salajêngipun, katindakakên mênåpå ingkang dados ancasing piyambakipun sowan dhatêng panggènaning sanak sadhèrèkipun mênikå.

Adhêdhasar pêthikan ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih nalikå dhatêng ing papan panggènaning sadhèrèk mênåpå sintên kémawon kêdah sagêd njagi tåtå-kraminipun. Tåtå-krami inggih mênikå unggah-ungguh utawi sopan-santun. Tumraping tiyang Jawi, ing samukawis mênikå wontên tåtå-kraminipun. Bab mênikå kados unèn-unèn "Wong Jåwå iku kêbak ing unggah-ungguh", ingkang atêgês bilih tiyang Jawi mênikå gadhah mawarni-warni unggah-ungguh utawi tåtå-krami.

Pêthikan *teks* ing nginggil mênikå ngrêmbag salah satunggaling tåtå-krami, inggih mênikå tåtå-krami mêrtamu såhå nampi tamu. Mêrtamu inggih mênikå dhatêng wontên ing dalêmipun tiyang sanès (tånggå têpalih, sanak sadhèrèk, mênåpå déné kåncå) kanthi ancas ngrakêtakên *silaturahim.* Anggènipun mêrtamu mênikå ugi wontên tåtå paugêranipun, botên månåsukå amburu kêkajênganipun piyambak. Antawisipun ingkang mêrtåmu såhå ingkang nampi tamu kêdah mangrêtosi tåtå-kraminipun supådos sagêd mat-kinurmatan.

Tumraping tiyang Jawi, manawi wontên tiyang ingkang mêrtamu mênikå sami kaliyan nampi rêjêki. Pramilå, tiyang Jawi botên lêpas saking têmbung "gupuh, lungguh, såhå suguh" (http://mistikindonesia.com/2014/12/13/etiket-bertamu-jawa.html, kapêndhêt rikålå 22 Agustus 2017 tabuh 12.12 WIB). Sok sintên kémawon ingkang nampi tamu, tamtu kémawon badhé gupuh, ngaturi lênggah, såhå ndamêl sêsêgahan kanggé tamunipun. Awit saking pakurmatan mênikå, milå tumraping tiyang ingkang mêrtamu kêdah sagêd mangrêtos (*tahu diri*), såhå kêdah dados tamu ingkang prayogi. Sampun ngantos amburu kêkajênganipun piyambak, mênåpå malih sagêd ndamêl gêlanipun ingkang nampi tamu.

Manawi badhé mêrtamu mênikå kêdah nggatosakên unèn-unèn "angon wayah". Têgêsipun inggih mênikå kêdah mangrêtosi wêkdal ingkang trêp kanggé mêrtamu, sampun ngantos mêrtamu ing wêkdalipun tiyang ngaso utawi tilêm, wêkdalipun tiyang dhahar, såhå ing wêkdal sêmbahyang tumrapipun tiyang ingkang ngrasuk agami Islam. Salajêngipun, mêrtamu mênikå prayoginipun saprêlunipun kémawon, sampun ngantos kadangon satêmah adamêl botên sakécaning ingkang gadhah dalêm. Sasanèsipun mênikå, anggènipun rêmbugan ugi kêdah dipuntåtå, sampun ngantos nglantur mênåpå malih sagêd adamêl tatuning manahipun tiyang sanès.

Wontên malih unggah-ungguh mêrtamu ingkang kapétang botên patos wigatos, nanging ugi prêlu katindakakên. Prakawis mênikå inggih mênikå bab tåtå busananipun. Manawi badhé mêrtamu, langkung prayogi ngagêm busånå ingkang saé såhå murwat. Ngagêm busånå ingkang saé mênikå atêgês ngurmati dhiri

pribadi såhå ingkang gadhah dalêm. Busånå ingkang saé mênikå botên atêgês busananipun kêdah énggal, ingkang wigatos busananipun kêdah bêcik, rêsik, såhå pantês.

Saking andharan ing nginggil, sagêd kapêndhêt dudutanipun bilih wontên tigang *unsur* ingkang kêdah kagatosakên kanggé nglampahi unggah-ungguh utawi tåtå-krami. Tigang *unsur* mênikå nêdahakên *kualitas*-ipun manungså. Wondéné tigang *unsur* mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Pocapan, tumpraping sadåyå tiyang, kêdah sagêd njagi pocapanipun, sampun ngantos wicantên kanthi têtêmbungan ingkang kasar, mênåpå malih sagêd ndamêl tatuning manahipun tiyang sanès. Tumraping tiyang jawi, manawi wicantên mênikå kêdah nggatosakên undha-usuk ingkang trêp, sarèh, alus, såhå migunakakên têtêmbungan ingkang trêp.
2) Solah båwå, sampun ngantos tumindak kanthi månåsukå. Bab mênikå jumbuh kaliyan têtêmbungan "sadurungé lungguh kudu wis lênggah", têgêsipun inggih mênikå mangrêtosi mênåpå ingkang kêdah katindakakên ing sakiwå-têngênipun. Salajêngipun, anggènipun tumindak kêdah kanthi sopan-santun, ruruh, såhå kanthi gêrak-gêrik ingkang prayogi.
3) Busånå, busånå ingkang saé mênikå nêdahakên tiyang ingkang ngagêm busånå ugi gadhah *kualitas* dhiri ingkang saé. Pramilå, anggènipun ngagêm busånå mênikå wontên tåtå paugêranipun, inggih mênikå botên kénging ngakêm busånå kanthi månåsukå satêmah sagêd ngundang kadadosan ingkang botên dipunkajêngakên, kêdah sopan, såhå prasåjå.

Tigang *unsur* mênikå ing salêbêting pagêsanganipun tiyang Jawi, kados déné paribasan "ajining dhiri såkå lathi, ajining awak såkå tumindak, såhå ajining rågå såkå busånå". Paribasan mênikå atêgês bilih kapribadènipun manungså mênikå katêmtokakên saking lathi utawi pocapanipun, tumindak utawi solah-bawanipun, såhå busananipun. Paribasan mênikå misuwur sangêt minångkå pêpèngêt mliginipun kanggé pårå wiranèm supados tansah ngatos-atos anggènipun nindakakên gêsang bêbrayan ing alam donyå mênikå.

e. Wêlas-asih

Piwulang *moral* salajêngipun ingkang kawrat ing salêbêting *teks RBA* inggih mênikå tumindak wêlas-asih. Pêthikaning *teks* ingkang nêdahakên tumindak wêlas-asih kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> Sarêng sang nåtå sumêrêp Pak Kartådångså tiyang ingkang sêtya tuhu sartå têmên ing prasêtyå wau badhé kainggahakên ing pagantungan, **panggalihipun wêlas**, **botên dumugi mriksani tiyang ingkang sêtyå wau kagantung.** Wasånå lajêng ngandikå, "Wus, wus cukup saméné baé anggoningsun angukum marang Kartådångså kang sêtya ing janji iku... (kåcå 28, larik 3)

Terjemahan teks-ipun:

> *Setelah sang ratu mengetahui bahwa Pak Kartadangsa adalah orang yang sangat setia dan sungguh-sungguh pada janji itu akan dinaikkan ke tempat penggantungan**, ia merasa iba, tidak tega melihat orang yang setia itu digantung.** Akhirnya ia pun berkata, "Sudah! Sudah cukup sampai disini saja menghukum Kartadangsa yang setia pada janji....*

Pêthikan ing nginggil nyariyosakên bilih sang ratu mangrêtosi bilih Pak Kartådångså mênikå anggadhahi sipat sêtyå ing janji. Nalikå Pak Kartådångså badhé kainggahakên ing pagantungan kanggé nêtêpi janjinipun inggih mênikå kasagahan piyambakipun kanggé nglampahi paukuman, sang ratu rumaos wêlas.

Sang ratu botên têgêl mirsani Pak Kartådångså dipunukum. Salajêngipun, sang ratu mutusakên bilih Pak Kartådångså botên èstu dipunpatrapi paukuman.

Saking pêthikan ing nginggil, sagêd kapêndhêt dudutanipun bilih sang ratu mênikå rumaos wêlas-asih dhatêng Pak Kartådångså. Sang ratu botên têgêl badhê angukum Pak Kartådångså amargi Pak Kartådångså mênikå tiyang ingkang saé ingkang satuhu nêtêpi janjinipun. Sinaosså sang ratu mênikå tiyang ingkang anggadhahi sipat awon, inggih mênikå bilih sang ratu mênikå rêmên tumindak sawênang-wênang, nanging sang ratu ugi gadhah sipat ingkang wêlas-asih. Sipat mênikå kabukti saking tumindakipun botên èstu angukum Pak Kartådångså.

Wêlas-asih inggih mênikå *kepedulian* minångkå salah satunggaling wujud *emosi*-nipun manungså ingkang tuwuh saking mangrêtosi nalangsanipun tiyang sanès. Wêlas-asih langkung kiyat tinimbang *empati* (kawontênan ingkang adamêl tiyang mênikå ngraosakên mênåpå ingkang dipunraosakên tiyang sanès utawi ngraos wontên ing *posisi*-nipun tiyang sanès mênikå), raos wêlas-asih mênikå ngêwrat ancas kanggé ngirangi mênåpå ingkang dados nalangsanipun tiyang sanès (https://id.wikipedia.org/wiki/Belas_kasihan, kapêndhêt rikålå tanggal 28 Agustus 2017 tabuh 06.21 WIB).

Sipat wêlas-asih mênikå dipunwiwiti saking dhiri pribadi. Tiyang ingkang wêlas-asih dhatêng dhirinipun piyambak, tamtu botên badhé nyilakakakên dhatêng tiyang sanès. Ing salêbêting pagêsangan mênikå, tamtu kémawon manungså botên sagêd ngicali sipat *egois* utawi *peduli* dhatêng dhiri pribadi. Ananging, ing salêbêting gêsang bêbrayan, tamtu kémawon manungså ugi botên sagêd gêsang kanthi sipat *egois* mênikå kémawon. Pramilå, wontên ing

pagêsangan mênikå, sabên manungså mbêtahakên sipat wêlas-asih dhatêng tiyang sanès mênåpå déné saking tiyang sanès dhatêng piyambakipun.

Manawi kajumbuhakên adhêdhasar *moral,* sipat wêlas-asih mênikå sagêd dipuntindakakên kanthi cårå makatên, ingkang sêpuh kêdah wêlas-asih dhatêng ingkang ênèm, såhå ingkang ênèm kêdah ngurmati dhatêng ingkang sêpuh. Ingkang sugih kêdah sukå pambiyantu dhatêng ingkang kêsrakat, såhå ingkang wasis kêdah sukå pambiyantu tumrapipun ingkang bodho. Makatên mênikå kêdah katindakakên supados sagêd ndadosakên pagêsangan ingkang sayuk rukun, satêmah sagêd nuwuhakên sipat *asah, asih,* såhå *asuh* ing salêbêting gêsang bêbrayan (Ismail, 2009: 128).

f. Botên adil

Sasanèsipun piwulang *moral* ingkang saé, ugi wontên piwulang *moral* ingkang awon. Salah satunggaling piwulang *moral* ingkang awon ing salêbêting *teks RBA* ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhatêng sêsaminipun inggih mênikå tumindak botên adil. Wondéné pêthikaning *teks* kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> ...tuwuh tindak sawênang-wênang, sartå badhé ambrasthå hakipun kawulå, sartå **karså mutusi paukuman sakarsanipun piyambak, botên mawi karêmbag rumiyin kaliyan på rå nayakaning pråjå**... (kåcå 1, larik 6)

Terjemahan teks-ipun:

> *...menimbulkan sikap sewenang-wenang serta akan menghilangkan hak rakyatnya. Selain itu, ia juga* ***suka memberi hukuman sesuka hatinya, tanpa dimusyawarahkan terlebih dahulu dengan para penasihat kerajaan****...*

Saking pêthikan *teks* ing nginggil, nyariyosakên bilih sang ratu mênikå asipat botên adil. Piyambakipun rêmên tumindak sawênang-wênang såhå rêmên

mbrasthå hakipun pårå kawulå. Sang ratu ugi karså mutusi paukuman sakarsanipun piyambak, tanpå karêmbag kaliyan pårå nayakaning prâjå.

Adhêdhasar pêthikan ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih tumraping ratu utawi pangarså mênikå kêdah sagêd tumindak adil. Mitrurut Bukhari (lumantar http://insaaniyyah.blogspot.co.id/2013/05/ciri-ciri-pemimpin-yang-adil.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 14.12 WIB), adil inggih mênikå salah satunggaling *akhlak* såhå titikan tumrapipun sadåyå pangarså. Sasanèsipun pangarså, sok sintênå kémawon ugi kêdah asipat adil. Sipat adil mênikå kapérang saking adil dhumatêng Gusti, dhatêng sêsaminipun, dhatêng piyambakipun, såhå dhatêng sato sartå têtuwuhan. Awit saking sipat botên adil mênikå kalêbêt piwulang *moral* ingkang awon, milå sampun ngantos dipundadosakên patuladhan mênåpå déné dipuntindakakên.

Sadayå tiyang kêdah sagêd nêbihi sipat botên adil, mliginipun tumrapipun pangarså. Miturut Plato (lumantar http://teacher-007.blogspot.co.id/2012/02/keadilan-dan-kebenaran.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 14.09 WIB), tiyang ingkang dados pangarså ing pundi kémawon kêdah asipat *arif*, têgêsipun inggih mênikå tiyang mênikå kêdah mangrêtos mênåpå ingkang dipunsêbut adil såhå kadospundi cak-cakanipun. Tumindak adil mênikå botên kénging asipat *temporer* utawi *insidental* (namung sakêdhap kémawon), nanging kêdah katindakakên kanthi salaminipun (sampun ngantos kêndhat). Wondéné miturut Plato, wontên kalih *teori* bab adil. *Teori* mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Adil adhêdhasar *moral*, têgêsipun inggih mênikå adil ingkang adhêdhasar saking mênåpå ingkang wontên ing salêbêting masarakat.
2) Adil adhêdhasar *prosedural* utawi *hukum*, inggih mênikå adil ingkang adhêdhasar *hukum* utawi paugêran ingkang sampun gumathok såhå dipunsarujuki sêsarêngan.

Sasanèsipun andharan ing nginggil, bab tumindak adil tumrapipun pangarså mênikå ugi kawrat ing cariyos ringgit kanthi lampahan "Wahyu Makuthåråmå". Lampahing ringgit mênikå ngêwrat piwulang *kepemimpinan* ingkang dipunsêbut asthåbråtå. Asthåbråta mênikå kadhapuk saking têmbung asthå atêgês wolu (Poerwadarminta, 1939: 21), såhå têmbung bråtå atêgês prasêtyå (Poerwadarminta, 1939: 59). Dados asthåbråtå inggih mênikå wolung sipating pangarså ingkang adhêdhasar sipat utawi wataking påra dêwå (http://bpad.jogjaprov.go.id/article/site/view/id/466/t/asthabrata-figur-pemimpin-ideal, kapêndhêt rikålå tanggal 2 Oktober 2017 tabuh 12.08 WIB). Wondéné bab mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Dêwå Indrå, inggih mênikå pangarsaning påra dêwå. Dêwå Indrå mênikå minångkå pralambang saking panguwaos (*kekuasaan*). Awit saking panguwaosing påra dêwå, milå Dêwå Indrå mênikå anggadhahi sipat wicaksånå. Prakawis mênikå nêdahakên bilih¸tumrapipun pangarså mênikå kêdah sagêd asipat wicaksånå supados dipunurmati déning sadåyå kawulanipun.
2) Dêwå Yåmå, inggih mênikå dêwå ingkang nindakakên patraping adil anggènipun ngukum sadåyå kalêpatanipun manungså. Prakawis mênikå

nêdahakên bilih pangarså mênikå kêdah asipat adil, botên kénging pilih asih dhatêng sadåyå kawulanipun.

3) Déwå Suryå, inggih mênikå pralambang saking sipating srêngéngé. Têgêsipun bilih pangarså mênikå kêdah sagêd sukå karaharjan (*sinar kehidupan* kados déné soroting srêngéngé) dhatêng sadåyå kawulanipun. Karaharjaning kawulå mênikå minångkå tanggêl jawabipun pangarså.
4) Déwå Cåndrå, inggih mênikå pralambang saking sipating rêmbulån. Rêmbulan mênikå kados déné suryå ingkang anggadhahi sorot padhang nalikå ing wanci dalu. Têgêsipun bilih pangarså mênikå kêdah rêmên sukå *penerangan* utawi pambiyantu nalikå kawulanipun nandhang sangsårå. Sasanèsipun mênikå, pangarså ugi kêdah anggadhahi *solusi* saking sadåyå ruwêd-rêntênging prakawis.
5) Déwå Bayu, minångkå pralambang saking håwå (*angin*). Håwå mênikå wontên ing pundi kémawon ing salêbêting alam donyå. Têgêsipun bilih pangarså mênikå kêdah mangrêtosi kawontênan såhå sipating sadåyå kawulanipun kanthi tlatos såhå saèstu.
6) Déwå Kuwèrå, minångkå pralambang saking Déwå *Kekayaan*. Têgêsipun inggih mênikå sinaosa sugih, nanging pangarså mênikå botên kénging gumêdhé såhå kêdah asipat wêlas-asih dhatêng sadåyå kawulanipun.
7) Déwå Barunå, inggih mênikå pralambang saking Déwå Samodrå. Têgêsipun bilih pangarså mênikå kêdah wasis utawi gadhah panggalih ingkang wiyar kados déné samodrå. Salajêngipun, pangarså ugi kêdah rêmên paring

pangapuntên. Prakawis mênikå kados déné samodrå ingkang wiyar såhå éklas nampi mênåpå kémawon ingkang lumêbêt ing salêbêting samodrå mênikå.

8) Déwå Agni, inggih mênikå pralambang saking sipating latu. Sipatipun latu inggih mênikå ngêbêsmi. Têgêsipun inggih mênikå bilih pangarså mênikå kêdah sagêd ngêbêsmi utawi sukå panjurung (*semangat*) dhatêng kawulanipun tumuju ing kasaénan. Sasanèsipun, pangarså ugi kêdah asipat wantun kanggé mbrasthå sadåyå tumindak awon. Prakawis mênikå kados déné latu ingkang murub abrit ingkang nêdahakên sipat wantun.

Wolung kautamèn mênikå kapêndhêt saking patuladhan såhå pralambang saking sipat utawi wataking pårå déwå. Saking sadåyå sipating pårå déwå mênikå dipunkajêngakên supados sagêd dipuncakakên déning pårå pangarså kanggé nuntun pårå kawulanipun tumuju karaharjaning agêsang. Ananging, wolung kautamèn mênikå kêdah katindakakên kanthi saukur utawi pas, botên kénging ngåmbrå-åmbrå satêmah sagêd adamêl pitunå såhå sangsaraning pårå kawulå.

g. Sawênang-wênang

Piwulang *moral* awon pungkasan ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhatêng sêsaminipun inggih mênikå tumindak sawênang-wênang. Wondéné pêthikaning *teks RBA* ingkang wontên ing kåcå 1 såhå 2 ingkang nêdahakên tumindak sawênang-wênang kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

Pêthikan 1:

> Panggalihipun lajêng murkå, **wusånå tuwuh tindak sawênang-wênang**, sartå badhé ambrasthå hakipun kawulå, **sartå karså mutusi paukuman sakarsanipun piyambak**, botên mawi karêmbag rumiyin kaliyan pårå nayakaning pråjå... (kåcå 1, larik 6)

Terjemahan teks-ipun:

> *sehingga membuatnya marah,* ***dan menimbulkan sikap sewenang-wenang*** *serta akan menghilangkan hak rakyatnya.* ***Selain itu, ia juga suka memberi hukuman sesuka hatinya****, tanpa dimusyawarahkan terlebih dahulu dengan para penasihat kerajaan...*

Pêthikan 2:

> Langkung-langkung **sang nåtå lajêng karså damêl aturan sartå cårå bêlèh-bêlèhan**, inggih punikå bilih wadyå bålå botên rujuk sartå mogok kaangsahakên prang, ingkang mogok wau lajêng kaukum kisas, kaga|**3**|ntung, lan sapanunggilanipun (kåcå 2, larik 10)

Terjemahan teks-ipun:

> *Terlebih lagi ketika* ***sang ratu suka membuat aturan yang berisi pemaksaan untuk menguntungkan dirinya sendiri****, yaitu ketika para pasukan tidak setuju, mereka akan dipaksa untuk maju perang. Bagi mereka yang tidak mau berangkat, maka akan dihukum mati, diga*|**3**|*ntung, dan lain sebagainya.*

Kalih pêtikan *teks* ing nginggil mênikå sami-sami ngandharakên bilih sang ratu mênikå rêmên tumindak sawênang-wênang dhatêng kawulanipun. Piyambakipun rêmên paring paukuman såhå aturan sakarsanipun piyambak.

Adhêdhasar pêthikan ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih tumraping pangarså mênikå sampun ngantos tumindak sawênang-wênang. Awit tumindak sawênang-wênang mênikå tumindak ingkang botên prayogi såhå botên jumbuh katindakakên déning pangarså. Sawênang-wênang inggih mênikå salah satunggaling tumindak ingkang botên jumbuh kaliyan ancasing paugêran ingkang sampun kadamêl (Sjachran Basah, lumantar http://ririnpuspitasarifr.blogspot.co.id/2014/10/penyalahgunaan-wewenang.html, kapêndhêt rikålå 22 Agustus 2017 tabuh 12.46 WIB). Sawênang-wênang ugi sagêd dipuntêgêsi ngginakakên wêwênangipun kanthi sakajêngipun piyambak.

Têmbung sawênang-wênang sami têgêsipun kaliyan têmbung *sekehendak hati* (http://www.persamaankata.com/19951/sawenangwenang, kapêndhêt rikålå tanggal 8 September 2017 tabuh 00.25 WIB). Tumindak sawênang-wênang mênikå kagayutakên kaliyan tigang prakawis, inggih mênikå wewenang, hak, såhå panguwaos. Pramilå, tumindak sawênang-wênang asring katindakakên déning tiyang ingkang gadhah jabatan utawi pangkat ingkang inggil. Tumrapipun tiyang ingkang kêsupèn mênikå limrahipun ngginakakên panguwaosipun kanggé nindakakên tumindak mênikå. Bab mênikå ingkang dipunwastani ngginakakên wêwênanganipun kanthi cårå sakajêngipun piyambak, tanpå mênggalih kadospundi *akibat*-ipun ingkang dipunraosakên déning tiyang sanès.

3. Piwulang *Moral* gayutipun Manungså dhatêng Piyambakipun

Piwulang *moral* ingkang pungkasan inggih mênikå piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan manungså dhatêng piyambakipun. Piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan manungså dhatêng piyambakipun ingkang kawrat ing salêbêting *teks RBA* inggih mênikå wantun, narimah, gampil mupus, brangasan, såhå umuk. Wondéné andharan satunggal-satunggalipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

a. Wantun

Salah satunggaling piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhatêng piyambakipun inggih mênikå sipat wantun. Wondéné pêthikaning *teks RBA* ingkang ngêwrat sipat wantun kasêrat kados makatên.

> Tiyang wau lajêng matur sartå walèh kalawan **tanpå ajrih sakêdhik-kêdhikå**, “Dhuh, Sang Nåtå Binåthårå, sowanipun abdi dalêm kawulå ing ngarsa panjênêngan dalêm nåtå punikå sajatosipun namung mligi badhé anyédani padukå.” (kåcå 5, larik 6)

Terjemahan teks-ipun:

> *Orang itu berkata dengan jujur **tanpa rasa takut sedikitpun**, "Wahai, ratu yang terhormat. Kedatanganku kemari ini sebenarnya hanya khusus untuk membunuhmu."*

Pêthikan ing nginggil ngandharakên bilih Pak Kartådångså mênikå tiyang ingkang wantun. Pak Kartådångså wantun matur dhumatêng sang ratu bilih piyambakipun badhé anyédani sang ratu.

Adhêdhasar pêthikan ing nginggil, sagêd kapêndhêt dudutanipun bilih Pak Kartådångså mênikå tiyang ingkang wantun. Sinaosså Pak Kartådångså namung kawulå, nanging piyambakipun wantun dhumatêng sang ratu. Pak Kartådångså asipat wantun kados makatên amargi sang ratu mênikå anggadhahi sipat ingkang awon, inggih mênikå sang ratu rêmên tumindak sawênang-wênang dhatêng kawulanipun. Awit saking mangrêtosi tumindakipun sang ratu, satêmah tuwuh sipat wantun saking Pak Kartådångså kanggé ambélåni bab ingkang lêrês såhå adil.

Wantun inggih mênikå salah satunggaling sipat manungså ingkang nêdahakên manah ingkang mantêp utawi jênjêm såhå raos pitados dhatêng piyambakipun (*percaya diri*) ingkang agêng kanggé nindakakên sadåya prakawis ingkang lêrês såhå adil. Sipat wantun ingkang kados makatên nêdahakên bilih tumindak mênikå katindakakên kanthi nggatosakên sabab såhå *akibat*-ipun, botên namung katindakakên adhêdhasar napsu utawi *ego*-nipun piyambak.

Ing salêbêting pagêsangan mênikå, anggènipun tumindak kêdah adhêdhasar mênåpå ingkang lêrês såhå katindakakên kanthi wantun. Sabên manungså tamtu kémawon naté kaadhêp manékå warni pilihan, satêmah tiyang

mênikå kêdah wantun anggènipun milah såhå milih pundi ingkang lêrês såhå pundi ingkang lêpat. Sadåyå pilihan ingkang dipunpêndhêt adhêdhasar tumindak ingkang lêrês, tamtu badhé katindakakên kanthi lêrês ugi.

Salajêngipun, wontên sakawan wujud tumindak wantun. Wondênê sakawan wujud mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Wantun ngawonakên mungsuh såhå nindakakên pêrang karånå Gusti.
2) Wantun anggènipun mbélå prakawis ingkang lêrês.
3) Wantun nindakakên tanggêl jawab.
4) Wantun mahyakakên kalêpatanipun piyambak.

Saking sakawan wujud sipat wantun ing nginggil, sipat wantun ingkang katindakakên déning Pak Kartådångså inggih mênikå wantun anggènipun mbélå prakawis ingkang lêrês. Sinaoså Pak Kartådångså botên gadhah dåyå (namung kawulå kémawon), nanging piyambakipun wantun kanggé mbélå mênåpå ingkang lêrês. Bab mênikå saé dipundadosakên patuladhan tumrapipun sadåyå masarakat kanggé nglampahi pagêsangan mênikå.

b. Narimah

Piwulang *moral* salajêngipun inggih mênikå narimah. Bab mênikå kawrat ing salêbêting *teks RBA.* Wondéné pêthikaning *teks* kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> Tiyang wau munjuk malih, "Kasinggihan dhawuh pangandikå dalêm, Gusti! **Abdi dalêm kawulå ugi badhé andhèrèk punåpå ingkang dados kaparêng dalêm**... (kåcå 9, larik 4)

Terjemahan teks-ipun:

> *Orang itu berkata lagi, "Baiklah jika seperti itu, Tuan!* ***Saya akan mengikuti apa yang menjadi keinginan tuan****...*

Pêthikaning *teks* ing nginggil, nyariyosakên bilih Pak Kartådångså mênikå tiyang ingkang narimah. Pak Kartådångså asipat narimah kanthi lêgåwå saking mênåpå ingkang dados pangandikanipun sang ratu. Bab narimah mênikå minångkå salah satunggaling piwulang ingkang saé tumrapipun sadåyå tiyang, mênåpå malih anggènipun narimah mênikå kanthi saé, lêgåwå, såhå éklas ing salêbêting manah.

Adhêdhasar pêthikan ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih narimah mênikå salah satunggaling tumindak ingkang saé. Narimah ingkang dipunandharakên ing nginggil inggih mênikå narimah kanthi saé saking mênåpå ingkang dipunsukakakên déning tiyang sanès. Miturut ing agami Islam, sipat narimah mênikå dipunwastani *qona'ah. Qona'ah* kadhapuk saking båså Arab *qona'a* ingkang têgêsipun cêkap utawi ngraos cêkap (http://www.dorar.info/2014/06/arti-qonaah.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 14.42 WIB). Ananging, têmbung *qona'ah* mênikå langkung gampil dipunmangrêtosi kanthi têgês narimah kanthi saé.

Sasanèsipun kêdah narimah awit saking sadåyå ingkang dipunsukakakên déning sêsaminipun manungså, ugi kêdah narimah kanthi saé awit saking mênåpå ingkang sampun dipunparingakên déning Gusti Allah. Bab mênikå ugi kawrat wontên ing salêbêting *teks RBA.* Wondéné pêthikaning *teks* kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> Pårå sadhèrèkipun mirêng cariyosipun Pak Kartådångså wau kagèt sa|**12**|ngêt, manahipun sakalangkung sêdhih, nanging kados pundi malih, **sampun karsanipun ingkang Måhå-Kawåså**, dados namung mandhêg tangisan kémawon... (kåcå 11, larik 10)

Terjemahan teks-ipun:

> *Kerabat yang mendengar cerita Pak Kartadangsa itu sa*|**12**|*ngat terkejut, seketika itu sedih hatinya, tetapi harus bagaimana lagi,* ***itu sudah menjadi Kehendak Yang Mahakuasa****, jadi hanya sebatas tangisan saja...*

Pêthikan ing nginggil mênikå nêdahakên bilih sadåyå sadhèrèkipun Pak Kartådångså mênikå mangrêtos mênåpå ingkang dipuncariyosakên déning Pak Kartådångså. Sadåyå sadhèrèkipun sakalangkung sêdhih, nanging sadåyå sadhèrèkipun mangrêtos bilih prakawis ingkang dados lampahipun Pak Kartådångså mênikå sampun dados karsanipun ingkang Maha-Kuwaos, satêmah kêdah dipuntampi kanthi éklas.

Adhêdhasar pêthikan ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih manungså mênikå kêdah asipat narimah saking sadåyå nikmatipun Gusti Allah. Pinaringanipun Gusti Allah dhatêng sadåyå manungså mênikå sagêd arupi kanikmatan mênåpå déné awujud pacoban. Ing pagêsangan mênikå, asring sangêt kamirêngakên têmbung "nrimå ing pandum", têgêsipun inggih mênikå narimah mênåpå ingkang dados takdiripun. Têmbung mênikå gampil sangêt dipunpocapakên, nanging awrat katindakakên. Bab mênikå amargi, anggènipun nindakakên narimah mênikå kêdah adhêdhasar sipat éklas utawi lêgåwå kanggé nampi mênåpå kémawon.

Salajêngipun, sipat narimah mênikå sampun ngantos dipuntêgêsi narimah kanthi tumindak pasrah kémawon. Têgêsipun inggih mênikå bilih sipat narimah ugi kêdah dipunsarêngi kanthi kupiyå saèstu. Manawi bab mênikå sampun katindakakên, nêmbê kénging tumindak narimah ingkang dipunwastani pasrah.

Kanthi sipat narimah mênikå dipunkajêngakên sagêd ndadosakên manungså minångkå tiyang ingkang rêmên munjukakên raos sokur.

Sasanèsipun mênikå, sipat narimah ugi sagêd nêbihakên saking sipat *tamak,* inggih mênikå sipat awon ingkang nêdahakên raos tansah kirang awit sadåyå ingkang sampun kaparingakên. Sasanèsipun sagêd nêbihakên saking sipat *tamak,* sipat narimah ugi ngêwrat mapintên-pintên paédah. Wondéné paédahipun kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Ndadosakên pribadi ingkang kiyat *iman*-ipun.
2) Ndadosakên manungså minångkå pribadi ingkang rêmên munjukakên raos sokur.
3) Kajagi saking sadåyå godhå såhå doså.
4) Sagêd ndadosakên pagêsangan mênikå langkung saé.
5) Ndamêl bêgjaning tiyang.

Saking gangsal paédah ing nginggil, sagêd dipunmangrêtosi bilih sipat narimah mênikå sagêd ndadosakên tumuju ing kasaénan. Pramilå, sipat mênikå kêdah dipungladhi supados tansah katindakakên déning sadåyå masarakat kanggé nglampahi gesang bebrayan ing alam donyå mênikå

c. Gampil mupus

Sasanèsipun piwulang *moral* ingkang saé ingkang sampun kaandharakên ing nginggil, ugi wontên piwulang *moral* ingkang awon ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhatêng piyambakipun. Piwulang *moral* ingkang awon inggih mênikå tumindak gampil mupus. Wondéné pêthikaning *teks RBA* ingkang nêdahakên tumindak gampil mupus kapêthikakên kados ing ngandhap mênikå.

> Têbihipun papan wau saking kithå kintên-kintên lampahan ênêm jam lumampah suku. **Dados Pak Kartå rumaos botên sagêd anêtêpi janjinipun**... (kåcå 24, larik 8)

Terjemahan teks-ipun:

> *Jarak antara tempat itu dan kota kira-kira dapat ditempuh dengan berjalan kaki selama 6 jam,* ***sehingga Pak Karta merasa tidak mampu untuk menepati janjinya****...*

Pêthikan *teks* ing nginggil ngandharakên bilih Pak Kartådångså sawêg nindakakên lêlampahan. Awit saking têbihipun papan ingkang badhé tinuju inggih mênikå lumampah suku ingkang dangunipun kintên-kintên ênêm jam, satêmah piyambakipun rumaos botên sagêd dumugi ing papan ingkang tinuju kanthi trêp ing wêkdalipun. Sasanèsipun mênikå, Pak Kartådångså ugi rumaos botên sagêd nêtêpi mênåpå ingkang sampun dados janjinipun dhumatêng sang ratu.

Adhêdhasar pêthikan ing nginggil mênikå nêdahakên bilih Pak Kartådångså mênikå tiyang ingkang gampil mupus. Anggènipun gampil mupus mênikå kaandharakên lumantar panggalihipun ingkang rumaos botên sagêd nêtêpi mênåpå ingkang dados janjinipun. Awit saking tumindak gampil mupus mênikå tumindak ingkang botên kénging dipundadosakên patuladhan, milå sampun ngantos katindakakên.

Gampil mupus mênikå manawi ing båså Indonesia dipunwastani *mudah putus asa,* inggih mênikå salah satunggaling tumindak ingkang nêdahakên panggalih bilih piyambakipun mênikå sampun *gagal* utawi botên sagêd tinuju dhatêng mênåpå ingkang dados gêgayuhan utawi kêkajênganipun. Tumindak mupus mênikå kapérang dados kalih jinis (http://gokmat20.blogspot.co.id/2012/01/putus-asa.html, kapêndhêt rikålå tanggal

22 Agustus 2017 tabuh 14.16 WIB). Wondéné andharanipun kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

1) Mupus ingkang wontên karånå sawêg nandhang *musibah* utawi sangsårå. Mupus ingkang makatên mênikå botên badhé kawujud manawi tiyang mênikå *iman*-ipun agêng, kiyat, såhå tansah émut dhumatêng Gustinipun.
2) Mupus saking sadåyå ukumipun Gusti Allah nalikå nindakakên dosâ utawi kalêpatan. Mupus ingkang makatên mênikå langkung awrat tinimbang mupus ingkang wontên karånå sawêg nandhang *musibah* utawi sangsårå. Prakawis mênikå amargi sagêd ndadosakên panggalih bilih Gusti Allah mênikå botên badhé paring pangapuntên awit sadåyå dosâ såhå kalêpatan ingkang sampun katindakakên déning manungså, satêmah tuwuh sipat ajrih såhå sumêlang.

Kalih jinising tumindak mupus mênikå sagêd dipunwatêsi kanthi tumindak narimah kanthi éklas såhå mênggalih kanthi saé bilih sadåyå prakawis mênikå tamtu badhé wontên *solusi*-nipun. Pramilå, manungså kêdah ngupåyå kanthi saèstu, botên kénging gampil mupus, amargi gampil mupus mênikå botên wontên paédahipun, kajawi namung sagêd ndadosakên tunå kémawon. Prakawis mênikå kabukti saking dhawuhipun Nabi Muhammad, bilih tumindak mupus mênikå sagêd nyiksâ dhirinipun manungså piyambak.

Salajêngipun, cårå kanggé ngicalakên tumindak mupus inggih mênikå kanthi cårå tansah émut dhumatêng Gusti. Têgêsipun émut inggih mênikå manungså mênikå kêdah rumaos bilih taksih wontên Gusti ingkang Måhå-Kuwaos ingkang paring pitulungan dhatêng sadåyå manungså. Sasanèsipun mênikå, manungså ugi kedah gadhah panggalih ingkang *sadar,* bilih Gusti Allah mênikå

botên badhé paring pacoban dhatêng manungså kajawi manungså mênikå sagêd nglampahi pacoban mênikå. Pramilå, tiyang mênikå kêdah mênggalih kanthi *positif* bilih mênåpå ingkang dipuntampi såhå dados pacobanipun manungså mênikå sajatosipun namung kanggê nguji kakiyatanipun manungså kémawon.

d. Gampil dukå

Piwulang *moral* ingkang awon salajêngipun inggih mênikå sipat gampil dukå. Sipat mênikå ugi kawrat ing salêbêting *teks RBA.* Wondéné pêthikaning *teks* ingkang nêdahakên gampil dukå kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> **Panggalihipun lajêng murkå**, wusånå tuwuh tindak sawênang-wênang, sartå badhé ambrasthå hakipun kawulå, sartå karså mutusi paukuman sakarsanipun piyambak, botên mawi karêmbag rumiyin kaliyan pårå nayakaning pråjå... (kåcå 1, larik 6)

Terjemahan teks-ipun:

> ***sehingga membuatnya marah**, dan menimbulkan sikap sewenang-wenang serta akan menghilangkan hak rakyatnya. Selain itu, ia juga suka memberi hukuman sesuka hatinya, tanpa dimusyawarahkan terlebih dahulu dengan para penasihat kerajaan...*

Saking pêthikan *teks* ing nginggil nyariyosakên bilih sang ratu mênikå sawêg dukå. Saking dukånipun sang ratu mênikå, ndadosakên piyambakipun asipat sawênang-wênang såhå rêmên mutusi paukuman dhatêng kawulanipun tanpå karêmbag kaliyan pårå nayakaning pråjå.

Pêthikan ing nginggil nêdahakên bilih sang ratu mênikå anggadhahi sipat gampil dukå. Gampil dukå mênikå salah satunggaling sipat awon ingkang botên wontên paédahipun, satêmah namung andadosakên prakawis ing salajêngipun, amargi sipat mênikå nêdahakên sipat ingkang botên sabaran, grusa-grusu tanpå *pertimbangan* ingkang saèstu. Sasanèsipun pêthikan ing nginggil, ugi wontên

malih pêthikaning *teks RBA* ingkang nêdahakên tumindak gampil dukå. Wondéné pêthikaning *teks* mênikå kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> Sang nåtå midhangêt aturipun tiyang **|6|**wau, **kadadak dukaning panggalih** lajêng ngandikå soråingkang damêl girising manahipun ingkang sami mirêng... (kåcå 5, larik 11)

Terjemahan teks-ipun:

> *Sang ratu mendengar perkataan orang* **|6|***itu,* ***tiba-tiba sang ratu marah*** *dan berkata sangat keras, sehingga membuat takut semua orang yang mendengarnya...*

Pêthikan ing nginggil mênikå ugi nyariyosakên dukaning sang ratu. Sang ratu sawêg dukå nalikå mirêng aturipun Pak Kartådångså ingkang botên sakécå kamirêngakên. Sang ratu dukå såhå ngêndikå kanthi sêru ngantos ndamêl sadåyå tiyang ingkang mirêngakên rumaos giris manahipun.

Pêthikan ing nginggil mênikå ugi ngêwrat têgês ingkang sami kaliyan pêthikan *teks* sadèrèngipun. Pêthikan *teks* mênikå ngandharakên sipating sang ratu ingkang gampil dukå. Sipat gampil dukå adhêdhasar pêthikan *teks* mênikå dipunandharakên lumantar *emosi*-nipun sang ratu. Pramilå, sipat gampil dukå sagêd dipunwastani minångkå sipat awon ingkang nêdahakên tumindak ingkang botên sakécå lumantar saking tumindakipun utawi *emosi*-nipun. Sipat gampil dukå mênikå kadhapuk saking tigang prakawis, inggih mênikå panggalih ingkang *negatif*, pangraos (*frustasi*, jèngkèl, *emosi*), såhå tumindak (mbêngok, måråtangan utawi *kekerasan*). Tigang prakawis mênikå tamtu kémawon katingal botên saé katindakakên såhå botên dipuntampi déning sadåyå masarakat.

Gampil dukå mênikå minångkå *tabiat* ingkang awrat dipunicalakên saking dhirinipun manungså. Prakawis mênikå amargi sabên manungså anggadhahi nêpsu ingkang *cenderung* kêdah dipunturuti, satêmah manawi mênåpå

ingkang dipunkajêngakên botên sagêd kalaksanan, kathah-kathahipun tiyang mênikå tamtu badhê dukå. Awit saking sipat gampil dukå mênikå botên dipunrêmêni déning sadåyå masarakat såhå sagêd adamêl *dampak negatif*. Pramilå, sadåyå tiyang kêdah sagêd ngicalakên sipat gampil dukå mênikå kanthi cårå *ngontrol* utawi *mengendalikan* dhiri pribadi kanthi mênggalih sadåyå kadadosan mênikå kanthi *positif* såhå *konsisten* anggènipun njagi *sikap* utawi tumindakipun nalikå wontên ing *situasi* ingkang botên sakécå.

e. Umuk

Piwulang *moral* awon ingkang pungkasan ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhatêng piyambakipun inggih mênikå sipat umuk. Salah satunggaling sipat awon mênikå kawrat ing salêbêting *teks RBA*. Wondéné pêthikaning *teks* kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

> **Kulå panci badhé anjajal kasêktènipun ratu** ingkang ambêk kumlungkung, ingkang sawênang-wênang, ingkang damêl botên sênêng kitå sadåyå, **sartå badhê kulå cobi kulå prajåyå kalawan dhuwung kulå punikå, sagêd tumåmå punåpå botên**... (kåcå 4, larik 8)

Terjemahan teks-ipun:

> ***Aku memang akan mencoba kesaktian ratu*** *yang sombong itu, yang sewenang-wenang, yang membuat kita semua tidak senang.* ***Aku juga akan mencoba membunuhnya dengan kerisku ini, apakah mempan atau tidak****...*

Pêthikan *teks* ing nginggil nêdahakên bilih Pak Kartådångså mênikå sawêg nindakakên sipat umuk. Piyambakipun ngêndikå kanthi kêndêl såhå raos gumêdhé dhumatêng sang ratu. Pak Kartådångså ngêndikå bilih sang ratu mênikå badhé dipunprajåyå kanthi ngginakakên dhuwungipun. Tumindak mênikå nêdahakên tumindak ingkang botên kénging katindakakên tumrapipun kawulå dhumatêng ratu utawi pangarsanipun. Ananging, tumindak mênikå ugi ngêwrat

tumindak umuk ingkang *positif*, têgêsipun bilih Pak Kartådångså mênikå wantun tumindak kados makatên awit saking sang ratu sampun nindakakên tumindak ingkang botên prayogi dhatêng pårå kawulanipun, inggih mênikå sipatipun sang ratu ingkang sawênang-wênang ingkang botên dipunrêmêni déning kawulanipun.

Umuk utawi ingkang dipunwastani gumêdhé mênikå salah satunggaling sipat ingkang botên prayogi katindakakên. Sipat gumêdhé mênikå sagêd ndadosakên manungså minångkå tiyang ingkang ngunggulakên dhirinipun piyambak såhå ngasorakên tiyang sanèsipun (https://portal-ilmu.com/sombong-dan-efek-negatifnya-dalam-kehidupan/, kapêndhêt rikålå tanggal 8 September 2017 tabuh 07.01 WIB). Pramilå, sampun ngantos dados tiyang ingkang asipat umuk utawi gumêdhé.

Salajêngipun, sipat umuk mênikå ugi sagêd ndadosakên *kelemahan* dhatêng dhirinipun piyambak. Prakawis mênikå amargi sipat mênikå gayut kaliyan tigang prakawis, inggih mênikå panggalih, pocapan, såhå tumindak. Manawi salah satunggal saking tigang prakawis mênikå langkung inggil (*cenderung menonjol*), tamtu kémawon sagêd ndadosakên manungså asipat umuk utawi gumêdhé (https://lasealwin.wordpress.com/2017/01/07/mengapa-tidak-boleh-sombong/, kapêndhêt rikålå tanggal 8 September 2017 tabuh 07.03 WIB). Langkung-langkung sipat mênikå sagêd ndadosakên manungså minångkå tiyang ingkang *lupa diri*.

Sasanèsipun pêthikan *teks* ing nginggil, tulådhå sipat umuk mênikå ugi kawrat ing salêbêting *Al-Quran*, inggih mênikå wontên ing *Al-Quran surah Al-Baqarah ayat* 50. Ayat mênikå ngandharakên sipating Råjå Fir'aun ingkang umuk

utawi gumêdhé dhatêng sadåyå masarakat. Råjå Fir'aun ngakên-akên bilih piyambakipun mênikå Tuhan utawi Gusti ingkang kêdah dipunsêmbah. Awit saking sipat mênikå botên dipunrêmêni déning Gusti Allah, milå Råjå Fir'aun angsal ganjaran saking Gusti Allah. Ganjaran tumrapipun Råjå Fir'aun inggih mênikå piyambakipun dipunklêlêpakên wontên ing salêbêting *Laut Merah*.

Adhêdhasar cariyos ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih sasanèsipun sipat umuk mênikå botên dipunrêmêni déning sadåyå masarakat, sipat mênikå ugi botên dipunrêmêni déning Gusti Allah. Pramilå, minångkå tiyang ingkang pitados déning Gusti, tiyang mênikå botên kénging asipat umuk, såhå ngraos langkung inggil såhå langkung kiyat tinimbang sanèsipun. Tumrapipun sadåyå manungså mênikå kedah rumaos andhap-asor såhå *sadar diri* bilih taksih wontên ingkang langkung ing samukawisipun, inggih menikå Gusti Allah.

Sipat umuk mênikå tamtu wontên ing salêbêting dhiri sabên manungså. Prakawis mênikå minångkå *naluri*-nipun manungså ingkang nêdahakên tumindak botên purun kawon kaliyan tiyang sanèsipun. Pramilå, sipat umuk mênikå awrat sangêt dipunicalakên. Sinaoså makatên, wontên cårå ingkang sagêd katindakakên kanggé ngicalakên sipat umuk, inggih mênikå kanthi cårå ngênêtakên såhå ngikis sipat mênikå wontên ing salêbêting manah kanthi tumindak tansah êmut dhumatêng Gusti. Kanthi cårå makatên, dipunkajêngakên supados sagêd ndadosakên manungså ingkang tansah asipat andhap-asor, lêmbah manah, såhå têbih saking sipat umuk utawi gumêdhé.

BAB V
PANUTUP

A. Dudutan

Asiling panalitèn såhå pangrêmbagipun *naskah SDWW* såhå *teks RBA* mênikå sampun kaandharakên ing bab IV. Adhêdhasar andharan mênika, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun. Dudutanipun kapérang dados kalih, inggih mênikå ingkang gayut kaliyan *kajian filologi* såhå piwulang *moral* ing salêbêting *teks RBA.* Wondéné dudutanipun kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. *Inventarisasi Naskah SDWW*

Inventarisasi naskah SDWW ing panalitèn mênikå katindakakên kanthi *studi katalog* såhå ningali langsung kawontênaning *naskah.* Saking asiling *inventarisasi naskah SDWW* mênikå kapanggihakên pitung *eksemplar naskah SDWW* kanthi irah-irahan ingkang sami, nanging wosipun bédå-bédå. Salajêngipun, ingkang dados *sumber data* ing panalitèn mênikå inggih mênikå *naskah SDWW* ingkang ngêwrat *teks RBA* ingkang kasimpên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå Yogyakarta, amargi kawontênanipun *naskah* mênikå taksih saé såhå wêtah.

2. *Deskripsi Naskah SDWW*

Naskah SDWW salah satunggaling *naskah koleksi Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå Yogyakarta kanthi nomêr *kodeks* PB C. 91, ingkang jinisipun *naskah* sastrå, piwulang. Sinaosså kathah dlancang ingkang mangsinipun têmbus wontên ing dlancang walikipun, nanging kawontênaning *naskah SDWW* taksih saé, wêtah, såhå sêrataning *naskah* taksih cêthå dipunwaos. *Naskah SDWW* awujud

naskah ingkang kasêrat mawi aksårå Jåwå sêratan tangan, kanthi dhapukan gancaran. *Naskah* mênikå ngêwrat kawruh bab piwulang *moral*.

3. *Deskripsi Teks RBA*

Teks RBA mênikå salah satunggaling *teks* ingkang kawrat ing salêbêting *naskah SDWW*. Wosipun *teks RBA* mênikå kapérang dados tigå, inggih mênikå pambukå, isi, såhå panutup. Pambukaning *teks* ngandharakên wataking sang ratu ingkang sawênang-wênang, såhå bab isining *teks* nyariyosakên ukuman tumraping Pak Kartådångså såhå lêlampahanipun. Wondéné panutuping *teks* ngandharakên wataking ratu ingkang botên sawênang-wênang.

4. *Transkripsi Teks RBA*

Transkripsi teks RBA katindakakên kanthi *metode transkripsi diplomatik.* Lampahing *transkripsi* tumraping *teks RBA* katindakakên kanthi ndamêl alih tulis sêrataning *teks RBA* saking aksårå Jåwå dados aksårå Jåwå ugi ingkang sami kaliyan sêrataning *teks.* Sinaoså kasêrat sami kaliyan *teks*-ipun, nanging wontên sapérangan prakawis ingkang kasêrat botên sami kaliyan *teks*-ipun, antawisipun inggih mênikå anggènipun ndamêl *transkripsi teks RBA* ngginakakên *model* sêrataning *teks* adhêdhasar saking panaliti piyambak, såhå urut-urutaning sêrataning *teks* kajumbuhakên kaliyan kawontênaning dlancang sabên kacanipun.

5. *Transliterasi Teks RBA*

Transliterasi teks RBA katindakakên kanthi *metode transliterasi standar.* Lampahing *transliterasi teks RBA* katindakakên kanthi ndamêl alih tulis sêrataning *teks* saking aksårå Jåwå dados aksårå Latin. Saking asiling *transliterasi standar* mênikå kapanggihakên 15 têmbung ingkang dados *ciri khas* sêrataning

teks. 15 têmbung mênikå kapérang saking têmbung ingkang kasêrat adhêdhasar båså lésanipun, têmbung *dialek,* såhå têmbung ingkang kasêrat kanthi *teknik pemanjangan* wandå “a”.

6. *Suntingan Teks RBA*

Metode suntingan teks ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå inggih *metode suntingan teks edisi standar*. Ancasing *suntingan teks RBA* inggih mênikå kanggé nglêrêsakên sêrataning *teks* kanthi cårå nambahi, ngirangi, såhå nggantos wandå mênåpå déné têtêmbungan ingkang lêpat såhå botên jumbuh kaliyan *konteks isi*-nipun. Saking asiling *suntingan teks RBA* mênikå kapanggihakên 21 têmbung ingkang dipunéwahi ing *aparat kritik.*

7. *Terjemahan Teks RBA*

Terjemahan teks RBA katindakakên kanthi nggantos basaning *teks* saking båså Jawi dados båså Indonesia. *Metode terjemahan* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *metode terjemahan harfiah, metode terjemahan isi,* såhå *metode terjemahan bebas* ingkang katindakakên kanthi *kontekstual*. Asiling *terjemahan teks RBA* mênikå kapanggihakên tigang têmbung ingkang kasêrat ing cathêtan *terjemahan,* inggih mênikå têmbung ratu, Gusti, såhå pêparap.

8. Piwulang *Moral* ing salêbêting *Teks RBA*

Panalitèn mênikå ngandharakên piwulang *moral* ingkang wontên ing salêbêting *teks RBA.* Piwulang *moral* mênikå kapérang dados kalih, inggih mênikå piwulang *moral* ingkang saé såhå ingkang awon. Salajêngipun, piwulang *moral* mênikå dipundamêl *kategorisasi*. Wondéné *kategorisasi*-nipun kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

a. Piwulang *moral* gayutipun manungså dhumatêng Gusti

Piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhumatêng Gusti ing salêbêting *teks RBA* mênikå wontên sakawan. Sakawan piwulang *moral* mênikå, inggih mênikå manêmbah dhumatêng Gusti, tansah munjukakên raos sokur dhumatêng Gusti, tansah émut dhumatêng Gusti, såhå nyênyuwun namung dhumatêng Gusti.

b. Piwulang *moral* gayutipun manungså dhatêng sêsaminipun

Piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhatêng sêsaminipun mênikå wontên pitung piwulang *moral*. Pitung piwulang *moral* mênikå kapêrang saking gangsal piwulang *moral* ingkang saé såhå kalih piwulang *moral* ingkang awon. Piwulang *moral* ingkang saé inggih mênikå tulung-tinulung, sêtyå ing janji, tanggêl jawab, tansah njagi tåtå-krami, såhå wêlas-asih. Wondéné piwulang *moral* ingkang awon inggih mênikå botên adil såhå sawênang-wênang.

c. Piwulang *moral* gayutipun manungså dhatêng piyambakipun

Piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhatêng piyambakipun mênikå wontên gangsal piwulang *moral*. Gangsal piwulang *moral* mênikå kapêrang saking kalih piwulang *moral* ingkang saé såhå tigang piwulang *moral* ingkang awon. Piwulang *moral* ingkang saé inggih mênikå wantun såhå narimah. Wondéné piwulang *moral* ingkang awon inggih mênikå gampil mupus, gampil dukå, såhå umuk.

B. *Implikasi*

Adhêdhasar asiling panalitèn såhå pangrêmbagipun *teks RBA* ingkang sampun dipunandharakên wontên ing bab IV, tamtu kémawon wontên *implikasi*-

nipun. Wondéné *implikasi*-nipun kanggé *lingkungan perguruan tinggi*, mliginipun ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, inggih mênikå kanggé nambah sêsêrêpan bab cårå anggènipun ngêcakakên ngèlmi *filologi* tumrapipun panalitèn *naskah* Jawi. Salajêngipun, isining *teks RBA* mênikå sagêd dipunginakakên kanggé nambah sêsêrêpan ngéngingi piwulang *moral* ingkang gayut kaliyan tumindakipun manungså dhumatêng Gusti, manungså dhatêng sêsaminipun, såhå manungså dhatêng piyambakipun.

C. Pamrayogi

Adhêdhasar panalitèn tumrapipun *teks RBA* ingkang sampun katindakakên, tamtu kémawon wontên pamrayoginipun. Wondéné pamrayoginipun panalitèn mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Panalitèn tumrapipun *teks RBA* mênikå taksih winatês ing panalitèn *filologi* såhå isining *teks RBA* kémawon, satêmah taksih prêlu dipuntaliti malih kanthi kajumbuhakên kaliyan bab båså, kasusastran, kabudayan, mênåpå déné bab sanèsipun.
2. Panalitèn *naskah-naskah* kinå, mliginipun *naskah-naskah* Jawi taksih prêlu dipuntaliti kanggé nglêstantunakên isining *naskah*. Sasanèsipun mênikå, ugi kanggé nglêstantunakên piwulang ingkang kawrat ing salêbêting *teks* supados sagêd kajumbuhakên ing pagêsangan masarakat jaman samênikå.

KAPUSTAKAN

A. *Naskah*

Kusmardiman, R. 1932. *Sêrat Dongèng Warni-warni. Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå *bagian Pernaskahan,* Nomêr *kodeks* PB C.91.

B. Puståkå saking Buku

Antunsuhono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawa.* Yogyakarta: Hien Hoo Sing.

Assayuthi, Imam Bashori. 1998. *Bimbingan Ibadah Shalat Lengkap.* Surabaya: Mitra Ummat.

Astiyanto, Heniy. 2012. *Filsafat Jawa Menggali Butir-butir Kearifan Lokal.* Yogyakarta: Warta Pustaka.

Balai Bahasa Yogyakarta. 2006. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Kanisius.

Baroroh-Baried, Siti, dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Behrend, T.E. 1990. *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Jilid 1 Museum Sonobudoyo Yogyakarta*. Yogyakarta: Penerbit Djambatan.

Behrend, T.E dan Titik Pudjiastuti. 1997a. *Katalog Induk Naskah-naskah Fakultas Sastra Universitas Indonesia Jilid 3-A.* Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.

-------. 1997b. *Katalog Induk Naskah-naskah Fakultas Sastra Universitas Indonesia Jilid 3-B.* Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.

Darusuprapta. 1984. "Beberapa Masalah Kebahasaan dalam Penelitian Naskah". *Widyaparwa.* Nomor 26, Oktober 1984. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

De Vos, H. 1987. *Pengantar Etika.* Yogyakarta: Tiara Wacana.

Djamaris, Edwar. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV Manasco.

Endraswara, Suwardi. 2009. *Folklor Jawa.* Yogyakarta: Sewon Press.

Endraswara, Suwardi. 2003. *Falsafah Hidup Orang Jawa.* Tangerang: Cakrawala.

Fathurahman, Oman. 2015. *Filologi Indonesia teori dan Metode.* Jakarta: Prenadamedia Group.

Floridina, Nancy K. 1993. *Javanese literature in Surakarta Manuscripts. Volume 1. Introduction and Manuscripts on the Karaton Surakarta.* New York: Southeast Asia Program, Cornel University Ithaca.

Girardet, Nikolaus. 1983. *Descriptive Catalogue of the Javanese Manuscripts and Printed Books in the Main Libraries of Surakarta and Yogyakarta.*Wiesbaden: Frans Steiner Verlag GMBH.

Hidayat, Mohamad Wahyu. 2016. *Kajian Filologi såhå Kawruh Sajatosing Gêsang wontên ing Sêrat Suluk Warni-warni.* Skripsi S1. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

Hurford, James R., dkk. 2007. *Semantics A Coursebook*. New York: Cambridge University Press.

Ismail, A. Ilyas. 2009. *Pilar-pilar Takwa Doktrin, Pemikiran, Hikmat, dan Pencerahan Spiritual.* Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.

Lindsay, Jennifer, R.M Soetanto, dan Alan Feinstein. 1994. *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara jilid 2 Kraton Yogyakarta*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.

Kaelan. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif Bidang Filsafat.* Yogyakarta: Paradigma.

Magnis-Suseno, Franz. 1997. *Javanese Ethics and World-View.* Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

-------. 1984. *Etika Jawa.* Jakarta: Gramedia.

Martani, Warih Sri. 2013. *Kajian Filologi såhå Ajaran Moral wontên Sêrat Dongèng Warni-warni.* Skripsi S1. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta.

Mulyana. 2005. *Kajian Wacana Teori, Metode & Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana.* Yogyakarta: Tiara Wacana.

Mulyani, Hesti. 2014. *Teori dan Metode Pengkajian Filologi*. Yogyakarta: Astungkãra Media.

Mulyani, Hesti. 2013. *Komprehensi Tulis.* Yogyakarta: Astungkãra Media.

-------. 2012. *Membaca Manuskrip Jawa.* Yogyakarta: Kanwa Publisher.

Pasha, Lukman. 2011. *Butir-butir Kearifan Jawa*. Yogyakarta: IN AzNa Books.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa.* Groningen, Batavia: J.B Wolters' Uitgevers-Maatschappij N.V.

Prihandani, Sus (Redaktur). 2016. *Berita Informasi Kepustakaan Katalog Koleksi Berhuruf Jawa Cetak*. Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan Balai Bahasa Daerah Istimewa Yogyakarta.

-------. 2015. *Berita Informasi Kepustakaan Katalog Naskah Manuskrip*. Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta.

Saktimulya, Sri Ratna. 2005. *Katalog Naskah-naskah Perpustakaan Pura Pakualaman*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.

Robson, S.O. 1994. *Prinsip-prinsip Filologi Indonesia*. Jakarta: RUL.

Suharsimi-Arikunto. 2000. *Manajemen Penelitian.* Jakarta: Rineka Cipta.

Sulastin-Sutrisno. 1981. *Relevansi Studi Filologi*. Pidato Pengukuhan Jabatan Guru Besar dalam Ilmu Filologi pada Fakultas Sastra dan Kebudayaan Universitas Gadjah Mada.

Suyami. 1996. *Pengembangan Model Kajian Naskah-naskah Jawa.* Makalah Sastra Jawa Timur.

Tim Pengembang Pedoman Bahasa Indonesia. 2016. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Indonesia*. Jakarta: Badan Pengembangan Pedoman Bahasa Indonesia.

Tim Penyusun. 2015. *Panduan Tugas Akhir*. Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Tim Redaksi Departemen Pendidikan Nasional. 2002. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.

Wibawa, Sutrisna. 2013. *Filsafat Moral Jawa Seh Amongraga dalam Serat Centhini (Sumbangannya bagi Pendidikan Karakter).* Yogyakarta: UNY Press.

Widyawati, Wiwien. 2012. *Etika Jawa Menggali Kebijakan dan Keutamaan demi Ketenteraman Hidup Lahir Batin.* Yogyakarta: Pura Pustaka Yogyakarta.

Widdowson. 1996. *Linguistics*. New York: Oxford University Press.

Wiryamartana, I Kuntara. 1990. *Arjunawiwaha: Transformasi Teks Jawa Kuna Lewat Tanggapan dan Penciptaan di Lingkungan Sastra Jawa.* Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

C. Puståkå saking *Internet*

Anonim. 2011. " Perilaku Ajaran Hasta Brata (Wahyu Makutha Rama)". http://budayaleluhur.blogspot.co.id/2011/12/perilaku-ajaran-hasta-brata-wahyu.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 14.17 WIB.

Anonim. 2012. "Keadilan dan Kebenaran". http://teacher-007.blogspot.co.id/2012/02/keadilan-dan-kebenaran.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 14.09 WIB.

Anonim. 2012. "Kegagalan Bukan akhir dari Segalanya". http://gokmat20.blogspot.co.id/2012/01/putus-asa.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 14.16 WIB.

Anonim. 2013. "Ciri-ciri Pemimpin yang Adil". http://insaaniyyah.blogspot.co.id/2013/05/ciri-ciri-pemimpin-yang-adil.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 14.12 WIB.

Anonim. 2016. "Manfaat Sholat Hajat, Keutamaan, dan Ringkasan Keajaibannya". http://doaniatsholat.blogspot.com/2016/04/manfaat-sholat-hajat-keutamaan-dan.html, kapêndhêt rikålå tanggal 14 Agustus 2017 tabuh 21.37 WIB.

Anonim. 2017. "+17 Akibat & Cara Menghilangkan Rasa Sombong-Kesombongan Adalah Kelemahan Terbesar". https://lasealwin.wordpress.com/2017/01/07/mengapa-tidak-boleh-sombong/, kapêndhêt rikålå tanggal 8 September 2017 tabuh 07.03 WIB.

Anonim. Tt. "Arti Qonah: Qonaah Adalah...". http://www.dorar.info/2014/06/arti-qonaah.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 14.42 WIB.

Anonim. Tt. "Belas Kasihan". https://id.wikipedia.org/wiki/Belas_kasihan, *kapêndhêt rikålå tanggal 28 Agustus 2017 tabuh 06.21 WIB.*

Anonim. Tt. "Etika Tolong-menolong Agar Tidak Menyakiti Orang Lain". http://ciputrauceo.net/blog/2016/2/4/etika-tolong-menolong-agar-tidak-menyakiti-orang-lain, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 10.53 WIB.

Anonim. Tt. “Hadist Ciri-ciri Orang Munafik”. http://duniabaca.com/hadits-ciri-ciri-orang-munafik.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 11.01 WIB.

Anonim. Tt. “Persamaan Kata dari Sewenang-wenang”. http://www.persamaankata.com/19951/sewenangwenang, kapêndhêt rikålå tanggal 8 September 2017 tabuh 00.25 WIB.

Anonim. Tt. “Tips Cara Agar Menjadi Pribadi yang Bertanggung Jawab”. http://plazaonly.blogspot.com/2016/05/tips-cara-agar-menjadi-pribadi-yang.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 11.07 WIB.

Bahraen, Raehanul. 2015. “Begini Nih Maksudnya Curhat Hanya Kepada Allah”. https://muslimafiyah.com/begini-nih-maksudnya-curhat-hanya-kepada-allah.html, kapêndhêt rikålå tanggal 15 Agustus 2017 tabuh 00.35 WIB.

Chimin. 2014. “Etiket Bertamu Jawa”. http://mistikindonesia.com/2014/12/13/etiket-bertamu-jawa.html, kapêndhêt rikålå 22 Agustus 2017 tabuh 12.12 WIB.

Dias, Anita Candra. 2014. “Apa Belas Kasihan Itu...”. https://nitadias.wordpress.com/2014/11/18/apa-belas-kasihan-itu/, kapêndhêt rikålå tanggal 28 Agustus 2017 tabuh 06.33 WIB.

Kisardjito. Tt. “Tinggal Gelanggang, Colong Playu”. https://nakulasahadewa.wordpress.com/2014/09/24/tinggal-gelanggang-colong-playu/amp/, kapêndhêt rikålå 27 Agustus 2017 tabuh 08.29 WIB.

Mumfangati, Titi. 2012. “Asthabrata: Figur pemimpin Ideal”. http://bpad.jogjaprov.go.id/article/site/view/id/466/t/asthabrata-figur-pemimpin-ideal, kapêndhêt rikålå tanggal 2 Oktober 2017 tabuh 12.08 WIB.

Musyamu. Tt. “Tinjauan dan Bahasan Materi tentang Asy-Syaja’ah (Keberanian)”. http://ildenabineri.blogspot.co.id/2015/05/tinjauan-dan-bahasan-materi-tentang-asy.html, kapêndhêt rikålå tanggal 22 Agustus 2017 tabuh 14.27 WIB.

Purdana. 2011. “Astha Brata, Delapan Sifat Kepemimpinan Menurut Hindu”. https://www.kaskus.co.id/thread/5140f5507d1243844e000000/astha-brata-delapan-sifat-kepemimpinan-menurut-hindu/, kapêndhêt rikålå tanggal 2 Oktober 2017 tabuh 21.13 WIB.

Purnama, Yulian. 2017. “Jadilah Hamba Allah yang Bersyukur”. https://muslim.or.id/30031-jadilah-hamba-allah-yang-bersyukur.html, kapêndhêt rikålå tanggal 14 Agustus 2017 tabuh 22.20 WIB.

Puspitasari, Ririn. "Penyalahgunaan Wewenang". http://ririnpuspitasarifr.blogspot.co.id/2014/10/penyalahgunaan-wewenang.html, kapêndhêt rikålå 22 Agustus 2017 tabuh 12.46 WIB.

Sahaja, Bambang. 2001. "Ayat-ayat Tentang Ibadah". http://majelispenulis.blogspot.co.id/2011/04/ayat-ayat-tentang-ibadah.html, kapêndhêt rikålå tanggal 1 Agustus 2017 tabuh 11.17 WIB.

Wahid, Abdul. 2016. "Sombong dan Efek Negatif dalam Kehidupan". https://portal-ilmu.com/sombong-dan-efek-negatifnya-dalam-kehidupan/, kapêndhêt rikålå tanggal 8 September 2017 tabuh 07.01 WIB.

Za, Fadhil. 2014. "Berdzikir Mengingat Allah Setiap Saat". http://www.fadhilza.com/2014/01/kekuatan-dzikir-dan-doa/berdzikir-mengingat-allah-setiap-saat.html, kapêndhêt rikålå tanggal 20 Agustus 2017 tabuh 16.32 WIB.

D. *Aplikasi* HP

Tim Penyusun. Tt. "Aplikasi Android-Al-Quran Terjemahan Bahasa Indonesia, Latin, Tafsir Al Jalalain, Jadwal Sholat". andiunpam@gmail.com, kapêndhêt rikålå tanggal 25 November 2016 tabuh 12.05 WIB.

Tim Penyusun. Tt. "Aplikasi Android-Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Kelima (KBBI V)". badan.bahasa@kemdikbud.go.id, kapêndhêt rikålå tanggal 7 Januari 2017 tabuh 09.10 WIB.

LAMPIRAN 1

NASKAH* CARIK *SÊRAT DONGÈNG WARNI-WARNI

TEKS RATU INGKANG BOTÊN ADIL

NOMÊR *KODEKS* PB. C. 91

KASIMPÊN ING *PERPUSTAKAAN* MUSÉUM SÅNÅBUDÅYÅ

YOGYAKARTA



22 FEBRUARI 1932.

هذا بصآئر للناس وهدي ورحمة لقوم يوقنون (الجاثيه: ٢١)

„HOEDAJA"

فمن تبع هداي فلا خوف عليهم ولاهم يحزنون (البقره: ٣٨)

4

C. 91



Serat dongèng warni-warni.

Isi tjarijos:

1. Ratoe ingkang boten adil, wiwit blz. 1 t/m 29.
2. Tijang mlarat ingkang tansah seneng manahipoen, wiwit blz. 30 t/m 87.
3. Tijang èstri ingkang setya toehoe dateng bodjonipoen, blz. 88 t/m 134.

Noewoen, serat dongèng poenika ing ngriki dèrèng wonten, wasana moegi andadosna ing kaoeningan.


P. B. C. 91
met karte inhoud























Peroesahaän tenoen Loerik „MELATI"

Keprabon 143 — 145 — 147. S O L O.

„MARDI KINTAKA"

KAOEMAN - SOLO.

LAMPIRAN 2

TRANSKRIPSI* KANTHI *METODE TRANSKRIPSI DIPLOMATIK

SÊRAT DONGÈNG WARNI-WARNI

TEKS RATU INGKANG BOTÊN ADIL

NOMÊR *KODEKS* PB. C. 91

KASIMPÊN ING *PERPUSTAKAAN* MUSÉUM SÅNÅBUDÅYÅ

YOGYAKARTA

i

C. 91

K.

Serat dongèng wami-warni.

Isi tjarijos:

1. Ratoe ingkang boten adil, wiwit blz. 1 t/m 29.

2. Tiyang mlarat ingkang tansah seneng
manahipoen, wiwit blz. 30 t/m 87.

3. Tiyang èstri ingkang setya toehoe
dateng bodjonipoen, blz. 88 t/m 134.

Noewoen, serat dongèng poenika ing ngriki dèrèng wonten, wasana maegi andadosna ing kaoeningan.

P.B.C. 91

[illegible] *met harte inhoud*

[illegible]

[illegible]

[illegible]

I [illegible] :1:

II [illegible] :30:

III [illegible] :88:











































LAMPIRAN 3

SURAT IZIN PENELITIAN

KEMENTERIAN RISET, TEKNOLOGI, DAN PENDIDIKAN TINGGI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
Jalan Colombo No.1 Yogyakarta 55281 ☎ (0274) 550843, 548207; Fax. (0274) 548207
Laman: fbs.uny.ac.id; e-mail: fbs@uny.ac.id

FRM/FBS/33-01
10 Jan 2011

Nomor : 572/UN.34.12/DT/VI/2017
Lampiran : 1 Berkas Proposal
Hal : **Permohonan Izin Penelitian**

Yogyakarta, 13 Juni 2017

Yth. Gubernur Daerah Istimewa
Yogyakarta
c.q. Kepala Badan Kesbangpol DIY
Jl. Jenderal Sudirman No. 5 Yogyakarta
55231

Kami beritahukan dengan hormat bahwa mahasiswa dari Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta bermaksud mengadakan **Penelitian** untuk memperoleh data guna menyusun Skripsi dengan judul:

KAJIAN FILOLOGI SAHA PIWULANG MORAL WONTEN TEKS RATU INGKANG BOTEN ADIL

Mahasiswa dimaksud adalah

Nama	: TITIK AYUNINGSIH
NIM	: 13205241007
Jurusan/Program Studi	: Pendidikan Bahasa Jawa
Waktu Pelaksanaan	: Juli 2017
Lokasi	: Perpustakaan Museum Sanabudaya Yogyakarta

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon izin dan bantuan seperlunya.

Atas izin dan kerjasama Bapak/Ibu, kami sampaikan terima kasih.

a.n. Dekan
Kasubag Pendidikan FBS,

Wakidi, S.Pd.
NIP19721110 200701 1 003

Tembusan:
- Kepala Perpustakaan Museum Sanabudaya Yogyakarta

PEMERINTAH DAERAH DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
BADAN KESATUAN BANGSA DAN POLITIK
Jl. Jenderal Sudirman No 5 Yogyakarta – 55233
Telepon : (0274) 551136, 551275, Fax (0274) 551137

Yogyakarta, 14 Juni 2017

Kepada Yth. :

Kepala Dinas Kebudayaan
Daerah Istimewa Yogyakarta
Di
YOGYAKARTA

Nomor : 074/6053/Kesbangpol/2017
Perihal : Rekomendasi Penelitian

Memperhatikan surat :

Dari	:	Dekan Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta
Nomor	:	572/UN.34.12/DT/VI/2017
Tanggal	:	13 Juni 2017
Perihal	:	Permohonan Izin Penelitian

Setelah mempelajari surat permohonan dan proposal yang diajukan, maka dapat diberikan surat rekomendasi tidak keberatan untuk melaksanakan riset/penelitian dalam rangka penyusunan Penelitian Skripsi dengan judul proposal: "***KAJIAN FILOLOGI SAHA PIWULANG MORAL WONTÊN TEKS RATU INGKANG BOTÊN ADIL***" kepada :

Nama	:	TITIK AYUNINGSIH
NIM	:	13205241007
No. HP/Identitas	:	085856124556 / 3518144404940002
Prodi/Jurusan	:	Pendidikan Bahasa Jawa/ Pendidikan Bahasa Daerah
Fakultas/PT	:	Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta
Lokasi Penelitian	:	Perpustakaan Museum Sonobudoyo, Kota Yogyakarta, DIY
Waktu Penelitian	:	5 Juli 2017 s.d. 31 Juli 2017

Sehubungan dengan maksud tersebut, diharapkan agar pihak yang terkait dapat memberikan bantuan / fasilitas yang dibutuhkan.

Kepada yang bersangkutan diwajibkan :

1. Menghormati dan mentaati peraturan dan tata tertib yang berlaku di wilayah riset/penelitian;
2. Tidak dibenarkan melakukan riset/penelitian yang tidak sesuai atau tidak ada kaitannya dengan judul riset/penelitian dimaksud;
3. Menyerahkan hasil riset/penelitian kepada Badan Kesbangpol DIY.
4. Surat rekomendasi ini dapat diperpanjang maksimal 2 (dua) kali dengan menunjukkan surat rekomendasi sebelumnya, paling lambat 7 (tujuh) hari kerja sebelum berakhirnya surat rekomendasi ini.

Rekomendasi Izin Riset/Penelitian ini dinyatakan tidak berlaku, apabila ternyata pemegang tidak mentaati ketentuan tersebut di atas.

Demikian untuk menjadikan maklum.

KEPALA
BADAN KESBANGPOL DIY

AGUNG SUPRIYONO, SH
NIP. 19601026 199203 1 004

Tembusan disampaikan Kepada Yth :
1. Gubernur DIY (sebagai laporan)
2. Dekan Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta
3. Yang bersangkutan.

PEMERINTAH DAERAH DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
DINAS KEBUDAYAAN
UPTD MUSEUM NEGERI SONOBUDOYO
Jalan Pangurakan/Trikora No. 6, Telp/Faks. (0274) 385664 Yogyakarta 55122

Nomor : 070/0159/
Lamp. : -
Hal : Rekomendasi Penelitian

Yogyakarta, 19 Juni 2017

Kepada :
Yth.
Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta
di-
Yogyakarta

Dengan hormat, menindak lanjuti surat Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta Nomor : 074/6053/Kesbangpol/2017 tertangggal 14 Juni 2017, perihal seperti tersebut pada pokok surat, dengan ini kami sampaikan bahwa pada prinsipnya kami mengijinkan mahasiswa tersebut di bawah ini :

No.	Nama Koordinator	NIM	Prodi/Jurusan
1.	Titik Ayuningsih	13205241007	Pendidikan Bahasa Jawa/Pendidikan Bahasa Daerah

untuk melakukan Riset/Penelitian/Skripsi dalam rangka penyusunan penelitian dengan judul proposal "KAJIAN FILOLOGI SAHA PIWULANG MORAL WONTEN TEKS RATU INGKANG BOTEN ADIL" di Museum Negeri Sonobudoyo, pada tanggal 5 Juli 2017 s.d. 31 Juli 2017, dengan ketentuan :

1. Menaati Peraturan yang berlaku di Museum Negeri Sonobudoyo.
2. Wajib menjaga tata tertib, keamanan dan kebersihan di Museum Negeri Sonobudoyo.
3. Setelah selesai melaksanakan kegiatan, wajib menyerahkan 1 berkas Riset/ Penelitian/Skripsi hasil pelaksanaan ke Museum Negeri Sonobudoyo.

Demikian atas perhatiannya di ucapkan terima kasih.

PLT Kepala

ERLINA HIDAYATI SUMARDI, S.I.P., M.M.
NIP. 19671219 199803 2 002

Tembusan :
1. Kepala Dinas Kebudayaan (sebagai laporan)
2. Mahasiswa yang bersangkutan